ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# РУХСТАУÆГ

## 2 (2012)

Дзæуджыхъæу 2012

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хабæты Риммæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ***

© СО РИПКРО, 2012
©ИПК «Литера», 2012

НОМЫРЫ ИС:

## РÆСТВÆНДАГ У, «РУХСТАУÆГ»!

ЖУРНАЛ «РУХСТАУÆГ»-ы ПРЕЗЕНТАЦИ ........ 8

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ ...

МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ КОНКУРС ........ 10

**Гасанты Валерий**

ÆРЫГОН АХУЫРГÆНÆДЖЫ ÆНТЫСТЫТÆ ........ 13

ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН АХУЫРГÆНДЖЫТЫ НОГ ФЕМБÆЛД ........ 15

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

**Куыдзойты Анжелæ**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ СИНТАКСИСОН НОРМÆТЫ ТЫХХÆЙ ........ 17

**Хъантемыраты Римæ, Джиоты Замирæ**

«МÆ КЪАБАЗ ... ФÆСДЕНДЖЫЗ РИССЫ» (ИРОН ЛИТЕРАТУРÆ ФÆСАРÆНТЫ) ........ 20

**Санаты Ритæ**

ВАЗЫГДЖЫН ХЪУЫДЫЙАД АХУЫР КÆНЫНЫ СÆЙРАГДÆР МЕТОДИКОН МАДЗÆЛТТÆ ........ 25

**Валиева Т. И.**

ГЛАВНЫЕ ЧЕРТЫ ИДЕАЛА ЧЕЛОВЕЧЕСКОЙ ЛИЧНОСТИ В ЭТИКЕ И ЭСТЕТИКЕ АРСЕНА КОЦОЕВА ........ 28

**Асаты Наталья, Цхуырбаты Наталья**

ХÆХХОН СЫЛГОЙМАДЖЫ ХЪЫСМÆТ ЦÆГОЛТЫ ГЕОРГИЙЫ СФÆЛДЫСТАДЫ ........ 32

**Сидахъаты Анжелæ**

УАРЗОНДЗИНАДЫ ТЕМÆ ИРОН АДÆМОН СФÆЛДЫСТАДЫ ........ 37

## СЕМИНАРТӔ ӔМӔ ГОМ УРОКТӔ

**Гаппуаты Фатимӕ**

ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 5-ӕм КЪЛАСЫ «ФЫДЫБӔСТӔ! ДӔУӔЙ ЗЫНАРГЪДӔР, АДДЖЫНДӔР НӔ УЫДИС ӔМӔ НӔЙ...» (ХЪУЫДЫЙАДЫ ӔМХУЫЗОН УӔНГТӔ) ........ 39

**Хлойты Лейлӕ**

ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙЫ УРОК 5-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «ЗОНДӔН ЙЕ 'ВДИСӔН –ӔВЗАГ» (ХЕТӔГКАТЫ КЪОСТАЙЫ «ЛӔСКЪДЗӔРӔН»-мӕ ГӔСГӔ) ........ 43

**Фардзинты Кларӕ**

ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 8-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «ЗЫМӔГ ХЪАЛ ЧЫЗГАУ ЙӔ БАЗЫЛ УРС ЗӔЛДАГ ДЗЫККУТӔ ФАСТА» (ХЪУЫДЫЙАДЫ ФӔРССАГ УӔНГТӔ) ........ 48

**Дзебысаты Мзия**

ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙЫ УРОК 10-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «ӔЗ ЦАРД АФТӔ ӔМБАРЫН...» (МАМСЫРАТЫ ДӔБЕЙЫ РАДЗЫРДТӔ «АУУОН» ӔМӔ «ФӔСМОН»-мӕ ГӔСГӔ) ........ 51

**Гӕджиты Лианӕ**

ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 5-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «МӔ УАРЗОН ИРЫСТОН». ГРАММАТИКОН ТЕМӔ: «ХУЫМӔТӔГ ЦЫБЫР ӔМӔ ДАРГЪ ХЪУЫДЫЙӔДТӔ» ........ 56

**Гӕззаты Иринӕ**

ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 6-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «НЫВМӔ ГӔСГӔ КУЫСТ» (Ф.П. РЕШЕТНИКОВЫ НЫВ «НОГӔЙ ТА ДЫУУӔ!») ........ 60

**Саухалты Валентинӕ**

ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 8-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «ИУВӔРСЫГ ХЪУЫДЫЙӔДТӔ КЪОСТАЙЫ СФӔЛДЫСТАДЫ» (РАЦЫД ӔРМӔГ ФӔЛХАТ КӔНЫНЫ УРОК) ........ 63

## ИРОН ӔВЗАГ РАЙДАЙӔН СКЪОЛАЙЫ

**Хуыгаты Жаннӕ**

КӔСЫНЫ УРОК 2-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «НӔ ХӔЛАР ЦӔРӔГОЙТӔЙ ЧИ КУЫД ЦӔРЫ?» (ТАУРӔГЪ «ӔЗ ДӔН...»-мӕ ГӔСГӔ) ........ 66

**Битарты Рая**

КӔСЫНЫ УРОК 4-ӕм КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМӔ: «ИРОН АДӔМОН ДЗУРГӔ СФӔЛДЫСТАД» ........ 69

**Майрӕмыхъуаты Фатимӕ**

ГРАММАТИКОН ХЪӔЗТЫТӔ РАЙДАЙӔН СКЪОЛАЙЫ ........ 73

## КАФЕДРÆ ЮНЕСКО – СКЪОЛАЙÆН

**Корнаева З. В.**

ПОЛИКУЛЬТУРНАЯ ОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ МОДЕЛЬ КАК ОСНОВА ФОРМИРОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ГРАЖДАНСКОЙ ИДЕНТИЧНОСТИ УЧАЩИХСЯ НАЧАЛЬНОЙ ШКОЛЫ .......... 77

## ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

**Калоты Тамарæ**

ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆМ .......... 86

## МАХ СТÆМ НОГ ФÆЛТÆР ...

**Самты Дианæ, Бететы Фатимæ, Джиоты Замирæ, Цоколаты Екатеринæ**

ÆМДЗÆВГÆТÆ .......... 91

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

**Лохты Ритæ**

ИНТЕЛЛЕКТУАЛОН ХЪАЗТ «ЗОНДАБИТÆ» 5-æм КЪЛÆСТЫ АХУЫРДЗАУТЫ 'ХСÆН .......... 94

**Елдзарты Нателæ**

ВИКТОРИНÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙÆ (АРÆЗТ У ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ РАВДЫСТ «СВОЯ ИГРА»-мæ ГÆСГÆ) .......... 98

**Гугкаты-Томайты Зæлинæ, Солтанты Джульетæ**

ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙÆ (8-æм КЪЛАС) .......... 103



## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!

*Журналы фыццаг номыр куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ рацыд фондз азы. Æмæ кæд журналæн бирæ номыртæ нæй, уæддæр ын йæ алы къахдзæфыл дæр тынг бацин кæнынц нæ интеллигенцийы минæвæрттæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ.*

*Журналы ном у «Рухстауæг». Журнал аразджытæ дзы æрæмысыдысты фыццаг рухстауджытæ Æгъуызаты Иуане, Колыты Аксо, Æмбалты Цоцкойы нæмттæ, цæмæй ирон æвзаг, ирон ахуырады фарстатыл удуæлдай фæллой чи кодта, уыдоны фарн æмæ зонддзын хъуыдыты тæфаг дарддæр дæр цæра.*

*Фондз азы дæргъы журнал кæны фарны хъуыддаг – ирон æвзаг æмæ литературæйы теори æмæ методикæйы ног æнтыстытæ хæццæ кæны скъолайы ахуыргæнджытæм. Ацы хъуыддаджы нæ фарсмæ æрбалæууыдысты ЦИПУ-йы ирон филологийы æмæ педагогон факультетты ахуыргæнджытæ. Журналы фæрстыл нæ зындгонд ахуыргæндты фарсмæ мыхуыргонд цæуынц скъолаты ахуыргæнджыты æрмæджытæ. Афтæмæй журнал фæндаг скодта ахуыргæндтæй ахуыргæнджытæм, сæ бастдзинад кæны тыхджынæй – тыхджындæр.*

*«Рухстауæг» нæ рох кæны, йæ цард скъолаимæ чи сбаста, æмæ бирæ азты дæргъы скъолайы удуæлдай фæллой чи фæкодта, уыцы фæлтæрдджын ахуыргæнджыты. Бæдтиаты Зоя, Æрчъеккаты Зарæ, Къарджиаты Заретæ, Джелыты Зинæ, Æлборты Нинæ. Ацы ахуыргæнджытæ иууылдæр махæн сты фæзминаг, сæ фæлтæрддзинад – парахат кæнинаг.*

*Журнал архайы ацы ахуыргæнджыты фæлтæрддзинад кæстæртæм хæццæ кæныныл.*

*Бирæ хæлæрттæ ис «Рухстауæг»-æн. Се ’ппæт дæр ын цæстуарзонæй лæвар кæнынц се ’рмæджытæ. Зæгъæм сын стыр бузныг.*



*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***

## ЖУРНАЛ «РУХСТАУÆГ»-ÆН

*Рухстауæг дæ ахуырадæн хурау,*
*Фондзаздзыд, хæрзæрыгон журнал!*
*Тауыс ды дæ зонды фарн æнæвгъау,*
*Нæй дæ цыт, дæ фæллойæн æмбал.*

*Ды дæ кар нæ нымайыс дæ азтæй,*
*Барыс æй дæ рухстауæг куыстæй.*
*Ахуырадыл аудыс рæстудæй,*
*Де стыр хуымы иу мæнг мыггаг нæй.*

*Фыст дæ уды дунейы истори,*
*Ацы рухс бон, цæй, дæ къух æри!*
*Ракæнæм дæ фæллойæн мах арфæ,*
*Зара дын дыууадæстæнон арфæ.*

*Ахуыргæнæг сыстдзæни дæ номæн,*
*Нал уыдзæн йæ арфæтæн фæуæн.*
*Уæд дæ фидæн абонæй фæрныгдæр,*
*Ахуырады, рухс зæдау, фæцæр!*

***Хабæты-Гæджынаты***
***Риммæ***

# РÆСТВÆНДАГ У, «РУХСТАУÆГ»!

## ЖУРНАЛ «РУХСТАУÆГ»-ы ПРЕЗЕНТАЦИ

Ахæм сæргондимæ 2012 азы, фæззæджы, журнал «Рухстауæг»-ы номыл арæзт æрцыд бæрæгбон-фембæлд.

Фембæлд арæзт æрцыд Фæсивæдон библиотекæйы кусæг Царахаты Ритæ æмæ Телерадиокомпани «Алания»-йы уацхæссæг Гасанты Валерийы хъæппæрисæй.

Журналы фыццаг номыр райдайы профессор Гуыриаты Тамерланы ныстуанæй. Ахуыргонд стыр аргъ скодта журналы фæзындæн.

«Нæ интеллигенцийы минæвæрттæ, уæлдайдæр та ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ, бирæ азты цæмæ бæллыдыстæм, уыцы хорздзинад ныл сæмбæлди – мыхуыры цæуын райдыдта ног журнал «Рухстауæг».

«Рухстауæг» уыдзæн, Ирыстоны ахуыргæнджытæн куысты фæндæгтæ чи амондзæн, разæнгард сæ чи кæндзæн, ахæм оргæн».

Филологон наукæты кандидат, ЦИПУ-йы райдайæн национ ахуырады кафедрæйы сæргълæууæг Джусойты Клавдия, журналы фæзындыл цин кæнгæйæ, фыста: «Журнал «Рухстауæг» хъуамæ суа ирон методикæйы артдзæст. Уадз «Рухстауæг»-мæ разынæд хур æмæ рухсы тых, сæ ахадындзинад куыд тыхджын у,






афтæ ахадгæ куыд рауайа журналы куыст. Иры ахуыргæнджытæн, Æрфæны фæдау, фæндагамонæг куыд уа».

Нæ ахуыргæндты фарны ныхæстæ сæмбæлдысты журналыл. Абон «Рустауæг» у ирон æвзаджы ахуыргæнджыты уарзондæр мыхуыры оргæн. Хорз хæлары фæзындмæ бæллæгау ын æнхъæлмæ фæкæсынц йæ алы рацыдмæ.

Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ! Уырны нæ, журналыл уæ зæрдæ кæй нæ сивдзыстут.



# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ КОНКУРС

Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хъæппæрисæй æрвылаз ахуыргæнджыты ’хсæн арæзт цæуы «Методикон æвæрæнты конкурс».

Конкурсы архайыны бар ис, йæ куыстмæ архайджытæ уыдысты:

1. Адеты Фатимæ, Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнæг;
2. Æлборты Мераб, Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг;
3. Мæрзаты Зæлинæ, Дигорайы 2-æм скъолайы ахуыргæнæг;
4. Фардзинты Кларæ, Алагиры 2-æм скъолайы ахуыргæнæг.



Сæ методикон æвæрæнтæ конкурсмæ æрбахастой Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнджыты къорд: Гæззаты Иринæ, Бибайты Мæдинæ æмæ Цæллагкаты Светланæ; Елхоты 1-æм скъолайы методиугонды уæнгтæ: Гæззаты Ритæ, Хъуылымбегты Зæлинæ



сфæлдыстадон цæстæй чи кæсы, æмæ афтæмæй ахуыртæ цымыдисондæр æмæ хъæздыгдæр кæнынæн йæхæдæг алыхуызон методикон æрмæджытæ чи цæттæ кæны, уыцы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн.

Конкурсы архайæн ис, куыд хицæн ахуыргæнджытæн, афтæ ахуыргæнджыты методикон иугондты къордтæн дæр.

2012 азы ацы конкурсы



уагæвæрдимæ æмæ æрбадæттут уæ курдиæттæ.

**«Методикон æвæрæнты конкурс»-ы УАГÆВÆРД**

***I. Иумæйагæй конкурсы тыххæй***

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты методикон æвæрæнты конкурс расидт Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институт, ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæ.

Конкурс арæзт цæуы уалдзыгон курсыты рæстæг.



æмæ Хъуысаты Ларисæ.

Конкурс рауадис тынг мидисджын. Жюрийы уæнгтæ æмæ йæм цы ахуыргæнджытæ бакастысты, уыдон иууылдæр æхсызгонæй базонгæ сты конкурсы архайджыты æрмæджытимæ.

2012 азы «Методикон æвæрæнты конкурс»-ы ахуыргæнджыты ’хсæн уæлахиздзауæй нымад æрцыд Алагиры 2-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Фардзинты Ларæ***, методиугондты ’хсæн та – Елхоты 1-æм скъолайы ахуыргæнджыты къорд ***Гæззаты Ритæ, Хъуылымбегты Зæлинæ*** æмæ ***Хъуысаты Ларисæ***.

Жюрийы уæнгтæ уæлдай арфæ ракодтой Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнджытæн. Уыдон æппæт æркастыты дæр вæййынц раззæгты ’хсæн. Се сфæлдыстад цæстуарзонæй лæвар кæнынц республикæйы ахуыргæнджытæн, сæ ахадгæ куысты хуызтæй сын парахатæй пайда кæнынц бирæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ.

Конкурсы архайджытæн се ’ппæтæн дæр лæвæрд æрцыдысты дипломтæ æмæ кады гæххæттытæ.

Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ! 2013 азы «Методикон æвæрæнты конкурс» уыдзæн апрелы мæйы. Базонгæ ут йæ

Методикон æвæрæнты конкурсы архайынц республикæйы скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ.

Конкурсмæ бадæттæн ис, ирон æвзаг, литературæ æмæ традицион культурæйы программон темæтæ бацамонынæн, ацы предметтæ ахуырдзаутæн бауарзын кæнынæн хорз æххуыс чи у, ахæм ахуырадон-хъомыладон æрмæджытæ.

Æрмæджытæ бацæттæгæнæн ис, куыд электрон хуызы, афтæ мыхуыргондæй (кæнæ нывгондæй) дæр.

***II. Конкурсы нысан æмæ хæстæ:***

– фæрæвдздæр кæнын ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты профессионалон цæттæдзинад;

– сбæрæг кæнын, сфæлдыстадон куыст чи кæны, уыцы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты;

– равдисын, ахуырты рæстæг информацион технологитæй куыд пайда кæнæн ис, уый;

– рапарахат кæнын, ахадгæдæр куысты хуызтæй чи пайда кæны, уыцы ахуыргæнджыты фæлтæрддзинад;

– ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыртæ фæхъæздыгдæр кæнын ног ахуырадон æрмæджытæй.

***III. Конкурсон æрмæджытæ***

Конкурсмæ бадæттæн ис:

– авторон ахуырадон программæтæ (компьютерон ахуырадон программæтæ дæр);

– хи цæттæгонд урокты системæ (кæнæ хицæн уроктæ);

– программон темæтæм гæсгæ цæттæгонд дидактикон æрмæджытæ (презентацитæ дæр);

– ирон æвзаг æмæ литературæйы программон темæтæм гæсгæ арæзт тестытæ (компьютерон тестытæ дæр);

– хицæн темæтæ бацамонынæн æххуыс чи у, ахæм цæстуынгæ æрмæджытæ (куыд электрон хуызы, афтæ райуаргæ хуызы дæр);

– наукон-иртасæн куыстытæ (уацхъуыд, эксперименталон куысты хуызтæ æмæ æнд.);

– аннимацион ахуырадон æрмæджытæ (дзырдбыдтæ, ребустæ, хъæзтытæ æмæ æнд.);

– мультимедион презентацитæ;

– видеоæрмæджытæ;

– грамматикон хъæзтытæ;

– элективон курсыты æрмæджытæ (программæтæ, методикон амындтытæ, ахуырты конспекттæ, презентацитæ æмæ æнд.);

– фæсурокты куысты хуызтæ: викторинæтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ, кружокты куысты пълантæ æмæ ахуыртæ, олимпиадон хæслæвæрдтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ;

– хъомыладон куыстыты сценаритæ сæ презентацитимæ.

2. Æрмæджытæ хъуамæ арæзт уой конкурсы домæнтæм гæсгæ.

3. Методикон æвæрæны æрмæджытæ хъуамæ уой:

– ног цымыдисаг ахуырадон фæрæз;

– нырыккон технологиты бындурыл арæзт;

– методикон æгъдауæй цымыдисаг;

– æргом кæной ахуыргæнæгæн йæхи сфæлдыстадон гæнæнтæ.

*4. Методикон æвæрæны æрмæджытæ бадæттын хъæуы, ахуырты рæстæг сæ кæд æмæ куыд пайда кæнын хъæуы, уый æрфыстимæ.*

***IV. Конкурсы цыд:***

1. Конкурсы архайыны тыххæй разыдзинады æвдисæндар (заявка) æмæ конкурсон æрмæджытæ бадæттæн ис ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæмæ.

2. Конкурсы жюрийы уæнгтæ сты институты кусджытæ æмæ фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ.

3. Методикон æвæрæнты конкурсы домæнтæм гæсгæ, ахуыргæнæг хъуамæ радзура (равдиса), конкурсмæ цы методикон æвæрæн балæвæрдта, уымæй ахуырты рæстæг куыд пайдагæнæн ис, æмæ йæ ахуырадон ахадындзинад цас у, уый тыххæй.

Алы архайæгæн дæр йæ методикон æвæрæны мидис жюрийы раз раргом кæнынæн лæвæрд цæудзæн 15 минуты онг.

4. Жюрийы уæнгтæ методикон æвæрæнæн аргъ кæндзысты, канд йæ мидисмæ гæсгæ нæ, фæлæ ма йын автор йæ ахадындзинад куыд æмбарын кæны, уымæ гæсгæ дæр.

***V. Конкурсы фæстиуджытæ***

1. Методикон æрмæджытæн аргъгонд цæудзæн хицæн номинацитæм гæсгæ. Номинациты хуызтæ бæлвырдгонд æрцæудзысты, конкурсы фæстиуджытæ хынцгæйæ.

2. Конкурсы хуыздæр архайджытæ

хорзæхгонд æрцæудзысты Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты кады гæххæттытæй (дипломтæй).

3. Конкурсы æрмæджытæ мыхуыргонд æрцæудзысты интернеты, Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты сайты, ахуырадон æрмæджыты æмбырдгонды кæнæ наукон-методикон журнал «Рухстауæджы».

***Гасанты Валерий,***
***телерадиокомпани***
***«Алания»-йы уацхæссæг***

## ÆРЫГОН АХУЫРГÆНÆДЖЫ ÆНТЫСТЫТÆ

Царды стырдæр хорзæхтæй Хуыцау адæймагæн цы радта, уый у мадæлон æвзаг. Уымæ уарзты æнкъарæн лæг рахæссы йæ чысылæй, йæ ад ын банкъары йæ мады æхсыры æртахимæ, авдæны зарæджы æхцон зæлтимæ. Уыцы уаз æнкъарæнтыл фылдæр хъомыс æфтауæг вæййы ахуыргæнæг. Уый фыдæлты æнусон хæзнайыл цас зæрдиагдæрæй ауда, уыйас æй тынгдæр бауарзын кæндзæн сабитæн. Уыцы куыст æнцон нæу. Домы стыр фæразондзинад æмæ ахуыргæнæджы дæсныйадмæ бæрнон ахаст. Гъе ахæм рæсугъд æнкъарæнтæй, сфæлдыстадон цæхæрæй дзаг у æрыгон ахуыргæнæг ***Къораты Жаннæйы*** зæрдæ. Кæд Дзæуджыхъæуы 27-æм астæуккаг скъолайы дыууæ азы йеддæмæ нæма кусы, уæддæр хорз арæхсы сабиты миддунейы æууæлтæ раргом кæнынмæ, сæ зæрдæтæм фæндаг ссарынмæ.

Жаннæ ирон æвзагмæ уарзт æмæ фыдæлты æгъдæуттæн аргъ кæныны хъомыс рахаста йæ ныййарджытæй. Хъомыл кодта, рæстаг удвæллойæн стыр аргъ кæм кодтой, ахæм хæдзары. Уæдæ скъолайы дæр уыд фæзминаг йе 'гъдауæй, хорз ахуырæй æмæ сфæлдыстадон куыстмæ тырнындзинадæй. Дзæуджыхъæуы кæнæ республикæйы ирон æвзаг æмæ литературæимæ баст конкурсты æмæ олимпиадæты Жаннæ ма архайдтаид æмæ дзы уæлахиздзау ма суыдаид, уый никуы уыд. Уыцы равгимæ йæ размæ æвæрд хæстæ æххæст кодта Сывæллæтты æмæ фæсивæды сфæлдыстады галуаны литературон иугонд «Малусæджы» уæнг уæвгæйæ дæр. Ам дæр йе 'рмдзæф, йе 'мгæртты æхсæн уæлдай бæрæг дардта. Йæ радзырдтæ æмæ уацтæ йын æхсызгонæй мыхуыр кодтой газетты «Ныхас», «Рæстдзинад», «Чемпион-Ир» æмæ журнал «Ногдзау»-ы. Уæдæ телеравдыст «Эрассик»-ы уацхæссæг уæвгæйæ, сфæлдыстады фыццаг къахдзæфтæ чи кодта, наукæйы йæ зонд чи фæлвæрдта, уыцы фæсивæдыл цы æрмæджытæ скодта, уыдонмæ профессионалон æгъдауæй, мидисæй фау æрхæссæн нæ уыд.

Жаннæйæ фидæны хорз ахуыргæнæг кæй рауайдзæн, уый рагацау зыдтой йæ ныййарджытæ, стæй абон стыр бузныг кæмæй у, уыдон: Цæгат Ирыстоны сгуыхт ахуыргæнджытæ Зæгæлаты Зинæ æмæ Сæлбиты Иринæ.

Къораты уæздан чызгæн дæсныйад æвзарæн рæстæг куы ралæууыд, уæд æнæдызæрдыгæй бацыд Цæгат

Ирыстоны паддзахадон университеты ирон филологийы факультетмæ. Ам йæ авналæнтæ ахуырадон æмæ сфæлдыстадон хуызы дзæвгар фæуæрæхдæр сты. Жаннæ ам дæр йæ хъарутыл нæ ауæрста. Куыста йæхиуыл. Кодта зонадон æмæ æхсæнадон куыст. Факультеты разамынд дæр ын йæ биноныг ахаст æнкъардтой æмæ йын йе 'нтыстытыл цин кодтой. 2009-æм азы Жаннæ ссис Абайты Васойы номыл республикон стипендийы лауреат. Уымæй размæ та Ирон дзырдаивады республикон æркасты уæлахиздзау (2007-æм аз). Уæдæ фæсивæдон театр-студи «Амыран»-ы дæр йе сфæлдыстадон хъару иттæг хорз бахсыст. Æмæ кæд абон ахуыргæнæг у, уæддæр ыл йæ зæрдæ нæ ивы.

Йæ дæсныйады фыццаг къахдзæфтæ Жаннæ кæны Дзæуджыхъæуы Кучиты Юрийы номыл 27-æм астæуккаг скъолайы. Кæд дзы нырма бирæ рæстæг нæ кусы, уæддæр йæ зæрдæйы ахастæй æмæ арф зонындзинæдтæй йæхи бауарзын кодта ахуыргæнджытæн æмæ ахуырдзаутæн. Цард кæд фæсивæды размæ æндæр домæнтæ æвæры, стæй хъомыладон куыст кæнын ныр уæлдай зындæр у, уæддæр Жаннæ фæсмон ницæуыл кæны.

«Сæйрагдæр у сывæллæтты уарзын æмæ сын мадæлон æвзаджы ад, куыд гæнæн ис, афтæ арфдæр банкъарын кæнын». Ахæм у йæ хъуыды æрыгон ахуыргæнæгæн. Хæрз æрæджы та Жаннæ архайдта Мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты Æппæтуæрæсеон конкурсы. Æмæ дзы «Ахуыргæнæг – иртасæджы» номинацийы сси уæлахиздзау.

«Ахæм кадджын конкурсы фыццаг хатт архайдтон. Фарон та ирон æвзаджы ахуыргæнджыты номæй архайдтон Цæгат Кавказы мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджыты фыццаг конкурсы, æмæ дзы мæ зонындзинæдтæн хорз аргъ скодтой: бацахстон фыццаг бынат. Мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты Æппæтуæрæсеон конкурс та уыд Мордовийы сæйраг горæт Саранскы. Тынг хъæздыг æрмæджытыл æнцайгæйæ, Тæтæрстаны, Алтайы, Коми æмæ нæ бæстæйы æндæр регионты ахуыргæнджытæ



лæвæрдтой сæ уроктæ, мастер-класстæ. Мæнæн та мæ урочы темæ уыд «Номдар» (фæндзæм къласы кæронбæттæн урок). Фыццаджыдæр æвзагимæ баст темæйы фæрцы мæ авналæнтæ æмæ гæнæнтæ фылдæр уыдысты. Уæдæ ма конкурсы ме сфæлдыстадон курдиат дæр равдыстон. Радзырдтон нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæутты, аивады æмæ историйы тыххæй. Акафыдтæн ирон «Хонгæ». Конкурсы жюрийы уæнгты æмæ архайджыты стыр æхсызгон æнкъарæнтыл бафтыдтой не 'взаджы рæсугъд дзырдтæ æмæ нæ аивад. Бирæ фæрстытæ сæм сæвзæрд ирон национ уæлæдарæсы тыххæй дæр. Ацы конкурс мæнæн разæнгардгæнæн хос фæци, ныфс мæ бауагъта. Стыр бузныг мæ зæгъын фæнды, ацы ерысмæ мæ чи цæттæ кодта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр».

Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй Æппæтуæрæсеон конкурсы чи архайдта, уыдонæн сæ къухы стыр æнтыстдзинæдтæ бафтыд. Жаннæ дæр сын сæ кадыл къæм абадын кæй нæ бауагъта æмæ хуыздæр ахуыргæнджыты 'хсæн кæй æрлæууыд, уый уæлдай æхсызгон у. Саранскæй Ирыстонмæ Жаннæ канд уæлахиздзауы диплом не схаста, фæлæ ма йын саккаг кодтой Уæрæсейы паддзахадон Думæйы нациты хъуыддæгты фæдыл комитеты, нæ

бæстæйы Регионты рæзты министрады (конкурс сæ хъæппæрисæй арæзт арцыд), стæй чиныгуадзæн «Дрофа»-йы арфæйы писмотæ. Уымæй уæлдай ма йæ бабуц кодтой зæрдылдарæн лæвæрттæй: Мордовийы равзæрдыл дзурæг цымыдисаг чингуытæй æмæ буклеттæй.

Ирыстоны фæсивæдæй мадæлон æвзагæн йæ зæрдиаг куыст æмæ бæрнондзинадæй лæггад чи кæны, уыдонæй иу у Къораты Жаннæ. Нæ адæмы фарны хæзнаты фæрцы сабиты зæрдæты цы уаз мыггаг тауы, уый фидæны бæркадджын тыллæг куыд радта, уый йын нæ зæрдæ зæгъы.

## ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН АХУЫРГÆНДЖЫТЫ НОГ ФЕМБÆЛД

Нæ республикæйы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты хъæппæрисæй ныр дыккаг аз арæзт цæуы Цæгат Кавказы регионты мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджыты фестиваль-конкурс «Мир моих увлечений».

Ивгъуыд азы конкурсимæ абаргæйæ (архайдтой дзы æртæ регионы минæвæрттæ), 2012 азы конкурс рауад бæркадджындæр. Конкурсы архайынмæ сæ курдиæттæ балæвæрдтой 10 æрыгон ахуыргæнæджы Цæгат Кавказы алы регионтæй.

**Конкурсы архайдтой:**

1. Цæгат Ирыстонæй – Уртаты Викторы чызг Зæлинæ (Дзæуджыхъæуы 34-æм скъола), Бестауты Шотайы чызг Нанули (Дзæуджыхъæуы 4-æм скъола-гимназ), Æлборты Геннадийы чызг Зæринæ (Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназ);
2. Кæсæг-Балхъарæй – Асанова Марьям Мурадиновна (Налцыччы 11-æм скъола) æмæ Калмыкова Индира Руслановна (Налцыччы 5-æм скъола);
3. Цæцæны республикæйæ – Асуева Румиса Вахаевна (Грознайы 2-æм гимназ);






4. Мæхъæлы республикæйæ – Кукурхоева Мадина Шабаз-Гиреевна (Назраны 2-æм скъола);

5. Республикæ Хъæрæсейæ – Багова Марьяна Мухаговна (Черкесскы 17-æм гимназ);

6. Республикæ Дагестанæй – Мухумаева Сарат Магомедовна (Хъызлары 7-æм скъола) æмæ Шахмарданов Сейфулах Абдулазизович (Циниты астæуккаг скъола).

Куыд ивгъуыд азы, афтæ 2012 азы конкурсы дæр та мадæлон æвзæгты ахуыргæнджытæ сæ арæхстдзинад æвдыстой æртæ номинацийы:

– «Все движимо любовью…»;
– «Счастьем поделись с другим»;
– «Летящее вдохновение».

Номинаци ***«Все движимо любовью…»*** уыд, конкурсы архайджытæ сæхи тыххæй кæм дзырдтой, ахæм.

Номинацийы ***«Счастьем поделись с другим»*** æрыгон ахуыргæнджытæ равдыстой, сæ дæсныйадмæ куыд арæхсынц, уый.

Номинацийы ***«Летящее вдохновение»*** æргомгонд æрцыдысты æрыгæтты сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ зарынмæ, кафынмæ, æмдзæвгæтæ аив дзурынмæ æмæ æнд.

Конкурсы уæлахиздзау ссис цæцæйнаг æвзаджы ахуыргæнæг ***Асуева Румиса Вахаевна*** (Грознайы 2-æм гимназ).

Дыккаг бынат жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой авайраг æвзаджы ахуыргæнæг ***Мухумаева Сарат Магомедовнæйæн*** (Хъызлары 7-æм скъола).

Æртыккаг бынат адих кодтой дыууæ конкурсанты: ирон æвзаджы ахуыргæнæг ***Уртаты Викторы чызг Зæлинæ*** (Дзæуджыхъæуы 34-æм скъола) æмæ мæхъæлон æвзаджы ахуыргæнæг ***Кукурхоева Мадина Шабаз-Гиреевна*** (Назраны 2-æм скъола).

Конкурс тынг фæцыд адæмы зæрдæтæм. Йæ араздзыты уынаффæмæ гæсгæ, ацы мадзал уыдзæн æрвылазон, 2013 азы та ацы конкурс хъуамæ ацæуа Цæцæны республикæйы. Ныфс нæ ис, ирон æвзаджы æрыгон ахуыргæнджытæ дзы активонæй кæй архайдзысты.

АХУЫРГӔНДТӔ – СКЪОЛАЙӔН

***Куыдзойты Анжелæ,***
***ЦИПУ-йы ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады кафедрæйы доцент***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ СИНТАКСИСОН НОРМÆТЫ ТЫХХÆЙ

Синтаксисон нормæтæ домынц, цæмæй раст арæзт уой сæйраг синтаксисон иуæгтæ – дзырдбаст æмæ хъуыдыйад. Ома дзырдтæ (дзырдбасты æмæ хъуыдыйады уæнгтæ) хъуамæ уой кæрæдзиимæ нывыл, хъæугæ фæткмæ гæсгæ баст æмæ кæрæдзи фæдыл раст æвæрд. Иу ныхасæй, ирон æвзаджы синтаксисон нормæтæ сты дзырдты æхсæн грамматикон бастдзинады хуыз æмæ дзырдты рæнхъæвæрд фидаргæнæг æгъдæуттæ.

Зæгъæм, иу хъуыдыйады фæрссагми æмæ мивдисæг-зæгъинаг хъуамæ баст уой уыцы иу архайæгимæ, æвдисой уыцы иу субъекты архæйдтытæ: *Кæм кафгæ, кæм заргæ, / Æмбырдтыл зылди.* (Къоста). Ома Хъуыбады (цы ми кодта?) æмбырдтыл зылди (куыдæй?) кафгæ, заргæ. Ацы хъуыдыйады иу архайæгимæ (номдаримæ) баст сты архайдæвдисæг æртæ дзырды (мивдисджытæ): Хъуыбады – кафыди, зарыди, зылди; уыимæ номдар æмæ мивдисджытæн ис нымæцы æмхуызон формæ – иууон нымæц.

Афтæ у фæрссагмион здæхты хъуыддаг дæр – хъуамæ баст уа, мивдисæг-зæгъинаг цы дзырдимæ баст у, уыимæ: *Арæхстгай къах æвæргæйæ, цыдтæн хæххон тæссар фæндагыл.* (Æз – арæхстгай къах æвæрдтон æмæ цыдтæн). Уæдæ фæрссагмион здæхт вæййы, сæйрат кæм ис, ома реалон архайæг загъд кæм æрцыдис, æрмæст ахæм хъуыдыйады. Æркæсæм дæнцæгмæ. *Ацы чиныг кæсгæйæ, адæймагмæ фæзынынц диссаджы æнкъарæнтæ.* Хъуыдыйады ис сæйрат – æнкъарæнтæ, фæлæ йын реалон архайæджы нысаниуæг нæй, уымæ гæсгæ хъуыдыйады иумæйаг мидис у худæджы хос: æнкъарæнтæ чиныг кæсынц. Сраст кæнæн æй ис, зæгъæм, ахæм хуызы: *Ацы чиныг кæсгæйæ, адæймаг бавзары диссаджы æнкъарæнтæ* (ома адæймаг кæсы æмæ æнкъары).

Мивдисджытæ семæ баст сæрмагонд дзырдтæй фæдомынц бæрæг хауæны формæ: федтон кæй? дæу; федтон цы? цъити; ацыдтæн куыдæй? фистæгæй; ацыдтæн цæуыл? хæдтулгæйыл æ.а.д. Иронау нæй зæгъæн, цæмæй ацыдтæ, цæмæй ауæй кодта, цæуыл цæгъды æ.а.д. Мивдисæджы грамматикон бастдзинад æндæр сæрмагонд дзырдтимæ хуыйны ***æмарæзт***. Йæ ном йæ уæлæ ис: æм-арæзт, иумæ арæзт. Уыцы æм-арæзт куы фехæлы, уæд ирон фразæ райсы

уырыссаг æвзагæй æвзæр тæлмацы хуыз.

Æркæсæм дæнцæгтæм. *Зæрдæргъæвд чызг цæгъды цалдæр музыкалон инструментыл: фортепианойыл, скрипкæйыл, гитарæйыл.* Цæгъды цæуыл? Уæд, цымæ, Нарты Сырдон дæр дыууадæстæнон фæндырыл цагъта? Æви уæддæр фæндырæй? Кæй зæгъын æй хъæуы, цæгъдынц фæндырæй, стæй ма фортепианойæ, скрипкæйæ æмæ æндæр музыкалон инструменттæй. Ома мивдисæг цæгъдын дзуапп домы фарстæн *цæмæй?* (иртæстон хауæн). Цæуыл (æддагбынатон хауæн), зæгъгæ, уый та у уырыссаг æвзаджы тæваг: играть на чем-либо.

*Мæскуымæ атахтыстæм нырыккон хæдтæхæгæй.* Иронау: атахтыстæм (æрбаластам, арвыстам) хæдтæхæгыл (машинæйыл, бæхыл, поездыл). Цæмæй цæуын-æн ирон æвзаджы æндæр нысаниуæг ис: *Челе у зæрондæй дæр хæдзары тыхджындæр кусæг; нал цæуы фыццаджы хуызæн æртæ цæдæй хъæдмæ, Оны калакмæ чырæйы, фæлæ къаддæр нæ фæци йæ куы*ст (Илас Æрнигон). Ацы хъуыдыйады цæуы-йæн истæуыл бады æмæ афтæмæй размæ змæлы-йы нысаниуæг нæй – Челейы тынг куы бафæндыдаид, уæддæр æртæ цæдыл уыцы иу бадт скæнын йæ бон нæ бауыдаид – фæлæ исты йæм ис æмæ афтæмæй цæуы-йы нысаниуæг: Челемæ уыди æртæ цæды, афтæмæй (æртæ цæдимæ) цыди хъæдмæ. Иннæ уавæрты дзурын хъæуы ацæуын цæуыл? Науæд, Гæбæраты Никъала куыд бафиппайдта, афтæмæй нæ хъуыддаг хорз нæ рауайдзæн: «Уæ фарн бирæ, фæлæ ноджы мæгуыраудæр уаид: Фыййау йæ фосы фæдыл хæрæгæй ацыд» (Гæбæраты Н. Я. Цалдæр фиппаинаджы нæ ныхасы културæйы тыххæй. – Мах дуг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – № 11. – Ф. 151-160). Ома фыййау хæрæг фестади æмæ йæ фосы фæдыл ацыд?!

Кæцæй цæуынц ахæм рæдыдтытæ? «Уырыссагау дзурынц прибыл поездом, самолетом, фæлæ на санях, на арбе. Фыццаг формæ уырыссаг æвзаг æрбайста англисагæй, æмæ махмæ та, æвæццæгæн, уырыссагæй æрбафтыд». (Гæбæраты Никъала)

Арæх хæццæ кæнынц мивдисджытæ *æлхæнын* æмæ *уæй кæнын*-имæ баст номдарты хауæнты формæтæ. Цæвиттон, æлхæнын домы иртæстон хауæны формæ: æртæ туманæй (цасæй?) йæ балхæдтон, уæй кæнын та – æддагбынатон хауæн: æртæ туманыл (цасыл?) æй ауæй кодтон. Фæлæ хатгай бакæсæн æмæ фехъусæн ис: аукционы йæ иу мин сомæй ауæй кодтой, базары картофы кило балхæнæн ис дыууæсæдæ сомæй æ.æнд.

Ирон æвзаджы мивдисæгæн ис æбæлвырд формæйы (инфинитивы) дыууæ хуызы; сæ иуæн ис кæрон –ын, иннæмæн та – кæрон –æн: кусын, кусæн; лæууын, лæууæн, уарзын, уарзæн æ.а.д. Дыккаг хуыз (-æн-имæ) дзырд уæвын/нæ уæвын-имæ иумæ æвдисы, архайдæн æрцæуæн ис æви нæй, уый: ам цæрæн ис, ам цæрæн нæй; изæрмæ мын ныллæууæн нæй, ам бахсæвиуат кæнæн ис æ.а.д. Ахæм нысаниуæг нæй иннæ æбæлвырд формæйæн (-ын-имæ), уымæ гæсгæ синтаксисон рæдыд ис хъуыдыйады *Куыд бирæ зонд ис райсын хистæрæй...*

Арæх æмбæлы æндæр синтаксисон рæдыд дæр – цæсгомон номивæг *уый*-ы цыбыр формæйы бирæон нымæцы бæсты иууон нымæцы формæйæ пайда кæнын: Фондз чиныджы йемæ ахаста, фæлæ дзы иу дæр нæ бакасти. *Дзы* у номивæг *уый*-ы цыбыр хуызы иртæстон хауæны формæ. Ам та ныхас цæуы къорд предметыл – фондз чиныгыл. Чиныг – *уый.* Фондз чиныджы – *уыдон.* Уымæ гæсгæ спайда кæнын хъуыдис *уыдон*-ы хауæны формæйæ: Фондз чиныджы йемæ ахаста, фæлæ сæ иу дæр нæ бакасти.

Синтаксисон нормæтæ бæрæг кæнынц æххуысгæнæг ныхасы хæйттæй пайда кæныны бæлвырд фæтк дæр. Зæгъæм, фæсæвæрд *мидæг* æвдисы предметы хуылф, йæ мидæггаг хай: *Цæй мидæг (цæм) дын авæрон ссад? Дæ нартхор цæй мидæг ныккодтай?* Фæлæ алы номдаримæ не 'мбæлы фæсæвæрд мидæг. Афтæ, нæ дзурæм: мидæг къæртайы дон æрбахаста, аджы мидæг хæринаг сфыхта, кæд дон æцæгæй къæртайы мидæг вæййы, хæринаг та агæн йæ мидæг фæфыхтæуы, уæддæр.

Цæуылнæ? Уымæн æмæ æнæ мидæггæй дæр зонæм, къæртайæн æмæ агæн се 'ддаг цъар дон хæссынæн æмæ хæринаг фыцынæн кæй нæ бæззы, уый. Ома æвзаг «фæстауæрц кæны» йæ дзырдтæ, æнæхъуаджы сæ нæ пайда кæны. Уый хыгъд ис, ацы фæсæвæрд æппындæр кæимæ нæ фидауы, ахæм дзырдтæ дæр. *Исты бæрæгбоны мидæг, фæндзай азы кæуыл цæуы, ахæм лæг бануаздзæни…*

Хъуыдыйады арæзты ахсджиаг сты сæйрат æмæ зæгъинаджы формæты æмахастытæ: сæйрат иууон нымæцы куы уа, уæд зæгъинаг дæр афтæ: *Æфцæгæй коммæ уад дзыназы…* (Къоста); сæйрат бирæон нымæцы куы уа, уæд уыцы формæйы уыдзæнис зæгъинаг дæр: *Адæмæн сæ рæсугъд уæттæ / Хъармæй, райдзастæй лæууынц…* (Къоста).

Ацы фæтк иугæндзон нæу. Зæгъæм, æмбырдон номдарæй загъд сæйратимæ æмбæлы мивдисæг-зæгъинаг бирæон нымæцы: *Адæм фæдисмæ атындзыдтой. Фæсивæд кафынмæ тынг арæхсынц.* Фæлæ уыцы номдартимæ бæрцæвдисæг дзырдтæ (бирæ, чысыл) куы уа, уæд зæгъинаг æвæрын хъæуы иууон нымæцы: *Фæдисмæ бирæ адæм ацыди. Æмбырды æгæр гыццыл адæм ис. Зæйы бын бирæ фос фесæфт.*

Иууон нымæцы формæ вæййы нымæцон æмæ номдаримæ баст мивдисæг-зæгъинагæн дæр: *Æртæ килойы ма дзы баззади. Изæрмæ ма дыууæ сахаты хъæуы. Контролон куыст сæххæст кæныныл хардзгонд æрцыд æртæ сахаты.*

Хъуыдыйады мидæг алы дзырдæн дæр ис йæхи бынат – равгон бынат, ома хъуыды раст равдисыны тыххæй кæм хъуамæ лæууа, ахæм бынат. Зæгъæм, таурæгъон хъуыдыйады 1) сæйрат (номон ныхасы хай) фæлæууы мивдисæг-зæгъинаджы размæ (Фæлмæн уддзæф рæвдаугæ ратахти дидинæджы сæрты); 2) бынаты кæнæ афоны фадатон дзырд фылдæр хатт фæлæууы хъуыдыйады райдайæны (Раджы хохы цъуппæй касти иу æрра фыййау. Къ.); 3) цыбыр номивæгæй загъд æххæстгæнæн кæддæриддæр фæлæууы дыккаг бынаты (Рагæй йæ нал федтон; уæддæр æм мæ зæрдæ æхсайы); æппæрццæг хайыг (ма, нæ) æвæрд вæййы зæгъинаджы разæй (Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы. Къ.); хъуыдыйады æппæрццæг номивæг кæнæ фæрсдзырд куы уа, уæд дзы æппæрццæг хайыгæн уæвæн нæй (æз никуыдæм цæуын – нæй зæгъæн æз никуыдæм нæ цæуын) æ.а.д.

Фæлæ хатгай дзырдтæ сæ равгон бынатæй фæиппæрд вæййынц, фехæлы дзырдты раст рæнхъæвæрд. Æркæсæм дæнцæгтæм.

*Мах ма хъуамæ рох кæнæм, чи стæм, уый…* Æппæрццæг хайыг *ма* æвæрын хъæуы мивдисæг-зæгъинаджы размæ: хъуамæ рох ма кæнæм, хъуамæ ма рох кæнæм; ацы ран та (*хъуамæ*-йы разæй) уæвæн ис бирæхаттон хайыг *ма*-йæн, æмæ уæд фразæйы мидис уыдзæн бынтон æндæр: *мах ноджы хъуамæ ма рох кæнæм…).*

Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, не 'взаг ныр у тынг зын уавæры. Ацы хъуыдыйады автор фемхæццæ кодта æххуысгæнæг мивдисæг *уæвын*-ы 3-аг цæсгомы иууон нымæцы формæтæ æмæ *ис*-ы бæсты ныффыста *у.*

Хатгай раст не спайда кæнынц номивджытæй *чи* æмæ *цы* бæттæг дзырдты функцийæ: *Уыдон адæмы рæгъмæ хæссынц, ирон адæмон сфæлдыстадæй фысджытæ, ахуыргæндтæ, ахуыргæнджытæ æмæ суанг студенттæ дæр адæмæй цы фехъуыстой æмæ ныффыстой, архивты цы лæзæры, уыцы хæзнатæ.* Ацы дæнцæджы ис дыууæ синтаксисон рæдыды: 1) кæд уæлæмхæст хайы мивдисджытæ – зæгъинæгтæ *фехъуыстой* æмæ *лæзæры* сæйраг хайы сæйрат *хæзнатæ*-мæ хауынц, уæд спайда кæнын хъуыдис бæттæг дзырд *чи*-йæ, ома:…суанг студенттæ дæр адæмæй кæй фехъуыстой æмæ ныффыстой, архивты чи лæзæры, уыцы хæзнатæ; 2) кæд ныхас дыууæ хицæн объектыл цæуы, уæд та сæйраг хайы нæ фаг кæны æмбарынгæнинаг дзырд, уæлæмхæсты та иу *цы*-йы бæсты хъуамæ уа *чи,* ома: … суанг студенттæ дæр адæмæй цы фехъуыстой, уый æмæ, архивты чи лæзæры, уыцы хæзнатæ. Ирон хъуыдыйады æмахастон къай *цы – уыцы*-йæн уæвæн нæй, æрмæстдæр *цы – уый* æмæ *чи – уыцы.*

***Хъантемыраты Римæ,***
*ЦИПУ-йы ирон литературæйы кафедрæйы сæргълæуууæг,*

***Джиоты Замирæ,***
*ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты 2-æм курсы студенткæ*

# «МÆ КЪАБАЗ ... ФÆСДЕНДЖЫЗ РИССЫ» (ИРОН ЛИТЕРАТУРÆ ФÆСАРÆНТЫ)

Диссаг у, æвæдза, цард: змæнты, абухы, тындзы размæ. Уыцы æнæнцой змæлды арæх цавæрдæр ахсджиаг цаутæ, хабæрттæ, бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ, иуварс аззайынц, науæд бынтондæр фесæфынц, рæстæджы ауун фæвæййынц, æмæ бахъуаджы заман се сбæлвырд кæнын вæййы зын. Иу ахæм цауы тыххæй нæ фæнды зæгъын нæ хъуыдытæ.

Журнал «Мах дуджы» номыртæй иуы (1993, №5-6) бакастыстæм Уарзиаты Вилены уац «Дон дæр йæ рагон фæд агуры…» Тынг нæ сцымыдис кодта. Уæлдайдæр та уацæн йæ дыккаг хай. Фыццаг хайы ныхас цæуы Туркмæ лидзæг адæмы трагикон хъысмæт æмæ уыдоны фæдонты абоны уавæрыл.

Кæд дзы бирæ ногдзинæдтæ базыдтам, уæддæр нын темæ бынтон æнæзонгæ нæу. Ахуыр кодтам Мамсыраты Темырболаты æмæ Хъаныхъуаты Иналы сфæлдыстад, Булкъаты Михалы роман «Теркæй Туркмæ», бакастыстæм Мамсыраты Мураты чиныг «Æцæгæлон бæсты». Фæлæ нæм æцæг цымыдисдзинад равзæрын кодта уацы дыккаг хай – йæ ногдзинадæй. Бакастыстæм дзы, нырмæ ирон литературæйы кæй никуы фехъуыстам, ахæм ног нæмтты тыххæй. Фæстæдæр ма уыцы нæмттимæ сæмбæлдыстæм Мзокты Аслæнбеджы уац «Фæсарæйнаг ирæттæ æмæ се сфæлдыстад», зæгъгæ, уым. Уыцы ног нæмттæ махæн абон цæмæй цымыдисаг сты, уый у нæ ныхасы сæр.

Историйы сыфтæ куыд дзурынц, афтæмæй 20-æм азты революцийы фæстæ Ирыстонæй бирæтæ ныууагътой сæ фыдыбæстæ æмæ ацыдысты фæсарæнтæм. Уыдон уыдысты, æфсады уæлдæр цинтæ кæмæ уыд, ахæмтæ æмæ ителлигенцийы минæвæрттæ: ахуыргæнджытæ, дохтыртæ, фысджытæ æмæ æхсæнадон архайджытæ. Хъысмæт сæ фæззыгон дымгæйау йæ разæй ахаста æмæ сæ ныппырх кодта алы бæстæтыл. Се ’мбис æрбынæттон Европæйы егъаудæр горæтты: Прагæйы, Парижы, Варшавæйы æмæ Берлины.

Ирыстонæй чи фæиппæрд, уыдонæн сæ фылдæр, куыд базыдтам, афтæмæй æрцардысты Парижы. Хъыгагæн дзы бирæты нæмттæ нæма зонæм, зонын та сæ æнæмæнг хъæуы, уымæн æмæ сты нæ адæмы, нæ культурæйы, нæ историйы иу хай. Фæлæ абон нæ ныхасы сæр сты, сфæлдыстадон курдиат сæ кæмæ уыдис, йæ зæрдæйы рыст, йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ аивадон фæлгонцты чи ныууагъта, уыдон. Бирæ не сты, зæгъæм, Дигорон Сайтан, Лескенаг, Дзантиаты Дзамболат, Байтугъанты Барысби, Фæрниаты Сæлуат, Куындыхаты Адылджери, Хъази-Хан æмæ æнд.

Сæ радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, критикон уацтæ æмæ политикон афæлгæстытæ кæсгæйæ, адæймаджы цух нæ уадзы, Мзокты Аслæнбеджы загъдау, иу хъуыды: «Кæцыфæнды адæм дæр сæрыстыр æмæ буц кæмæй уыдаиккой, уыцы курдиатджын адæм цæмæн фæхауæггаг

сты сæ фыдыбæстæй, хъулон уарзтæй кæй уарзтой, уыцы Ирыстонæй? Цы уыдис сæ аххос, цæмæн бавзæрстой утæппæт фыдæбæттæ, кæйдæр фæскъуымты цæмæн рахау-бахау кодтой?»

Уыдон ахсджиаг фæрстытæ сты абон, домынц æргом дзуæппытæ æмæ, æвæццæгæн, уый дæр уыдзæн. Мах уал зæгъдзыстæм æрмæст уый, æмæ, куыд загътам, афтæмæй Парижы æрбынæттон сты ирон эмигранттæй бирæтæ. 1932 азы академик Н. К. Рерихы номыл музейы Европæйаг Центры цур арæзт æрцыд ирон æвзагзонынады комитет. Комитеты уынаффæмæ гæсгæ, 1933 азы уадзын райдыдтой журнал «Осетия». Йæ редактор – Дзантиаты Дзамболат.

Журнал аразджытæ хуымæтæг адæм кæй нæ уыдысты, уый бæрæг у уымæй дæр, æмæ сæ журналы кадджын сæргълæууæгæй равзæрстой (æмæ сын разы дæр сси!) дунейыл зындгонд ахуыргонд æмæ æхсæнадон кусæг Н. К. Рерихы. Æхсæнады кадджын уæнгæй та æвзæрст æрцыд йæ фырт Ю. Н. Рерих. Дард Наггара – Кулуйæ стыр бузныджы ныхас æхсæнады уæнгтæм сæрвыста Н. Рерих. Уый фыста: «Счастливы должны быть осетины, измеряя славные корни свои… Народ, мечтающий о героизме, готовит себе расцвет. Итак, на основах истинного героизма, культуры, от древности и до сего дня, Вы устремляетесь к созидательным началам».

Разыйы дзуапп æмæ бузныджы ныхæстимæ фыстæг сæрвыста Ю. Н. Рерих дæр: «Сердечно благодарю за избрание Почетным Членом Вашего Общества…. Рад слышать о Вашей совместной работе с нашим Европейским Центром и всегда готов быть полезным в деле изучения славного прошлого народа Осетии».

Журналы нысан уыди: ирон адæмы æвзаг, истори, культурæ æмæ æгъдæуттæ бахъахъхъæнын. Æндæр адæмыхæттыты (фæсарæнты) зонгæ кæнын ирон адæмы истори, æвзаг, цард æмæ уагимæ, сæ культурæ, аивад æмæ æгъдæуттимæ.

Журналы фыццаг номыры ирон комитеты сæргълæууæг Цæрайты Беслæн фыста: «Осетины, проживающие в Париже, стремясь объединиться в культурной работе, решили основать комитет, задачей которого будет изучение языка и истории Осетии». Журналы рауагъд тынг æхсызгон уыд, Японийы, Болгарийы, Чехословакийы цы ирæттæ цард, уыдонæн дæр. Æдæппæт журналæй рацыд 9 номыры. Абон сты тынг зын ссарæн. Кæй нæм æрхæццæ сты, уый тыххæй бузныг зæгъын хъæуы Парижы цæрæг Морис Варсанойы бинойнаг Лидия Варсанойæн. Уый тынг ахсджиагæй куыста Советон Цæдисы культурон организацитимæ. Лидия уыд уырыссаг, æмæ Парижы сарæзта «Фонд Лидии Варсано», зæгъгæ. Уый æмбырд кодта, Уæрæсейæ цы эмигранттæ ацыд, уыдоны сфæлдыстад. Афтæмæй йæ къухты бафтыдысты журнал «Осетия»-йы 9 номыры дæр. Лидия Варсано сæ балæвар кодта Уæрæсейы æппæт адæмон фондæн: «Я хочу, чтобы в Советском Союзе, – фыста уый, – знали и изучали ту часть русской культуры, которая создавалась здесь в Париже и в других городах и странах, где жили и работали русские люди, волею судьбы оторванные от России…» Фæстæдæр сæ къопитæ лæваргонд æрцыдысты Цæгат Ирыстоны культурон фондæн.

Журналы сыфтæ фæлдахгæйæ, адæймаджы цæст æрхæцы цымыдисаг æрмæджытыл, уыдоны ’хсæн Н. Рерихы уацтæ «Обращение Н. К. Рериха к Международным Конференциям Знамени Мира», «Звучание народов», «Печать века», «Аланские дружины в Монгольскую эпоху», Владимир Абданк-Косовскийы «Семья Индо-Европейских народов». Хицæн уацтæн æрмæст сæ сæргæндтæй дæр бамбарæн ис, ныхас сæ ирон адæмы рагистори, нæ фыдæлты цард æмæ уагыл кæй цæуы, уый.

Стыр циндзинадимæ уацты тыххæй йæ хъуыдытæ фыста журналмæ Байаты Гаппо (Берлинæй): «Спасибо за «Осетию», – фыста Гаппо. – Перлами вашего издания являются статьи Н. Рериха «Звучание века» и «Печать века». Хорошо было бы их поместить в общей печати, в русских

зарубежных газетах, было бы хорошо отправить и на родину в тамошние библиотеки».

Журналы 3-аг номыры фыццаг цъарыл фенæн ис уæды Лабæйы хъæуы цæрджытæй ссæдз зæронд лæджы хуызист сыгъдæг ирон дарæсы. Сæ бакастæй – Хуыцауæй æрвыст минæвæрттты хуызæн. Иу хъæуы утæппæт хистæртæ! Абон, хуызистмæ кæсгæйæ, адæймаджы æрфæнды сæ разы уырдыг слæууын. Уæд та журналы 4-æм номыры Бигъаты Беч-Мырзæ фыста: «Без волнения не могу смотреть на славных стариков сел. Геор. Осетиновское; указывая на эту группу осетин из одного села, на внешние черты их общего облика, говорю всем, что это – знаки старой культуры духа и народа…»

Сæрмагонд ныхасы аккаг сты, журналы фæрстыл ирон, дыгурон æмæ уырыссаг æвзæгтыл цы уацмыстæ мыхуыр цыдис, уыдон: æмдзæвгæтæ, уацтæ, ирон адæмон сфæлдыстадæй ист кадджытæ. Уæлдай цымыдисагдæр та у, сæ авторта ирæттæ кæй сты, ирон нæмттæ сын кæй ис, уый.

Фыццаджыдæр кæсæджы цæстæнгас йæхимæ аздахынц журналы редактор Дзантиаты Дзамболаты æрмæджытæ. Нæ ныхас сæйрагдæр баст уыдзæн ацы номимæ. Хъыгагæн, абон мах Дзамболаты царды хабæрттæй бæлвырд зонæм æрмæст уый, æмæ Парижмæ иннæ эмигранттимæ, куыд загътам, афтæмæй афтыд 1922 азы йæ политикон æууæлтæм гæсгæ. Фæцардис дзы 1958 азы онг. Ныгæд ис Ниццæйы уырыссаг уæлмæрдты.

Дзамболат журналы мыхуыр кодта йæ уацтæ æртæ æвзагыл: уырыссагау, иронау, францусагау. Уымæй уæлдай ма журналы фæрстыл мыхуыр æрцыдысты Дзамболаты æмдзæвгæтæ иронау, дыгуронау æмæ уырыссагау; адæмон сфæлдыстадæй ист легендæтæ, скъуыддзæгтæ йæ поэмæтæй.

Йæ уацты «Индоевропæйаг адæмтæ» æмæ «Ирон æвзаг – индоевропæйаг адæмты æвзæгты рагфыдæл»-ты ныхас цæуы ирон адæмы истори æмæ æвзаджы равзæрдыл. Раст сты æви нæ, уый уадзæм æвзагзонынады ахуыргæндтæн æмæ историктæн, мах та зæгъдзыстæм уый, æмæ Дзантиаты Дзамболат хорз кæй зыдта ирон æвзаг, зонгæ йын уыдысты ирон литературон нæмттæ (автортæ) æмæ сæ уацмыстæ, зыдта ирон адæмон сфæлдыстад. Æмбырд сæ кодта. Мæнæ куыд фыста уый тыххæй йæхæдæг: «Я уроженец селения Кудзугусти. По обыкновению, я путешествовал на моей аланской лошади на каждый народный праздник в село Большое-Осетинское, чтобы послушать сказания Кулуха (Къуылых-хромой). Этот седовласый старец жил один, он владел магазинами, был довольно зажиточным. Одна нога у него была деревянной. Я расскажу вам то, что услышал от него…». Æмæ æцæгæйдæр журналы фæрстыл кæсæм: «Предание о пастухе Бесо», «Легенда о Кавказе», «Царица Гималая», «Легенда о слепом Осс-Аланском царе». Ацы таурæгъты кой, сæ иуæй фæстæмæ («Предание о пастухе Бесо»), литературæйы никуы æмбæлы, афтæмæй ма сæ уый, Францы цæргæйæ, фæсарæйнаг адæмтæн дæр базонын кодта.

Таурæгъ «Царица Гималая»-йæ журналы мыхуыр æрцыд æрмæст скъуыддзаг уырыссаг æвзагыл. Йæ сæргонды бынмæ фыстæй куыд базонæм, афтæмæй та поэмæ фыст уыд иронау. Хъыгагæн, уымæй фылдæр ницы зонæм уацмысæй, фæлæ скъуыддзаджы ныхас цæуы сыгъдæг уарзондзинад æмæ сылгоймаджы хиндзинадыл. Таурæгъ фыццаг мыхуыр æрцыд журнал «Горцы Кавказа»-йы, стæй та – журнал «Осетия»-йы».

Цымыдисаг сты, журналы фæрстыл Дзантиаты Дзамболатæн цы æмдзæвгæтæ мыхуыргонд æрцыдысты, уыдон дæр: «Терек», «Матери», «Аварская песня», «Ос-Бæгъатыры мæлæт», «Кавказский байрак», «Дымгæ-бардуаг», «Мит ныл бумбилийау калы», «Тулдз бæлас сывылдзмæ дзуры», «Памятник» æмæ æнд. Се ’мбис раздæр мыхуыр æрцыд 1929 азы журнал «Горцы Кавказа»-йы, 1933 азы та мыхуырæй рацыдысты журнал «Осетия»-йы. Æмдзæвгæтæ кæсгæйæ, бамбарæн ис, Дзамболат йæ райгуырæн Ирыстон,

йæ фыдыбæстæ, куыд бирæ уарзта, куыд зæрдиагæй йæ мысыд, уый. Уæлдай зæрдæмæхъаргæдæрæй уыцы æнкъарæнтæ хъуысынц æмдзæвгæ «Матери»-йы. Мæнæ куыд зæгъы поэт:

«Твой салам материнский не слышу
Уж давно, моя милая мать…
О, когда под родимую крышу
Возвращусь и не буду страдать».

Поэт йæ зæрдæ дары, йæ райгуырæн Ирыстонмæ кæй æрыздæхдзæн, ууыл. Æмдзæвгæйы ирдæй зыны, авторæн «мад» æмæ «фыдыбæстæ» синонимтæ кæй сты. Нæй сын ахицæн кæнæн кæрæдзийæ. Мысы сæ, тындзы сæм æмæ зæгъы:

«Скажите, горы, что мы были
Орлами гордыми всегда,
Скажите правду, что любили
Кавказа буйные года.

Не перечислить нам событий
Тебе, родная мать-скала,
В чужой стране с душой разбитой
Мы все скитаемся, Алла!»

Æмдзæвгæ «Дымгæ-бардуаг» кæсгæйæ, зæрдыл æрлæууынц Къостайы æмдзæвгæ «Додой»-йы рæнхъытæ:

«Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,
Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд».

Къостайау Дзамболат дæр сиды æрдзы тыхтæм, дымгæйы бардуагмæ, хоны йæ «буц ирон фысгæс», куры дзы, цæмæй ма кæна «дзыназгæ хъарæг», уымæн æмæ йæ уырны, фыды уæзæг бынтон дзæгъæл нæу – «Уым ма ис æцæг цæргæс».

Дымгæ-бардуаг! Дымгæ-бардуаг!
Арвыл мигъ кæдæм тæрыс?
Црен куы калыс, Арвы бардуаг,
Ды кæдæм хæлæф кæныс?
Ды кæй тæрсын кæныс ’хситтæй,
Уый нæма райгуырд зæххыл.
Араз, араз фæндаг митæй,
Фидар хæц дæ сау бæхыл!
Дымгæ-бардуаг! Дымгæ-бардуаг!
О, нæ буц ирон фысгæс!
Ма нал ныккæ дзыназгæ хъарæг –
Уым ма ис æцæг цæргæс.

Дзантиаты Дзамболат канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Кавказы дæр кæй мысыд, уымæн æвдисæн сты йæ иннæ æмдзæвгæ «Кавказский байрак»-æй ист рæнхъытæ:

«…Люблю я Кавказа святыни,
Люблю и природы красу».

Ацы æнкъарæнтæй рæсугъддæр ма цы хъуамæ уа адæймаджы зæрдæйы, фæлæ дзы Дзамболатæн уыд æндæртæ дæр: маст, хъыг, зæрдæрыст æмæ фæсмон кæддæры сонт къахдзæфы тыххæй æцæгæлон бæстæм:

А годы протекут рекою,
Заман всегда со всеми строг…
И подрастут чужой травою
Могилы наши средь дорог.
Могилы наши не расскажут,
Кого ласкал дремучий лес,
Но камни серые вам скажут:
«Кавказа сын схоронен здесь».

Æмдзæвгæтæ «Тулдз бæлас сывылдзмæ дзуры» æмæ «Мит ныл бумбулийау калы»-йы автор аллегорион хуызы æвдисы рæстæджы абухæнтæ, бæстæйы уавæр æмæ уыцы тыхст æмæ æбæрæг рæстæг йæ зæрдиаг фæндон – ирон адæм, кæрæдзи уарзут æмæ æнгомæй цæрут.

…Æйтт, бæлæстæ! Иры хохы
Сымах уæ уидæгтыл хæцут,
Уæд уын ницы уыдзæн тохы,
Хорз æфсымæртау цæрут.

Ирон æбисонд куыд зæгъы: «Фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц», афтæ поэты дæр уырны, цыфæнды хъызт зымæджы фæстæ дæр ралæудзæн уалдзæг, æмæ та «дзаг уыдзæн нæ гон».

Дзантиаты Дзамболат фыста публицистон уацтæ дæр: «Пакт Рериха»,

«Конференция Знамени Мира». Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй Дзамболаты ном æмбæлы, уыцы азты кавказæгтæ фæсарæнты цы журналтæ уагътой, уыдонæй иуæй-иуты фæрстыл дæр. Зæгъæм, журнал «Горцы Кавказа»-йы 6-7-æм номырты ныммыхуыр кодта «Кавказаг легендæ» («Легенда о Кавказе»).

Адæймагмæ стыр цымыдисдзинад æвзæрын кæны, зæронд Муссæ (таурæгъгæнæг) йæ разныхасы Кавказæн цы æрфыст дæтты, уый. Кæд æгæр стыр у, уæддæр æй æнæхъæнæй æрхæсдзыстæм: «Кавказ – страна чудес, страна рыцарей, страна амазонок Тарма-Дона, страна сокровищ, всего мира, которая в свое время обогатит истощенный свет своими металлами, драгоценными рудами; вылечит людей от недугов души и тела своим волшебным воздухом и чудодейственными водами. Кавказ – это чудо-богатырь. Черкесска – символическое отражение этого богатыря. Свою гордую голову богатырь держал высоко. Облака служили ему папахой, а чалмой – вечные белые снежные покровы. А потом горец Кавказа надел на свою гордую голову с достоинством папаху из бараньей шкуры, с длинной вьющейся белой шерстью, напоминающей вечные белые снеговые наносы на вершинах гор. Эльбрус и Казбек – глаза могучего Великана Кавказа. Грозный, скалистый Кавказский Хребет – грудь Богатыря. Потому гордые кавказцы украсили свои могучие груди газырями. Длинные полы черкески – это широкие и пышные долины Кавказа. В своих богатырских руках он держал моря Азов (море Алан) и Кара-Дениз, как два бурлящих котла и заливал противнику глаза горько-соленой водой. Гордый и сильный великан – Кавказ разделял мир на две части».

Дарддæр дзы ныхас цæуы æппæт Кавказы цæрæг адæмты иумæйаг æгъдæуттыл: фыдыбæстæ уарзын, хистæрæн æгъдау дæттын, кæстæрæн аргъ кæнын, фæллойыл иузæрдион уæвын, хъæбатыр æмæ сæрыстыр уæвын, худинаг сæрмæ нæ хæссын æмæ бирæ æндæртыл. Йæ зонджын ныхæстæ æмæ зондамонæнтæй зæрдыл цæмæндæр æрлæууын кæны Байаты Гаппойы драмон сценкæ «Куывд». Амынд журналы 4-5-æм номырты та мыхуырæй рацыд Дзамболаты литературон афæлгæст «Настроение горских поэтов на Кавказе».

Бæстæй скъуыд адæм сæ райгуырæн бæстæ тынг кæй мысыдысты, ууыл фыста Цæлыккаты Ахмæт (йæхæдæг дæр уыдонæй уыд) йæ уацтæй иуы: «Где бы они не были, всегда их тянуло к родным местам, родным могилам, к далеким синим горам, к белоснежным вершинам, к серебристым горным потокам.

Туда, где ручьями лилась кровь их дедов и отцов, где тысячами гибли они, отстаивая честь и свободу.

Понятно это благородное стремление…

Понятны высокие чувства…»

Кæддæр Цæрукъаты Алыксандр йе 'мдзæвгæ «Сагъæс»-ы фыста:

«Мæ къабаз хуссары, фæсденджыз, риссы,

Мæ зæрдæйы кæрдихтæ ихсийынц кæмдæр…»

Ацы ныхæстæ Алыксандр кæд æндæр проблемæйы тыххæй загъта, уæддæр, мах уæлдæр цæуыл дзырдтам, уыцы фарстмæ дæр хæстæг лæууынц. Ома ирон литературæйы иу хай, иу къабаз, куыд уынæм, афтæмæй бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ ахауд фæсарæнтæм æмæ абон дæр æбæрæгæй риссы уым.

Афтæ, фыдыбæстæй дард, æцæгæлон зæххыл, не 'мзæххонтæй бирæтæ архайдтой, сæ авналæнтæ цас амыдтой, уыйас, ирондзинад хъахъхъæныныл, ирон æвзаг, ирон литературæйы аргъуаны æвæрдтой сæ мысайнаг, Европæйы адæмты зонгæ кодтой дзырд «ИРОН»-имæ.

### Литературæ

1. Джусойты Нафи. Ирон литературæ: ахуыргæнæн чиныг астæуккаг скъолайы 9-æм къласæн. – Дзæуджыхъæу, 2001. – Ф. 249.

2. Уый дæр уым. Ф. 250.

3. Кануков И.Д. Положение женщины у северных осетин // Кануков Инал. В

осетинском ауле. – Орджоникидзе, 1985. – С. 272-287.
4. Кочысаты Розæ. Уацмыстæ. Розæйыл фыст уацтæ, æмдзæвгæтæ, нывтæ, æнæуый æрмæджытæ / Чиныг сарæзта Уанеты Владимир. – Цхинвал, 1990. – Ф. 27-31.
5. Уый дæр уым. – Ф. 30.
6. Мзокты А. Фыдыбæстæй æнæ хай// Мах дуг. – 1995. – № 10. – 109ф.
7. Цаголов Г.М. Женщине // Цаголов Г.М. Собрание сочинений в 3-х томах. – Том 1. – Владикавказ, 1992. – С. 83.
8. Царликов А. Избранное – Владикавказ, 2002.

***Санаты Ритæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады кафедрæйы доцент***

## ВАЗЫГДЖЫН ХЪУЫДЫЙАД АХУЫР КÆНЫНЫ СÆЙРАГДÆР МЕТОДИКОН МАДЗÆЛТТÆ

Скъолайы программæмæ гæсгæ, вазыгджын хъуыдыйад ахуыр кæнынц 9-æм къласы. Æдæппæт ын лæвæрд цæуы 21 сахаты.

Вазыгджын хъуыдыйад сахуыр кæныны размæ зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы ахæм темæтæ: 1. Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ, уæлдайдæр фадатон дзырдтæ (архайды хуызы фадат, бынаты фадат, афоны фадат, æфсоны фадат, нысаны фадат); 2. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ; 3. Хуымæтæг хъуыдыйæдты хуызтæ: иувæрсыг хъуыдыйæдтæ, æнæххæст хъуыдыйæдтæ; 4. Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ.

Цы æрмæг ранымадтам, уый зæрдыл бæстон куы не 'рлæууын кæнæм, уæд скъоладзаутæн зын уыдзæн, вазыгджын хъуыдыйæдтæ, куыд æмбæлы, афтæ бамбарын. Уымæ гæсгæ, рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнынæн æнæмæнг хъæуы рæстæг рахицæн кæнын.

Дыууæ кæнæ фылдæр хуымæтæг хъуыдыйадæй арæзт хъуыдыйад хуыйны вазыгджын. Хуымæтæг хъуыдыйæдтæн куыд вазыгджын хъуыдыйады хæйттæн баззайы æрмæстдæр сæ предикативондзинады категори, уымæ гæсгæ сæ хонынц *предикативон хæйттæ*, кæнæ *иуæгтæ*.

Предикативон хæйттæ (иуæгтæ) æнгом баст æрцæуынц сæ хъуыдыйæ, сæ арæзтæй æмæ интонацийы бæлвырд хуызæгтæм гæсгæ, фæлæ, цавæр вазыгджын хъуыдыйад аразой, уымæ гæсгæ сæ формæтæ аивынц. Вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг сæвзæры йæ предикативон хæйтты семантикон-синтаксисон ахастыты бындурыл: «Вазыгджын хъуыдыйæдтæ арæзт вæййынц дыууæ æмæ фылдæр предикативон хæйттæй (хуымæтæг хъуыдыйæдтæй). Уыцы хæйттæ баст æрцæуынц: 1) бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдты руаджы, 2) æнæ бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæй. Уымæ гæсгæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ сты дыууæ хуызы: бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ æмæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ».[1].

Скъолайы ахуыргæнæн чиныджы та афтæ амынд цæуы вазыгджын хъуыдыйад: «Дыууæ кæнæ фылдæр хуымæтæг хъуыдыйæдтæй арæзт чи вæййы, уыцы хъуыдыйад хонæм вазыгджын хъуыдыйад».[2].

«Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты ’хсæн ахастытæ равдисыны фæрæз у хæйтты æвæрд кæрæдзимæ гæсгæ. Сæ бынæттæн сын куы баивæн вæйййы, куы та нæ. Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты ’хсæн сæвзæры алыхуызон ахастытæ: бæрæггæнæны, æмбарынгæнæн, æфсоны, ныхмæвæрды æ. æнд. Уыцы ахастытæ хонынц вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг».[3] Алы хицæн вазыгджын хъуыдыйадæн нæ иртасынц грамматикон нысаниуæг, фæлæ, æмхуызон арæзт кæмæн ис, хъуыдыйæдты ахæм къордæн.

Предметты бастдзинады ахадындзинады тыххæй фыссынц бирæ ахуыргæндтæ. Кучиты Людмилæ фыссы: «Именно эта связь как раз и может стать той оптимальной основой, на которой изучение теоретических положений о связности текста найдет свое практическое воплощение в анализе художественного произведения. Имеется в виду, что уроки языка – это время изучения основных правил построения текста; уроки же литературы – это время практического применения теории, это выход языковой нормы в связную речь на более высоком уровне».[4]

Вазыгджын хъуыдыйад амоныны урокты дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, ныхасы рæзтыл куыстмæ æргом аздахын хъæуы. Ам ис тынг бирæ гæнæнтæ. Скъолаты программæты домæнты ис ахæм: «Единые требования к устной и письменной речи учащихся». Уыцы домæнмæ гæсгæ алы предметы ахуыргæнæг дæр йæ урочы домы скъоладзаутæй раст, аив æвзагыл дзуæппытæ дæттын, æмæ уый та стыр ахъаз у орфоэпи æмæ орфографийы æгъдæуттæ фидар кæнынæн. Фæлæ та, куыд зонæм, афтæмæй ацы гæнæнæй дæр хайджын нæу ирон æвзаг, предметтæ уырыссагау ахуыр кæй цæуынц, уый тыххæй. Баззад ма иу фæрæз – ахуыргæнæджы дæсны архайд урочы. Ацы хъуыддаджы ахсджиаг инструментыл нымад у ахуыргæнæджы дзыхы ныхас.

Вазыгджын хъуыдыйад ахуыргæнгæйæ, æнæмæнг кæнын хъæуы дзырдуатон куыст. Дзырдæн йæ нысаниуæг сбæрæг кæнæн ис тæлмацы руаджы, кæнæ, куыд арæзт æрцыдысты дзырды хæйттæ, уый руаджы, кæнæ та, цы предмет бæрæг кæны, уый равдисыны фæрцы. Æнæзонгæ дзырдимæ куыд кусæн ис урочы, уый тыххæй фыссы Хъулаты Азæ: «Слово «возвращается» в текст, что способствует точному восприятию учащимися его содержания, и активизируется при помощи речевых тренировок на базе текста. Затем слово «выходит» за рамки предложенного контекста и обрастает другими словами. После этого при помощи комплекса языковых упражнений ведется работа по закреплению значения слова. Следующей стадией работы над словом являются разные виды диалогов, монологов, бесед, рассказов, устных и письменных изложений».[5]

Æрмæст хъуыдыйæдтæ раст аразгæйæ æмæ æвзаргæйæ, нæй скъоладзауты сахуыр кæнын ирон æвзагыл. Уый фаг нæу, урочы пайда кæнын хъæуы текстæй. Афтæ бирæ ахуыргæндтæ хъуыды кæнынц, уыдонимæ зындгонд ахуыргонд Сæбæтхъуаты Рамазан дæр. Уый нымайы: «Если ученик не усвоит, как связываются предложения друг с другом в тексте, как они объединяются в сложные синтаксические целые, то речь его всегда будет страдать стилистическим несовершенством. Следовательно, прежде всего, необходимо познакомить школьников с теоретическими сведениями о построении связного текста».[6]

Æнæмæнгæй, вазыгджын хъуыдыйад ахуыргæнгæйæ дæр, текстæн ис стыр ахадындзинад. Уымæ гæсгæ, уырыссаг ахуыргонд Львов М. Р. афтæ зæгъы: «Изучение языка, теоретическое и практическое, не должно отрываться от текста, в котором учащийся черпает не только научное, политическое, социальное содержание, но и понимание огромных выразительных возможностей языка, структуры текста, закономерностей его функционирования». [7]

Æмæ кæд искæй зонд æмæ зæрдæмæ фæндаг се ’взаджы руаджы ис ссарæн, уæд, æвæццæгæн, хи æмбарынæн, хи

зонынæн, æнгом адæмыхатт уæвынæн йæ сæйраг мадзæлттæй иу у мадæлон æвзаг хорз зонын. Æвзаг та хицæн дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтыл кусгæйæ нæй базонæн, зонын ын хъæуы йæ системæ, йæ структурæ. Уыцы хæс æххæст кæнынæн ирон æвзаджы урокты фылдæр гæнæнтæ ис синтаксис, уæлдайдæр та вазыгджын хъуыдыйад ахуыр кæнгæйæ.

Ирон æвзаджы синтаксис ахуыр кæнынц цыппæрæм къласæй уæлæмæ. Синтаксис ахуыргæнгæйæ, скъоладзаутæн раттын хъæуы зонындзинæдтæ ирон æвзаджы синтаксисы фæтк æмæ æгъдæуттæй. Сывæллæтты сахуыр кæнын хъæуы сæ хъуыдытæ раст дзурыныл. Синтаксис ахуыргæнгæйæ, хъус дарын хъæуы дзырдты бастдзинадмæ, хъуыдыйæдты хуызтæм, бавæргæ дзырдтæм æмæ пунктуацийы бæлвырддзинæдтæм. Скъоладзаутæ хъуамæ тырной сæ хъуыдытæ раст æмæ рæсугъд равæрынмæ.

Адæймаджы хъуыды вæййы хуымæтæг æмæ вазыгджын. Хынцын хъæуы хъуыдыйады мидисы фæуд дæр æмæ хъуыдыйады фæуды интонаци дæр. Хъуыдыйады фæуд уæлдай æргом зыны фарстон æмæ хъæрон хъуыдыйæдты. Уый фæстæ скъоладзаутæн хæслæвæрдмæ гæсгæ адаргъ кæнын фæхъæуы хъуыдыйæдтæ. Æнцондæр вæййы таурæгъон хъуыдыйæдтæ адаргъ кæнын. Ам ис сæрибарæй хъуыдыйадмæ дзырдтæ æфтауæн, фæлæ ам дæр ис цыдæр арæнтæ. Цæмæй уыцы арæнтæ æнкъарой, уый тыххæй æххуыс сты фæлтæрæнтæ.

Ирон æвзаг ахуыргæнгæйæ, урочы хæрзхъæддзинад бæрзонддæр кæнынæн стыр ахъаз сты фæлтæрæнтæ. Грамматикон фæлтæрæнтæн ис хицæн хуызтæ: фонетикон, морфологион, дзырдуатон, синтаксисон.

Астæуккаг кълæсты ахуыргæнинæгтæ æххæст кæнынц фонетикон фæлтæрæнтæ. Иртасынц, дзырдты цалгай мыртæ ис, уый. Фонетикон фæлтæрæнтæ æххæстгæнгæйæ, ахуыргæнинæгтæ зонгæ кæнынц орфоэпийы (растдзурынады) æгъдæуттимæ. Мыр дамгъæйы онг анализгæнгæйæ, сывæллæттæ банкъарынц дзырдты растдзурынады æгъдæуттæ, фæцалх вæййынц дамгъæтæ раст фыссыныл.

Ахсджиаг бынат ахсынц морфологион фæлтæрæнтæ дæр. Адон сæ мидисмæ гæсгæ дыууæ хуызы сты: 1) дзырдты морфологион скондæн анализ кæнын; 2) ныхасы хæйттæн анализ кæнын.

Фонетикон æмæ морфологион фæлтæрæнтæн ис стыр ахадындзинад вазыгджын хъуыдыйад ахуыргæнгæйæ.

Адæймаджы ныхас дзырдтæй арæзт кæй у, уымæ гæсгæ скъоладзауы активон дзырдуат уæрæхдæр кæнынц дзырдуатон фæлтæрæнтæ.

Ирон æвзаджы урокты фылдæр хатт ахуыргæнджытæ дзырдуатон куыст кæнынц афтæ: фæйнæгыл ныффыссынц зынæмбарæн кæнæ æнæзонгæ дзырдтæ, бамбарын сын кæнынц сæ нысаниуæг кæнæ тæлмацы руаджы, кæнæ синонимты фæрцы.

Махмæ гæсгæ, дзырдыл хъæуы алывæрсыгæй бакусын, ома йын скъоладзау йæ нысаниуæг базонынæй дарддæр хъуамæ арæхса, цал нысаниуæджы йын ис, уый сбæлвырд кæнынмæ дæр, равзара йæм синонимтæ, йемæ араза дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ, стæй йын тексты бацамона йæ стилистикон ахадындзинад.

7-9-æм къæсты ахуыргæнинæгтæ синтаксисæй цы зонындзинæдтæ исынц, уыдон фидаргонд цæуынц фæлтæрæнты руаджы. Синтаксисон фæлтæрæнтæн ис хицæн хуызтæ: хъуыдыйады хицæн хуызтæ æвзарыны фæлтæрæнтæ (дзырдбæстытæ, дзырдты æхсæн иудзинады баст, иухуызон дзырдтæ, иунысан æвдисæг дзырдты нысаниуæг).

Синтаксисон фæлтæрæнтæ хъуамæ баст уой морфологион фæлтæрæнтимæ.

Цæмæй, фæлтæрæнтæ æххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ раст æвзарой хъуыдыйæдтæ, уый тыххæй сын бацамонын хъæуы, вазыгджын хъуыдыйад куыд æвзарын хъæуы, уый дæр:

1. Зæгъын хъæуы, вазыгджын хъуыдыйад æнæбæттæг у æви бæттæгтимæ.

2. Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйад бабæтгæвазыгджын у æви домгæвазыгджын?

3. Цавæр хуымæтæг хъуыдыйæдтæй арæзт у?

4. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад æвзаргæйæ, бацамонын хъæуы, цавæр бæттæгтæй баст у?

5. Алы хуымæтæг хъуыдыйад дæр хицæнæй равзарын хъæуы (иувæрсыг, дывæрсыг, бæлвырдцæсгомон, æнæцæсгомон, æххæст, æнæххæст, æмхуызон уæнгтимæ).

Куыд уынæм, афтæмæй вазыгджын хъуыдыйад ахуыргæнгæйæ, пайда кæнын хъæуы æппæт куысты хуызтæй дæр.

**Литературæ**


1. Багаев Н. К. Современный осетинский язык. Ч.2. Орджоникидзе, 1982. С.363.

2. Багаев Н. К. Современный осетинский язык.Ч.2. Орджоникидзе, 1982. С.365.

3. Кулова А. Д. Развитие профессиональной речи студентов педагогического профиля. Владикавказ, 2004. С.133.

4. Кучиева Л. А. Методика изучения связного текста в старших классах национальной школы. Владикавказ. 1993. С.6.

5. Львов М. Р. Методологические основы методики развития речи учащихся. М., 1985. С.7.

6. Сабаткоев Р. Б. Методика развития связной русской речи в осетинской школе. Орджоникидзе, 1979. С.60.

7. Тахъазты Х.,Гæбæраты Н. Ирон æвзаг. 9 кълас. Дзæуджыхъæу. 1994. 6 ф.



***Валиева Т. И.,***
***канд.фил. наук, доцент кафедры***
***МННО СОГУ***


## ГЛАВНЫЕ ЧЕРТЫ ИДЕАЛА ЧЕЛОВЕЧЕСКОЙ ЛИЧНОСТИ В ЭТИКЕ И ЭСТЕТИКЕ АРСЕНА КОЦОЕВА

Арсен Коцоев высоко ценил человека. Его идеал личности хорошо прослеживается во всем творчестве. Важнейшими чертами характера личности, снискавшей субъективное благорасположение писателя, являются развитое самосознание, возвысившееся над предрассудками, высокое представление о ценности человека, любовь к труду и свободе, благородство и чувство собственного достоинства. Идеальный герой, по мнению автора, должен быть примером подражания, олицетворением всего здорового и жизнеспособного. Наделяет его писатель и своим мироощущением, стремясь выразить в его образе самое сокровенное и дорогое в собственной человеческой сути. Передает ему всю сложность и противоречивость своих взглядов.

«Живой человек носит в своем духе, в своем сердце, в своей крови жизнь общества: он болеет его недугами, мучится его страданиями, цветет его здоровьем, блаженствует его счастьем» (1,135). Эти слова В. Г. Белинского можно отнести к тем героям рассказов А. Коцоева, которые сурово осуждают отсталые патриархально-родовые обычаи. Они не являются «пассивными зрителями трагедии жизни» (М. Горький), а в меру сил и способностей стремятся к реализации своего жизненного идеала. Высокий эмоциональный накал волевых устремлений, чередующихся с нотками отчаяния человека, пережившего крушение на пути к заветной цели, придает этим

образам писателя искреннюю душевную взволнованность. Пусть благородный порыв их не увенчался успехом, пусть мечта еще не осуществилась, светлая надежда не убита в них, она жива и не дает им покоя.

В рассказе «И так бывает» честный и трудолюбивый юноша Саугуди засватал Дзерассу. Не жалея сил работает он с утра до поздней ночи, но выплатить большой калым, требуемый отцом девушки, не так-то легко. Долго и мучительно искал он выход из трудного положения. Похитить свою любимую девушку посчитал позором, и тогда парень, который в своей жизни никогда не крал, становится вором. Награбленным богатством платит калым. Но позорный промысел не дал ему более вернуться к честной жизни – на десятый день после свадьбы Саугуди был убит при очередном разбое. По вине вредного обычая загублена молодая жизнь Саугуди, трагична судьба его семьи, образ его жизни сурово осужден и обществом. «Да не простит бог моему тестю, из-за него я стал на этот путь», – словами своего героя А. Коцоев осудил калым как большое социальное зло, требующее человеческих жертв.

Накипевшую ненависть к кровной мести, к вековечному злу национального бытия, обрекавшему народ на самоистребление, писатель яростно высказал в рассказе «На заре». Свои чувства и мысли автор доверительно уступил пятнадцатилетнему Саукудзу, уже знающему цену суровым адатам горцев. Юноше, с радостью вступающему в жизнь, чужды жестокость и кровавые вожделения старших, но отец посылает его на месть, считая, что кровь убитого сына призывает к мщению. Воспитанный на патриархальных нравах, Саукудз не смог возразить Таймуразу, только слезинки блеснули в его глазах. Этим он выразил свое несогласие. Отправляя своего идеального героя на явную гибель, А. Коцоев тем самым сурово осуждает жестокий обычай кровной мести, «омрачает душу своим рассказом» (2,54).

Негативное отношение Саукудза к кровной мести автор рельефно изобразил описанием невыразимой красоты проснувшегося на заре леса и его пернатых обитателей. Трагичность этого столкновения подчеркивается очарованием пробуждающейся природы, образом едва-едва вырисовывающейся в рассветной синеве лесной чащобы. Резкий контраст между образами природы и мятущейся души идущего на смерть юноши обнажает крайнюю напряженность конфликта. Человеческое преступление разрушает гармонию в жизни природы, обессмысливает красоту своим безобразием. «Писатель передает тончайшие оттенки душевного состояния человека, их изменения и перерождения, выявляет психологические и нравственные корни пережитков в сознании человека» (3,79).

Поиски идеального героя привели А. Коцоева к созданию образа человека, не способного мириться с «несправедливостью и злом одряхлевшего мира». Кавдын («Пятнадцать лет»), в отличие от Саугуди и Саукудза, показывает не только свое несогласие и недовольство в борьбе с дедовскими обычаями, но и предпринимает ряд решительных действий. Наделенный яркими чертами и благородными качествами, он стал жертвой кровной мести. Нелепая случайность в один миг изломала его жизнь, адаты старины лишили его всех радостей бытия.

Коцоев на этот раз ведет своего героя не по традиционной для мести дороге. Герой рассказа губит лучшие годы ради страшной мести. Терпит унижения, переносит оскорбления, становится отшельником, но ждет, когда вырастет сын его обидчика. Этим автор еще сильнее усугубляет трагические последствия обычая, жертвами которого становились порой совершенно безвинные люди. По словам К. Хетагурова, «отомстить за кровь… вовсе не значит убить самого убийцу, который мог быть хромым, косым, горбатым или старым, нужна жертва, если не большая, то по крайней мере равная потере» (4,258).

Лавина накопившейся за пятнадцать лет горечи молчания прорвала запруду в одно чудесное утро, Кавдын безжалостно убивает прекрасного юношу – сына своего обидчика. Но совершённая месть не принесла

ему удовлетворения, так как «в его натуре не было жестокости» (З. Салагаева). Он предается трагически-безысходным размышлениям. Кавдын задумал и совершил месть под необоримым давлением традиционных представлений о чести и достоинстве человека. Но сознание его давно уже возвысилось над традиционными народными предрассудками. Противоречие между его реальным сознанием и нравственной традицией привело его к гибели, а точнее – к самоубийству. Смерть Кавдына – это вызов жестокой кровной мести, ставшей враждебной его нравственности. Это протест против устоявшейся традиции. Он принес себя в жертву, чтобы разорвать вековую цепь убийства из-за кровной мести.

В образе своего идеального героя А. Коцоев рисует «пробуждающегося человека, который ощупью, но уже настойчиво ищет света и выхода из той бездны мрака и лжи, куда его повергла тысячелетняя история» (5,476).

В поисках идеального героя писатель поднялся на новую ступень в рассказе «Ханиффа». Герой этого произведения Тега, славный наездник, живое воплощение идеала молодца в патриархальном мире, посватался к гордой, избалованной красавице, но та оскорбила его унизительной кличкой. За нанесенную обиду Тега поклялся отомстить Ханиффе. Этого требовал этический кодекс патриархального мира.

В первом варианте рассказа под названием «Ганиффа» («Колос», 1910, № 2) Тега был непоколебим в исполнении своего решения – через шесть месяцев после замужества девушки он расправляется с ней и сам погибает в поединке с ее мужем. Но такая концовка не отвечала идеалам писателя-просветителя. Коцоев переделывает свой рассказ, меняет трактовку проблем долга, чести и благородства. И Тега не только прощает Ханиффе свою обиду, но и называет своего противника братом, гнев сменяет на милость. Так писатель очищает сознание своего героя от гнета вековых предрассудков. По велению нового сознания он становится носителем новых нравственных истин, преодолевая традиционные поведенческие стереотипы. Такие внезапные повороты в судьбах героев характерны для всей просветительской литературы. «Естественное развитие событий здесь часто уступает место всевозможным случайностям, когда надо во что бы то ни стало обеспечить победу «моральному» человеку» (6,214).

Арсен Коцоев был очень требователен к человеку. В своем творчестве открыто говорит о его неразвитом самосознании, пороках и рабской покорности традиции. Но в то же время он опечален несовершенством человеческой природы, ибо для него превыше всего было звание человека. Его идеалом был человек высокой чести и достоинства, правда, не выходивший за пределы самых высоких этических представлений патриархального крестьянства. Такими являются многие герои его рассказов. Это еще раз подтверждает мысль о том, что художественный метод писателя определяется не только его мировоззрением и художественным мышлением, но и самой действительностью.

Анализируя произведения А. Коцоева, приходим к заключению, что важнейшей чертой характера его героев является чувство человеческого достоинства. Это достоинство они отстаивают в решительной борьбе. Они, носители лучших традиций патриархально-родовой этики, могут снести все, только не унижение достоинства и чести.

В рассказе «Ошибка» скромный и трудолюбивый Уырысби, узнав, что его возлюбленная Кудина увлеклась гостем из другого ущелья, мужественно борется за свою любовь. «Для молодого человека тяжелым оскорблением считалось похищение его невесты после сговора, в нем усматривалось сознательное оскорбление мужской гордости и достоинства жениха» (7,56).

Идеальный герой Коцоева позору и уничтожению без колебания предпочел опасность, его не смогли остановить вполне возможные кровавые последствия похищения. Он не позволил унизить не только себя, но и предостерег от ошибки свою любимую девушку. Самоотверженность, благород-

ство, сила любви Уырысби потрясли Кудину, перевернули ее сознание и необычную душу. Пробуждение ликующего летнего дня в конце рассказа подчеркивает радость победы и силу любви Уырысби и Кудины.

По мнению А. Коцоева, в какие бы трудные условия жизни не попал человек, он не должен терять свое человеческое достоинство. Наверное, поэтому оказался таким щедрым в описании абрека в рассказе «Друзья». Батырбек – конокрад, но «честно» работает со своим «другом». Пристав Иван Кузьмич выдает ему документы на краденых лошадей, а он безбоязненно продает их по дорогой цене. Но когда Топтыго потребовал львиную долю выручки, Батырбек ему резко возразил. Сталкивая абрека и продажного блюстителя порядков, автор выявляет, что представитель закона, куда больший преступник, чем разбойник с большой дороги. Симпатии автора на стороне храброго, смелого и преданного Батырбека: «Я вор и разбойник, а ты – дважды вор, дважды разбойник… Еще скажу: ты и в товарищи не годишься. У воров и разбойников тоже свои правила. Слово надо держать. Поссорился с товарищем, все равно не выдавай. Я тебя никогда не выдам…»

Местью абрека Коцоев еще раз подчеркивает превосходство своего героя, который никому не позволяет унизить свое человеческое достоинство ни в каких обстоятельствах.

Безусловно, А. Коцоев романтизировал образ Батырбека, показав его сильным и независимым. Характерен и романтически приподнятый тон повествования, где речь идет об абреке. Ему противно стяжательство и стремление к самодовольному покою, а чувство собственного достоинства не позволяет мириться с долей раба. Стихийный протест нередко приводил абрека к разрыву со своей средой. Конечно, бунтарство Батырбека уродливо и анархично, но презрительное отношение к сытой жизни делает его привлекательным в глазах «униженных и оскорбленных», с позиции которых этот образ и оценивает автор.

Идеальные герои А. Коцоева позору бесчестия и унижения предпочитают не только опасности, но и славную смерть. Этим они одерживают моральную победу над насильником. Смерть их – это вызов всему враждебному их нравственности.

В эпоху дефицита нравственности актуально звучит рассказ А. Коцоева «В водовороте жизни». Студент Буца, попав в Петербург, пытался вначале сопротивляться пагубному влечению большого города. Но, не проявив стойкости характера, он отдается соблазнам города и уродует свою жизнь, теряет человеческий облик. Однако и в унижении он сохранил малую толику прежней гордости и чистоты. Наложив на себя руки, он доказал, что человеку противопоказано жить в нравственном уродстве.

Писателю наиболее близок идеальный образ патриархального крестьянина-труженика. Показателен в этом отношении герой рассказа «День схватки». Автор наделяет своего героя теми качествами, которые составляют идеал свободолюбивого горца. Жизнь Додти состояла из череды однообразно тянувшихся дней изнурительного труда, нескончаемых страданий и безутешного горя. Но у него неиссякаемое, по сути дела, терпение, ибо он единственный кормилец своей семьи. Он необычайно уступчив и миролюбив, но его потрясло столкновение с жестоким миром торгашей. Додти высокого мнения о своем человеческом достоинстве, а для лавочника он всего лишь «гололобый», которому место в Сибири. Нормы традиционной в патриархальном мире морали обязывали осетина за оскорбление личности и человеческого достоинства жестоко мстить своему врагу. Оскорбления, нанесенные Додти, вызвали в нем сильное эмоциональное возбуждение. В ответ на пощечину он вонзил кинжал в обидчика, и тем самым защитил свое человеческое достоинство. Несомненна чистота гневного порыва героя в защиту прав личности. Додти знал, что вступает в смертельную схватку с насилием толпы торгашей, но не позволил безнаказанно глумиться над собой, не опозорил высокое звание человека.

Перед озверевшими насильниками не склонила головы гордая мать Саломи из

одноименного рассказа. Внутренняя сила, мудрая твердость характера помогали ей защитить от позора себя и своих детей. Бесчестию она предпочла смерть – вместе с детьми бросилась в бездонную пропасть. Героиня А. Коцоева «чиста, как снег на вершине гор, решительна и бесстрашна, как герои осетинских эпических песен» (8,296).

Каждая эпоха выдвигает своего литературного героя, в котором концентрируются особенности данного времени. Идеальный герой А. Коцоева наделен некоторыми важными достоинствами патриархального горца-осетина, но лишен основных черт национального характера. Идеал человека показан писателем не во всей полноте и красе.

Мы видим лишь отдельные штрихи, «которые представляют сгусток нравственных добродетелей». Но в то же время во внутренней сущности героев А.Коцоева заложено важное качество, которое восходит к стремлению всех писателей-просветителей «… насытить литературу гуманистическим содержанием, превратить ее в средство распространения просветительских идей» (9, 214).

**Литература**

1. Белинский В. Т. Собр. соч., т.2. – М., 1955.

2. Бялый Г. А. Чехов и русский реализм. Очерки – Л., 1981.

3. Гуляев Н. А. Теория литературы. – М., 1977.

4. Гуляев Н. А. Указ. работа.

5. Джикаев Ш. Ф. Осетинская литература. Краткий очерк. – Орджоникидзе, 1980.

6. Кокиев Т. А. Нормы осетинской морали // Проблемы этнографии осетин. – Орджоникидзе, 1989.

7. Салагаева З. М. От Нузальской надписи к роману. – Орджоникидзе, 1984.

8. Успенский Т. И. Полное собр.соч., т.11. – М., 1952.

9. Хетагуров К. Л. Собр.соч., в 5 томах. Т.4. – М., 1959.

***Асаты Наталья,***
***ЦИПУ-йы ирон литературæйы кафедрæйы доцент,***

***Цхуырбаты Наталья,***
***ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты 4-æм курсы студентка***

## ХÆХХОН СЫЛГОЙМАДЖЫ ХЪЫСМÆТ ЦÆГОЛТЫ ГЕОРГИЙЫ СФÆЛДЫСТАДЫ

«Мæгуыры сæрыл дзурын», фæллойгæнджытæ æмæ æппæт æфхæрд адæмы сæраппонд тох Цæголты Георгийæн уыд йæ царды хъуыддаг. Уыимæ Георгий æмбæрста, фыдæлтыккон æгъдæутты аххосæй сылгоймаджы уавæр уæлдай

зындӕр кӕй уыд. Уымӕ гӕсгӕ сылгоймаджы хъысмӕт стыр бынат ахсы Цӕголы-фырты сфӕлдыстады. Ӕмӕ уый ӕнӕнхъӕлӕджы нӕ уыд. Немыцаг гуманист Гумбольдт фыста: «Нравственность народа определяется отношением к женщине».

Хӕххон сылгоймаджы уӕззау увӕр иуыл ирдӕй Георгий равдыста йе 'мдзӕвгӕ «Ирон чындз»-ы. Ацы ӕмдзӕвгӕйы ӕвдыст ӕрцыд, сылгоймаджы царды ӕппӕты амондджындӕрыл нымад чи у, уыцы рӕстӕг – чызг йӕ «амонд» куы ссары. Фӕлӕ, куыд рабӕрӕг ис, афтӕмӕй чындзы увӕры бӕллиццагӕй ӕппындӕр ницы ис:

Ӕнкъард дӕ ды… Нӕ судзы цины стъӕлфӕн
Дӕ цӕстыты; фыдӕфхӕрд дӕ, фӕллад…
Дӕ зӕрдӕйы фӕдисгӕнӕг уӕццӕ фӕнд
Нӕ фӕйлауы сыгъзӕрин уарзты цад.

Хӕкъуырцгӕнгӕ дӕ уд ӕххуысмӕ сиды.
Налхъуыт цӕссыгтӕй абузы дӕ маст…
Дӕхинымӕр дӕ сыгъд амонд ӕлгъитыс,
Дӕ разы та – чындзӕхсӕвы гуыпхъазт…

Зӕрдыл ӕрбалӕууы Хъаныхъуаты Иналы уац «Положение женщины у северных осетин».[3] Цы 'нхъӕлмӕ кӕсы ирон чындзмӕ царды? Ӕмыр сагъӕс, цӕрӕнбонты удхар. Уымӕн ӕм бадзуры тӕригъӕдгӕнгӕйӕ:

Ӕцӕгӕлон, фыдуаг бинонты 'фхӕрдӕн
Ныр уалдзыгон сӕлӕф митау ӕртай…
Ӕниу дӕумӕ дӕр амондӕй ӕмбӕлди!
Ӕмбӕлди дӕм уӕларвы рухсӕй хай!

Ахӕм увӕры ирон сылгоймаджы ӕвӕрдта ирӕд исыны ӕгъдау. Лӕппуйы бинонтӕн-иу ирӕд бафидыны охыл сӕ хӕдзар сафтид ис, ӕмӕ-иу сӕ чындзмӕ цагъайраджы цӕстӕй кастысты. Ацы проблемӕ фӕзынд ӕппӕт фысджыты сфӕлдыстадыл дӕр. Кочысаты Розӕ ацы проблемӕйыл ныффыста сӕрмагонд уац «Нӕ Иры чызджытӕм»[4], зӕгъгӕ, ахӕм сӕргондимӕ. Ис дзы ахӕм рӕнхъытӕ: «Ӕгъгъӕд у, ӕгъгъӕд, чызджытӕ, махӕн уыцы ӕгъдауыл хӕцын! Афон у махӕн дӕр сӕрибардзинад агурын. Аппарӕм нӕ ирӕды ӕгъдау ӕмӕ нӕхи уӕй кӕнын мауал уадзӕм». Розӕ сиды ӕппӕт чызджытӕм дӕр, цӕмӕй сӕ алчидӕр йӕ фыдмӕ бадзура: «Уӕ, мӕ фыд, ӕз дӕ хъӕбул дӕн, ӕмӕ мӕ уӕй ма кӕн».[5]

Цӕголты Георгийы «Дыгуроны радзырд»-ы уынӕм ӕрыгон мады – сидзӕргӕсы хъысмӕт. Радзырд кӕсгӕйӕ, зӕрдыл ӕрбалӕууы Къостайы «Сидзӕргӕс». Уый фӕдыл профессор Джусойты Нафи йӕ чиныджы афтӕ фыссы: «Сӕ хабӕрттӕ ӕмхуызон сты райдайӕны – дыууӕ уацмысы дӕр дзырд цӕуы сидзӕргӕсы хъысмӕтыл. Къостайы «Сидзӕргӕс» мад йе стонг сабитӕн хъӕдурты бӕсты дуртӕ фыцы. «Дыгуроны радзырды» та сидзӕргӕс нал фӕразы йе стонг сабимӕ кӕсын ӕмӕ сфӕнд кодта йӕхи дӕр ӕмӕ йӕ сабийы дӕр доны (уазал Ӕрӕфы уылӕнты) баппарын. Хицӕндзинад та уый ис сюжеты, ӕмӕ Къоста сидзӕргӕсы ныууагъта йӕ фынӕй сабиты нывӕрзӕн хъарӕггӕнгӕ, Георгийы сидзӕргӕс та йӕ сабийӕн фӕтӕригъӕд кодта ӕмӕ йӕ ныууагъта цӕргӕ иунӕгӕй, йӕхи та Ӕрӕфы нывзылдта…»[6]

Ацы хъуыддагӕй чиныгкӕсӕджы зӕрдӕ бамӕгуыр вӕййы, фӕлӕ йыл дис нӕ бакӕндзӕн, уымӕн ӕмӕ ахӕм хъизӕмайраг цардӕй мӕлӕт хуыздӕр у.

Где голод царствует всегда,
Где радости никто не знает.
Где жизнь никто и никогда,
Клянусь, с тоской не покидает…

…Все слезы… голод … нищета
От колыбели до могилы…
Все гнет бесплодного труда,
Без пользы трата юной силы…

Ахӕм цардӕй фервӕзын адӕм амондыл нымадтой. Раст ахӕм хуызы ӕвдыст ӕрцыд сылгоймаджы хъысмӕт Къостайы ӕмдзӕвгӕтӕй иуы («На смерть горянки»):

Не рыдайте безумно над ней, –
Она цели достигла своей, –
Тяжесть жизни, нужда и невзгоды
С колыбели знакомы уж ей…
Хорошо умереть в ее годы…

Ничего, что она молода, –
Кроме рабства, борьбы и труда,
Ни минуты отрадной свободы
Ей бы жизнь не дала никогда…
Хорошо умереть в ее годы…

Бæрæг у, иунæг кæй не сты ацы сылгоймаг-хъайтартæ. Ацы хъуыддаг йæ уацмысы бахахх кодта Цæголты Георгий дæр:

…Не знаю, впрочем… Может быть,
То волны бешеные мчали
Других, которые здесь жить,
Как мать моя, уже устали.

Урух! Урух! Не мало ты
Принял на лоно вод холодных
Детей суровой нищеты,
Раздетых, сирых и холодных.

Къостайы æмдзæвгæйы кæроны дæр уыцы хъуыды ис:

Приютят ее лучше людей
Под холодною сенью своей
Тесный гроб и могильные своды…»
Не рыдайте безумно над ней, –
Хорошо умереть в ее годы.

Георгийы радзырды героиня йæ хъизæмарæй фервæзт. Фæлæ бæллиццаг нæу, йæ фæстæ кæй ныууагъта, уыцы сидзæры хъысмæт. Джусойты Нафийы хъуыдымæ гæсгæ, новеллæ «Бецал» «…ахæм хуызы фыст æрцыд, цыма «Дыгуроны радзырд»-ы дыккаг хай у. Уыцы радзырды чысыл лæппуйы мад йæхи доны баппæрста, йæ сабийы, æнахъом лæппуйы та цæргæйæ ныууагъта… Фæлæ цы баци лæппу, зыбыты иунæгæй куыд цæры ацы æгъатыр дунейы?… Ацы фæрстытæн дзуапп дætты новеллæ «Бецал».[7]

Бецал у сидзæр лæппу, иунæг. Йæ мад амарди, йæ фыдæбойнаг цардæй фервæзтис, æмæ йæ хъæбул иунæгæй баззад. Хъæздыг Хъуыдайнат æй йæ хæдзармæ акодта, мæ хæстæг, дам, дæ. Фæлæ, фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй йæ хъуыди æххуырстæн – йæ фысты йын хизын кодта. Фыстæ хизынæн ницы у, фæлæ йæ йæ фысымтæ æфхæрынц, стырæй-чысылæй йæ нæмынц. Рæвдауæн ныхас сæ никуы никæмæй фæхъуыста.

Мæнæ та иу бон Бецал сæрвæты йæ фысты хизы. Æрдзы хъæбысы дзы йæ мæстытæ æрбайрох вæйййынц. Арвмæ кæсы чысыл Бецал: арвы къуырфы мигътæ хилынц сæ сæрибар балцы. Мигъы къуыбар куы дзæбидыры хуызы бацæуы, куы уæйгуыты хуыз райсы, æмæ уым диссагæй ницы ис, фæлæ мæнæ мигъы урс къуыбар бацыд сылгоймаджы хуызы æмæ Бецалмæ фæкаст йæ дзæнæты бадинаг мады хуызæн… Чысыл, гуыбыр сылгоймаг, урс дарæсы мидæг, цыма йыл мардæмбæрзæн уыди конд, уыйау.

Лæппуйы бауырныдта, йæ мады сурæт кæй уыны, уый. Тæригъæд кæны фыццаг йæ мадæн, – хист ын не ’рцыд конд, адæмы мæрдтау. Фæлæ уалынмæ йæхицæн дæр фæтæригъæд кодта æмæ йæ мадæн хъаст кæны: «Зын мын у, гыцци, ацы ран!..»

Кæдæй-уæдæй Бецал йæ хъаст йæ мадæн ракодта, æмæ йын фенцондæр ис. Йæ зæрдæ фæрогдæр. Фæлæ мигъы къуыбар йæ хуыз ивын райдыдта, æмæ йæм Бецалы мады æууæлтæй куы ницыуал баззад, уæд та Бецалы зæрдæ йæхи къултыл ныххоста… Тæригъæддаг Бецал хъæр кæны йæ мады æндæргмæ: «Гыцци, кæм дæ?» Фæлæ йæм гыцци мæрдтæй не ’рыздæхдзæн, уый зоны, æмæ «судзгæ маст æмæ æгæрон иунæгдзинад ныззæй кодтой Бецалыл. Ныддæлгом уазал зæххыл æмæ йæ цæссыг цыхцыр ныллæууыд.

– Гыцци! Гыцци! – райхъуысы хаттæй-хатт йæ хъæрахст.

– Гыцци! Гыцци! – райхъуысы йæ хъæрмæ къæдзæхы цъассæй азæлд.

– Гыцци! Гыцци! – кæуы азæлд дæр, фæлæ дард ран, комы уынгæгæй…»

Ӕрдз дӕр нӕ уромы мӕгуыр сидзӕры маст. Ахӕм у сидзӕры хъысмӕт.

Радзырд «Абырӕг»-ы уынӕм, йӕ кары чи бацыд, ахӕм сылгоймаджы – абырӕджы мады, хъысмӕт. Йӕ уавӕры бӕллиццагӕй ӕппындӕр ницы ис. Ӕмӕ йын фыссӕг ӕрхӕндӕгӕй дзуры йӕ царды хабӕрттӕ: «Я молилась и счастья ожидала… Замуж пошла… Тоже молилась всегда и всегда счастья ждала… Скоро мужа в Сибирь отправили… Казак его плетью ударил… Он выхватил кинжал и убил казака. Другие казаки сказали: грабить хотел… Его за это в Сибирь сослали… И я все молилась… Все на счастье надеялась… Сильно надеялась, так как мальчик у меня остался… Бедный мальчик…

…Бедный мальчик… Он тоже молился, а счастье не шло к нам, забыло про нас… Бедно жили мы… Хлеба часто не было в сакле. Сухой крошки чурека. Голодали… Трудно было…»

Фӕлӕ ацы зынтӕ Фатимӕ ницӕмӕ дардта – йӕ зӕрдӕ Хуыцауыл дардта. Фӕлӕ уӕдмӕ лӕппу фӕхъомыл, ӕмӕ райдыдта ӕмбарын, адӕм иухуызон кӕй нӕ цӕрынц. Иутӕн хъаны цард ис, иннӕтӕ та сыдӕй мӕлынц. Кусын райдыдта, фӕлӕ искӕй зӕххыл фыдӕбон куы кӕнай, уӕд дзы фарсыл ницы хӕцы. Ӕмӕ уӕд давынил ныххӕцыд, ӕмӕ йӕ Сыбыры хай фӕкодтой. Фӕлӕ йын уырдыгӕй ралидзын бантыст, ӕмӕ сабырӕг ис.

Чиныгкӕсӕджы зӕрдӕ фӕриссы дыууӕ персонажы уавӕрӕй. Мады зӕрдӕ йӕ иунӕг хъӕбулмӕ ӕхсайы, фырты зӕрдӕ та – мадмӕ. Фыртӕн хӕдзармӕ ӕрбаирвӕзын куы бантыст, уӕд йӕ мадӕн афтӕ загъта: «Мне досталось 50 туманов. Они мне не нужны, мама… Я для тебя их… О себе я не думаю… Я – волк теперь, зверь лесной… Я о тебе думаю… Я и в Сибири о тебе думал… Купишь себе корову… Хлеба купишь… Поживи, бедная мама, хоть раз в жизни так, как люди богатые живут…

В голосе горца слышатся слезы».

Уӕд Фатимӕ йӕ фыртӕн афтӕ зӕгъы: «Мое счастье – ты… Твое счастье – мое счастье… Твоя беда – моя беда. Что – деньги? Не нужны мне они. Если тебе трудно, все деньги мира не сделают светлее моего сердца… Мальчик…»

Ахицӕн сты мад ӕмӕ фырт. Ӕвӕццӕгӕн, цӕрӕнбонтӕм. Ӕмӕ та зӕронд Фатимӕ кӕуы, хъӕрзы, йӕ урс дзыккутӕ тоны…

Фатимӕ дӕр, «Дыгуроны радзырд»-ы героиня дӕр, сӕ Райгуырӕн бӕстӕйы иузӕрдион хъӕбултӕ сты, уарзынц цард. Фӕлӕ удӕгӕстӕ мӕрдтӕм кӕм хӕлӕг кӕнынц, уый цавӕр цард у?! Уымӕ гӕсгӕ дыууӕ героиняйӕ дӕр райхъуысы карз ӕлгъыстытӕ. Фыццаг «Дыгуроны радзырд»-ы героиняйӕ:

О, будь ты проклят, белый свет,
Где жизнь – один лишь ряд страданий,
Где вера мрет в пучине бед,
Где гибнут наши унованья…

Фатимӕ ацы героиняйы карӕнӕй тыхджындӕр разынд, ӕмӕ, йӕ иунӕг хъӕбулыл хъуыды кӕнгӕйӕ, йӕ ныфс йӕ зӕрдӕйы рӕбынӕй не суагъта. Фӕлӕ йӕ царды кӕрон ӕрцыд ахӕм хатдзӕгмӕ – йӕ царды йӕхӕдӕг дӕр хорзӕй ницы федта, йӕ иунӕг хъӕбул та хъӕддаг сырды цард кӕны. Ӕмӕ нӕ баурӕдта Фатимӕ йе ’лгъыст: «Долой моленья… Проклятье всему на свете, проклятье счастью и добру, если только они еще есть на земле… Проклятье за то, что они бегут от людей, скрываются, как ночные пугливые птицы…»

Куыд федтам, афтӕмӕй хохаг сылгоймаджы хъысмӕт, цы ӕрыгонӕй, цы карджынӕй, бӕллиццаг нӕ уыд. Тынг рысти Цӕголы-фырты зӕрдӕ ирон сылгоймаджы хъизӕмайраг уавӕрыл. Уыимӕ фидар уыд йе ’ууӕнк йӕ адӕмы рухс фидӕныл. Зындгонд балхъайраг поэт Хъайсын Кулиевы загъдау:

Не распуститься дереву опять,
Которому зимой весна не снится.
О невозможном если не мечтать,
То вряд ли и возможное свершится!

Уымæн сын æвæрдта ныфсытæ, се 'нусон хъадамантæ кæй ныссæтдзысты, уымæй. 1910 азы Георгий ныффыста æмдзæвгæ «Прометей». Ис дзы, зæрдæйы ныфс чи бауадзы, ахæм рæнхъытæ:

Уадз, 'мæ згъорæнт азтæ – мæн уырны, ныллæудзæн
Амонды фæрныг бон – рухстау æмæ уаз…
Саст рæхыс сæрибар зарæджы ныннæрдзæн,
Нал хъуысдзæни додой, райдзæни Кавказ.

Æмæ Георгийы бæллиц сæххæст ис – ирон сылгоймаджы цард цæхгæр фендæрхуызон. Уымæн æвдисæн, Георгий 22 азы фæстæ (1932 азы) цы æмдзæвгæ ныффыста, уый:

…И над тобой, вчерашняя рабыня,
Наставший день сияние простер,
Перед тобой – не жуткая пустыня,
Не гуща мглы, а радостный простор.

Сестра!.. Живи!.. Теперь уж жить не страшно…
Трудись!… Теперь уж не проклятье – труд.
Ни сталь звонков, ни служба и ни пашня
Уж крови здесь, как прежде, не сосут…

Какая ширь!.. Какие упованья!..
Какой полет для творческой мечты!..
Я ухожу… Но счастлив я сознаньем,
Что, наконец, уж не рабыня – ты![8]

**Литературæ:**


1. Ælборты Хадзы-Умар. Ирон адæмы хъысмæтыл мæтгæнæг // Рæстдзинад. – 2002. – 6 ноябрь.
2. Габараев С. Георгий Цаголов. Творчество и мировоззрение. – Цхинвал, 1962.
3. Гулуев А. «Осетинские мотивы» Г. Цаголова // Известия СОНИИ. – Вып. 1. – 1925.
4. Гулуты Андрей. Цæголты Георгий // Мах дуг. – 1966. – №11. – Ф. 65-69.
5. Джусойты Нафи. Ирон литературæ: ахуыргæнæн чиныг астæуккаг скъолайы 9-æм къласæн. – Дзæуджыхъæу, 2001.
6. Кануков И.Д. Положение женщины у северных осетин // Кануков Инал. В осетинском ауле. – Орджоникидзе, 1985. – С. 272-287.
7. Кочысаты Розæ. Уацмыстæ. Розæйыл фыст уацтæ, æмдзæвгæтæ, нывтæ, æнæуый æрмæджытæ / Чиныг сарæзта Уанеты Владимир. – Цхинвал, 1990.
8. Разум сердца. Мир нравственности в высказываниях и афоризмах. – М., 1989.
9. Суменаты Замирæ. Цæголты Георги – зынгæ поэт æмæ публицист // Мах дуг. – 1971. – №4. – Ф. 84-91.
10. Суменова З.Н. Г. М. Цаголов // Цаголов Г.М. Собрание сочинений в 3-х томах. – Том 1. – Владикавказ, 1992. – С. 5-15.
11. Тотров Р. На сцене только девушки // Кочысаты Розæ. Гæды лæг, кæнæ нæ пъырыстыф сæрра. – Орджоникидзе, 1988.
12. Хадарцева А. Вдохновенные строки борца // Социалистическая Осетия. – 1971. – 28 апреля.
13. Цибиров Г. Жизнь, отданная борьбе // Молодой коммунист. – 1969. – 26 апреля.

***Сидахъаты Анжелæ,***
***Беслæны 1-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# УАРЗОНДЗИНАДЫ ТЕМÆ ИРОН АДÆМОН СФÆЛДЫСТАДЫ

Кæцыфæнды адæмы культурæйы дæр уарзондзинады темæ ахсы зынгæ бынат, уымæн æмæ уый у æнкъарæнты рæсугъддæр æмæ диссагдæр. Хуызджын ахорæнтæй йæ снывæфтыд кодтой Рафаэль æмæ Врубель, Микеланджело æмæ Пикассо. Музыкæйы зæлтæй йæ зæххы алы къуымтæм фæхастой Бах æмæ Бетховен, Вивальди æмæ Чайковскийы уацмыстæ. Æппæт дунейы уарзондзинады литературон цыртдзæвæнтыл нымад сты Шекспиры «Ромео æмæ Джульеттæ», Петраркæйы сонеттæ, Пушкин æмæ Толстойы æнæмæлгæ лирикæ… Адæмы чи иу кæны, ахæм бæрзонд æнкъарæн у уарзондзинад. «У всех народов во все времена она воспевалась в литературе, обожествлялась в мифологии, героизировалась в эпосе, драматизировалась в трагедии», – фыста В. Шестаков [7, с.3].

Сылгоймагмæ уарзондзинад лæджы стыр хъуыддæгтæм разæнгард кæны, уый «адæймаджы тохы бон хъæбатыр кæны, сабыр царды рæстæг – уæздан». Уарзондзинад бæрзонд æмæ сæрибар æнкъарæн у, сæуæхсидау – ирд, цæссыгау сыгъдæг. «Цæимæ ис абарæн уарзт – уыцы диссаджы удсыгъдæггæнæг æнкъарæн, сабийы зæрдæйау хивæнд чи у, зæронд лæгау зонддждын, арвау парахат. Йæ тыхы ахаст ын абариккам мæлæты тасимæ, фæлæ лæг йæ уарзты фæдыл мæлæтмæ дæр цæуы», – фыссы Малиты Васо [3, с.36].

Алы адæм сæхирдыгонау æмбæрстой уарзондзинад, кодтой йын сæхирдыгонау аргъ, арæзтой сæхи философи, æвдыстой дзы сæ национ культурæйы хицæндзинæдтæ.

Ирон фольклоры уарзондзинады темæйыл уацмыстæ сты хæрз чысыл, «…уымæн æмæ хæххон уавæрты тызмæг æгъдæуттæ æмæ ирон этикет фидар хæцыдысты æнкъарæнты рохтыл»,-фыссы Джыккайты Шамил [1, с.166]. Уæлдай карздæр домæнтæ уыд сылгоймагмæ. «Бæгуыдæр дывæрцыг уыд сылгоймаджы уавæр ирон æхсæнады. Социалон æгъдауæй цас æнæбар уыд, уыйас барджын æмæ кадджын уыд этикон æгъдауæй»,- фыссы дарддæр Джыккайты Шамил. Уыцы хъуыддаган ис ирд æвдисæнтæ фольклорон æмæ литературон уацмысты, иртасæн куыстыты.

Ирон адæмы культурæйы ирд æвдисæн у Нарты эпос. Уым бæлвырдæй æвдыст цæуынц нæ рагфыдæлты царды уаг, сæ бæллицтæ æмæ сгуыхтытæ. Нарт кадыл мард уыдысты. Бæрзонд æвæрд сæм уыд лæджы намыс. Лæджы намысджын кæны йе ’гъдау. «Нравственность народов зависит от уважения к женщине», – фыста В. Гумбольдт [6, с.174]. Сылгоймаджы фæндон сæххæст кæнын уыд нæртон хъæбатыры бæрнон хæс. Сослан Ацырухсы сæраппонд фæцыд Мæрдты бæстæм Аза-бæласы къалиутæм.

Нæртон лæг нæ барста сылгоймаджы æфхæрд. Борæтæ Сатанайы зындоны цады ныппæрстой, уый фæдыл Сослан бафхæрдта фыдгæнджыты.

Батрадз йæ усы æфхæрд нæ ныххатыр кодта суанг Нарты дзуарæн. Уыцы таурæгътæн сæ бындур сты нæ фыдæлты уæздан æгъдæуттæ. Нæлгоймагæй йæ ныфс æмæ æхсар домдтой сылгоймагæн аргъуц кæнын.

«Нарты Батрадзмæ уыд æртæ миниуæджы: хъæбатырдзинад, сылгоймаджы ’рдæм зæрдæдзинад æмæ гуыбыныл уæздан» [5, с.216]. Уыцы миниуджытæй æвзæрстой нарт Батрадзы æмæ йæ се ’хсæн банымадтой хуыздæрыл.

Нæртон сылгоймаг домы нæлгоймагæй намыс æмæ лæгдзинад. Уыцы миниуджытæ, зæгъæ, гуыппырсармæ нæй, уæд ын уый йæ уарзт нæ ратдзæн.

Афтæ Акула-рæсугъд симынмæ нæ рахызт нарты фæсивæдæй никæимæ, алкæуыл дæр сæ фау сæвæрдта, йæ сæрмæ нæ хæссы, лæджыхъæд дард кæмæй лидзы, уыдоны. Батрадзæн дæр чызг нæ хатыр кæны, йæ фыды фыд тыхгæнæг Хъæндзæргæсмæ уацары кæй ис, уыцы аипп. «Лæгæн йæ адæмæй иунæг дæр æфхæрд кæнæ цагъар куы уа, уæд йæ худинаг хауы æппæт адæммæ дæр, уæд герой нæу сæрибар, къахыр у йæ намыс, – афтæ у Акула-рæсугъды хъуыды, афтæ у нæ фыдæлты этикон зондахаст», – фыссы Джыккайты Шамил [2, с.68]. Батрадз сæххæст кодта чызджы фæдзæхст, кæд йæ фæндаг тæссаг уыд, уæддæр, зæронд Уоны уацарæй суæгъд кодта, ссыгъдæг йæ ном, йæ намыс, сси, нæ фыдæлтæм идеалон чи каст, ахæм хъæбатыр. Акула-рæсугъд канд бакастæй аив нæу, фæлæ у удæй рæсугъд. Зоны йæ сæрæн кад кæнын, нæлгоймагæй домы лæгдзинад.

Хæхбæсты къуындæг цард домдта адæймагæй фидар удыхъæды хицау уæвын, тызмæг æгъдæуттæм гæсгæ раст цæрын. Царды сæйраг домæн уыд цыфæнды уавæрты дæр хиуыл хæцын. Ахæм карз уавæрты сылгоймаг арф æмбæхста йæ зæрдæйы сагъæстæ, йæ сусæг æнкъарæнтæ.

Ирон чызг æхсæнадмæ цæуаг нæ уыд, афтæ домдта æгъдау. Йæ кары-иу куы бацыд, æрмæст-иу ын уæд радтой йæ бинонтæ хъазтмæ ацæуыны бар, уый дæр йе ’фсымæртимæ. Ам-иу ыл арæх фыццаг хатт æртыхст уарзондзинады тых. Фæсивæд цæстæнгасæй, æрфыджы фезмæлдæй кæрæдзийæн æмбарын кодтой сæ зæрдæты ахаст… Ирон удыхъæд равдисынæн ирд цæвиттонтæ сты адæмон зарджытæ.

Дæ рахиз цæст мæм фæныкъул,

Дæ уарзон уымæй зондзынæн [4, с.71].

Ærыгон лæппуйы бæллиц уыд йæ цард йæ уарзон чызгимæ баиу кæнын. Йæ идеал уыд рæсугъддзинад. Уый йæ сусæг зарджыты алыхуызон абарстытæй хуызджын æмæ нывæфтыд кодта йæ уарзон чызджы фæлгонц.

Мæнæн мæ уарзон цæрæнбон

Джеры дзуары хуызæн у [4, с.67].

Сылгоймаджы æддаг бакаст уыд сæйраг домæн, уымæн æмæ, æгъдау куыд домдта, уымæ гæсгæ кæрæдзийы удыхъæд базонынæн фадат нæ уыд.

Адæмон сфæлдыстады æмткæй зыны ирон лæджы уæздандзинад. Уыцы миниуæгæн йæ ратæдзæн ис фыдæлты æгъдæутты æмæ хуызджынæй æвдыст æрцыд Нарты кадджыты, зарджыты, таурæгъты.

### Литературæ:


1. Джыккайты Ш. Разагъды лæгтæ// Сæрибары фидиуæг. Дзæуджыхъæу. Ир. 1999.

2. Джыккайты Ш. Ныхасы фарн. Зонадон уацтæ æмæ эссе. //Нæртон лæг æмæ нæртон намыс. Ир.1996.

3. Дзырд æмæ царды рæстдзинад. Литературон-критикон уацтæ. //Малиты Васо. Уарзондзинады лирикæ ирон поэзийы. Ир. 1985. 36 ф.

4. Зарджытæ. Таурæгътæ. Æмбисæндтæ. – Цхинвал. 1977.

5. Нарты кадджытæ.Ирон адæмы эпос. Æртыккаг чиныг. Дзæуджыхъæу.2005.

6. Разум сердца. Мир нравственности в высказываниях и афоризмах. М. Политиздат. 1989.

7. Шестаков В.П. Вступительная статья //О любви и красотах женщин: трактаты о любви эпохи Возрождения. М.: Республика. 1992.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Гаппуаты Фатимæ,***
***Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-æм КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «Фыдыбæстæ! Дæуæй зынаргъдæр, адджындæр нæ уыдис æмæ нæй...» (Кочысаты М.)**

**Грамматикон темæ: «Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ»**

*Урочы нысантæ:*

1. Бацамонын хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, сæ хицæндзинæдтæ.
2. Бакусын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл.
3. Гуырын кæнын уарзондзинад райгуырæн бæстæмæ.

*Урочы хуыз:* ног æрмæгыл кусыны урок.

*Урочы цыд:*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæджы ныхас:* Абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый сбæрæг кæнынæн нын феххуыс уыдзæн аргъау. Байхъусут æм.

Иу хохаг хъæуы цардис лæппу, йæ ном – Хъазбег. Алы райсом дæр-иу бацин кодта хуры рухсыл, цъиуты цъыбар-цъыбурыл. Дымгæйы фæлмæн уддзæф ыниу алæгъз кодта йæ сæрыхъуынтæ. Фæлæ иу хатт фæкомкоммæ дымгæйы митæм, йæ цæст сыл ахаста æмæ бамбæрста, дымгæ удæгас адæймаджы хуызæн кæй у. Ацы хъуыды йæ иу ран нал уагъта, æмæ дымгæйыл ныффыста æмдзæвгæ. Бакæсæм-ма йæ.

Дымгæ хъазы, дымгæ ниуы,
Дымгæ футтытæ кæны.
Дымгæ тъизы хохы риуыл,
Тар, æрхæндæгæй кæуы.

Урс дзæнхъа дуртæ лæхуры,
Дымгæ хæдзæрттæм лæбуры.
Дымгæ дуæрттæ сæтты,
Хъæдты, арф кæмтты хæты.

(Хъороты Хъазбег)

*2. Беседæ:*

– Æмдзæвгæ уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цæмæй?

(Æмдзæвгæйы дымгæ у адæймаджы







хуызæн. Тæлфаг, иу ран бадын нæ зоны. Дымгæ ма у тынг мæсты адæймаджы хуызæн. У тыхджын, куы смæсты вæййы, уæд адæмæн фыд митæ дæр бакæны. Сæ хæдзæртты сæртæ сын ахæссы, дуæрттæ басæтты).

*Ахуыргæнæг:* Æз дымгæйы куы ныв кæнин, уæд æй равдисин мæнæ ахæм хуызы:



***II. Ног æрмæгыл куыст.***

Беседæ æмæ хæслæвæрдтæ:

1. Цавæр ныхасы хай феххуыс поэт Хъороты Хъазбегæн дымгæйы хъазт æмæ тызмæгдзинад равдисынæн? (Мивдисæг)

2. Æмдзæвгæйæ рафыссут, дзырд *дымгæ*-имæ баст мивдисджытæ.

Фæйнæгыл сæ равдисæм (слайд).

3. *Ахуыргæнæг:* Дзырдтæй кæцыты нысаниуджытæ нæ зонут?

(Лæхурын – лыстæг ныммур кæнын, хæтын – цæуын, тезгъо кæнын)

4. Цавæр фарстæн дзуапп дæттынц мивдисджытæ?

(Иу фарстæн – Цы ми кæны?)

ном. **Дымгæ** мивд. хъазы,

мивд. ниуы, мивд. футтытæ кæны,

мивд. тъизы, мивд. кæуы,

мивд. лæхуры, мивд. лæбуры,

мивд. сæтты, мивд. хæты

– Цавæр дзырдимæ баст сты æмдзæвгæйы мивдисджытæ?

(Иу дзырдимæ – *дымгæ*, хъуыдыйады у сæйрат)

– Кæцы афоны æвæрд сты мивдисджытæ? (Нырыккон афоны)

– Кæцы цæсгомы мивдисджытæ сты? (3-аг цæсгомы мивдисджытæ)

– Кæцы нымæцы сты? (Иууон нымæцы)

– Мивдисæг *кæуы* цавæр мивдисджытæй ивд цæуы æмдзæвгæйы?

(Кæуы – ниуы, тъизы)

– Куыд хонæм ахæм дзырдтæ? (Синонимтæ)

5. *Ахуыргæнæг:* Поэт æмдзæвгæйы цы мивдисджытæй пайда кæны, уыдон кæрæдзи нæ хъыг дарынц, тынг хæстæг сты сæ хъуыдымæ гæсгæ. Кæрæдзийæн æххуыс кæнынц дымгæйы архæйдтытæ ранымайынæн. Ацы мивдисджытæ цæрынц хæларæй, æмбарын кæнынц уыцы иу дзырд – дымгæ. Хъуыдыйады

хæларæй кæй цæрынц, уый тыххæй сæ хонынц ***хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.***

6. Цы хъуамæ базонат хъуыдыйады æмхуызон уæнгты тыххæй?

*Дзуапп:* Цы сты æмхуызон уæнгтæ? Цавæр миниуджытæ сын ис? Цæмæй хицæн кæнынц хъуыдыйады иннæ уæнгтæй?

– Хъуыдыйады æмхуызон уæнгты тыххæй уыцы зонындзинæдтæ куы базонæм, уæд цæмæ хъуамæ арæхсæм? Цæмæн нæ бахъæудзысты уыцы зонындзинæдтæ?

*Дзуапп:* Мах арæхсдзыстæм:

1).Тексты æмхуызон уæнгтæ ссарынмæ.

2).Æмхуызон уæнгтæй ныхасы пайда кæнынмæ.

3).Æмхуызон уæнгтæ кæм ис, уыцы хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрынмæ.

*7. Ахуыргæнæг:* Кæд мæм лæмбынæг байхъуыстат, уæд хъуамæ ранымайат æмхуызон уæнгты æууæлтæ.




Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ:

1) Дзуапп дæттынц иу фарстæн;

2) Загъд вæййынц иу ныхасы хайæ;

3) Вæййынц иу хъуыдыйады уæнг;

4) Дзурæм сæ ранымады интонацийæ;

5) Хъуыдыйады баст вæййынц иу дзырдимæ.

*8. Ахуыргæнæг:* хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ нын феххуыс уыдзысты нæ райгуырæн горæт Æрыдоныл æрдзурынæн.

Æрыдоны тыххæй уæ хæдзары хъуыд чысыл презентаци бацæттæ кæнын. Презентацимæ ныффыссын хъуыд текст Æрыдоны тыххæй. Ныртæккæ йыл æрдзурдзыстæм.

(Ацы куыст бацæттæ кодта сывæллæтты къорд. Къордæй иу фæйнæгмæ рацыд, презентаци æвдисы, иннæ та кæсы текст).

Скъоладзаутæ текстмæ байхъусынц, равзарынц дзы, æмхуызон уæнгтæ кæм ис, ахæм хъуыдыйæдтæ. Уыдон сты:

*Æрыдон у райдзаст æмæ рæсугъд горæт. Ис дзы фæтæн уынгтæ, аив хæдзæрттæ, фæлладуадзæн бынæттæ. Æрыдоны ис 3 скъолайы, интернат, культурæйы галуан, дуканитæ, базартæ. Мах бирæ уарзæм нæ горæт, зилæм ын йæ уынгтæм, хъахъхъæнæм ын йæ рæсугъд бынæттæ.*

*9. Хæстæ баххæст кæнын:*

1) Хъуыдыйæдтæ бакæсын, ссарын æмхуызон уæнгтæ. Сбæрæг кæнын: цавæр фарстæн дзуапп дæттынц, кæцы дзырдимæ баст сты, цавæр ныхасы хæйттæ сты, цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты, куыд сæ дзурæм.

2) Иу хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын.

3) Иу хатт ма скæнын хатдзæг хъуыдыйады æмхуызон уæнгты тыххæй.

*10. Текст бакæсын.* Стъæлфыты бæсты бавæрын хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл бæттæг дзырдтæ-фæлхатæнтæ кæнæ номивджытæ.

*Теркмæ кæлы бирæ цæугæдæттæ. … (Уыдонæн) се 'ппæты стырдæр у Æрыдоны дон. … (Цæугæдон) рауадис цыппар донæй. … (Дæттæ) баиу вæййынц Зæрæмæгмæ хæстæг. Æрыдоны дон Къасарагомы йæхицæн алæгæрста*

*фæндаг. Æрра сырдау къæдзæхы къултыл йæхи хойы, ниуы. Дзæгъæлы йæ нæ хонынц Æрыдон, ома «æрра дон».*

*11. Тексты ссарын хъуыдыйад æмхуызон уæнгтимæ.*

(Æрра сырдау къæдзæхы къултыл йæхи хойы, ниуы).

Хъуыдыйады ис æмхуызон зæгъинæгтæ.

*12. Ирыстоны картæмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтæй баххæст кæнын.*

(Хæс раттæн уыд рагацау, цæмæй йæ презентациимæ иу сывæллон радзура)

*Теркмæ кæлы бирæ цæугæдæттæ:* Джызæлдон, Æрыдоны дон, Æрæфы дон, Малка (Кæсæг-Балхъары) æмæ цæугæдон Сунжæ.

Цæугæдæттæн се 'ппæты стырдæр у Æрыдоны дон. *Уый рауадис цыппар донæй:* Баддон, Нардон, Мамысондон, Цъæйдон.

*13. Æмхуызон уæнгтæ цы хъуыдыйæдты ис, уыдоныл æрдзурын:*

– Цавæр æмхуызон уæнгтæ сты?

– Цæмæй загъд æрцыдысты?

– Цавæр сæрмагонд номдартæ ис тексты?

– Куыд фыссын хъæуы сæрмагонд номдартæ?

*14. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ æрхæцæн нысæнттæ куыд æвæрд цæуынц, уый тыххæй скæнын хатдзæг.*

***III. Æрмæг бафидар кæнынил куыст.***

*1. Æмбисæнды 'хсæн равзарын, райгуырæн бæстæйыл чи дзуры, ахæмтæ. Ссарын, æмхуызон уæнгтæ кæм ис, ахæм æмбисæндтæ.*

1) Йæ райгуырæн бæстæйы чи нæ уарзы, уый царды ад нæ зоны.

2) Дæттæ иууылдæр радзырдта, Æрыдон та ферох кодта (æмхуызон зæгъинæгтæ).

3) Мад, хæдзар, райгуырæн бæстæ адджын сты (æмхуызон сæйрæттæ).

4) Хи хуыккомы мыст дæр хъæбатыр у.

*2. Саразын синквейнтæ æмхуызон уæнгтимæ.*

1-аг къорд аразы синквейн дзырд *дымгæ*-имæ.

1. Дымгæ.
2. Фæлмæн, тыхджын.
3. Хъазы, дымы, ниуы.
4. Уд дæтты зайæгойтæн, цæрæгойтæн.
5. Цард.

2-аг къорд аразы синквейн дзырдбаст *цæугæдон Æрыдон*-имæ.

1. Æрыдон.
2. Абухгæ, сыгъдæг.
3. Кæлы, æвзæры, гуыры.
4. Цæугæдон ис Цæгат Ирыстоны.
5. Кæсæгтæ.

*3. Тестытæ баххæст кæнын.*

Бакæсын хъуыдыйæдтæ. Цавæр æмхуызон уæнгтæ дзы ис, уый сбæрæг кæнын.

Нæ цæхæрадоны зайы уырыдзытæ, цæхæратæ, пъамидортæ æмæ джитъритæ.

Хъуыдыйады ис
1) æмхуызон сæйраттæ
2) æмхуызон зæгъинæгтæ
3) æмхуызон æххæстгæнæнтæ
4) æмхуызон бæрæггæнæнтæ
5) æмхуызон фадатон дзырдтæ

Хæххон суадон пырхæнтæ кæны, размæ бырсы, лæбуры.

Хъуыдыйады ис
1) æмхуызон сæйраттæ
2) æмхуызон зæгъинæгтæ
3) æмхуызон æххæстгæнæнтæ
4) æмхуызон бæрæггæнæнтæ
5) æмхуызон фадатон дзырдтæ

Арвмæ стахтысты урс, сырх, цъæх æмæ кæрдæгхуыз шартæ.

Хъуыдыйады ис
1) æмхуызон сæйраттæ
2) æмхуызон зæгъинæгтæ
3) æмхуызон æххæстгæнæнтæ
4) æмхуызон бæрæггæнæнтæ
5) æмхуызон фадатон дзырдтæ

Горæты экскурсийы рæстæг мах

уыдыстӕм сырддоны, парчы ӕмӕ музейы.

Хъуыдыйады ис

1) ӕмхуызон сӕйраттӕ
2) ӕмхуызон згъинӕгтӕ
3) ӕмхуызон ӕххӕстгӕнӕнтӕ
4) ӕмхуызон бӕрӕггӕнӕнтӕ
5) ӕмхуызон фадатон дзырдтӕ

Ӕнӕнхъӕлӕджы залы амбӕлдыстӕм не 'мкъласонтыл ӕмӕ нӕ ахуыргӕнӕгыл.

Хъуыдыйады ис

1) ӕмхуызон сӕйраттӕ
2) ӕмхуызон згъинӕгтӕ
3) ӕмхуызон ӕххӕстгӕнӕнтӕ
4) ӕмхуызон бӕрӕггӕнӕнтӕ
5) ӕмхуызон фадатон дзырдтӕ

*2. Схемӕтӕ баххӕст кӕнын ӕрхӕцӕн нысӕнттӕй.*

О О О

О ӕмӕ О О ӕмӕ О

О фӕлӕ О

О дӕр О дӕр О дӕр

*3. Ӕрхӕцӕн нысӕнттӕ раст ӕвӕрд кӕм не сты, уыцы хъуыдыйӕдтӕ фӕбӕрӕг кӕнын.*

1) Хъӕды цӕрынц тӕппуд тӕрхъустӕ хинӕйдзаг рувӕстӕ ӕмӕ тугдзых бирӕгъ-тӕ.

2) Ӕхсӕвы тар йӕ сау ӕмбӕрзӕн хъӕдыл ӕрӕппӕрста, йӕ хъӕбысы йӕ бакодта.

3) Мӕйы рухсмӕ хорз зындысты къудзитӕ нарӕг къахвӕндӕгтӕ, ӕмӕ чысыл уираг дуртӕ.

4) Мӕ хо дидинджытӕй зырзырагтӕ нӕ уарзы, фӕлӕ уардитӕ.

5) Лӕппу мӕ федта фӕлӕ мӕм хӕстӕг не 'рбацыд.

***IV. Урочы хатдзӕгтӕ.***

*1. Беседӕ:*

Цы базыдтат ногӕй урочы?

– Цӕмӕн нӕ хъӕуынц хъуыдыйады ӕмхуызон уӕнгтӕ? Куыд ивы сӕ фӕрцы нӕ ныхас?

– Цы куысты хуызтӕ ӕххӕст кодтат, уыдонӕй уӕ зӕрдӕмӕ тынгдӕр кӕцытӕ фӕцыдысты?

– Цӕуыл ма дзырдтам абон нӕ урочы? (Нӕ райгуырӕн горӕт Ӕрыдоныл).

*Ахуыргӕнӕг:* Алы адӕймагӕн дӕр ис йӕхи райгуырӕн бӕстӕ. Сымахӕн уӕ чысыл райгуырӕн бӕстӕ у Ӕрыдон. Уарзут ӕмӕ йӕ хъахъхъӕнут.

***V. Хӕдзармӕ куыст:*** Ӕмбисондмӕ гӕсгӕ ныффыссын сочинени-тӕрхон: «Хи хуыккомы мыст дӕр хъӕбатыр у».

***Хлойты Лейлӕ,***
***Ӕрыдоны 1-ӕм скъолайы***
***ахуыргӕнӕг***

## ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙЫ УРОК 5-ӔМ КЪЛАСЫ

### Урочы темӕ: «Зондӕн йе вдисӕн – ӕвзаг»
### (Хетӕгкаты Къостайы «Лӕскъдзӕрӕн»-мӕ гӕсгӕ)

*Урочы эпиграф:* «Дзырд кӕддӕриддӕр дзырд сайы».
(Къоста)

*Урочы нысантӕ:*

1) скъоладзауты базонгӕ кӕнын Хетӕгкаты Къостайы уацмысимӕ,

 æрдзурын уацмысы жанрыл;

2) ахуырдзауты фæцалх кæнын текст æвзарыныл, текстмæ иртасæджы цæстæй кæсыныл; дзургæ ныхасы рæзтыл бакусын;

3) иронау аив дзурынмæ тырнындзинад гуырын кæнын, хи хъуыдытæ раст æмæ аивæй æргом кæныныл бакусын.

*Универсалон ахуырадон архæйдтытæ урочы:* удгоймагон, регулятивон, логикон, коммуникативон, дунембарынад парахат кæнын.

*Нырыккон технологитæ урочы:* хъазт, проблемондзинад, информацион технологитæ.

*Урочы хуыз*: урок-балц.

*Урочы цыд:*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæджы разныхас:* Абон мах цæуæм аргъæутты бæстæмæ балцы.

– Цы-иу райстой семæ Нарты фæсивæд, балцы цæугæйæ?

*Дзуапп:* хæссынæн рог, хæрынæн адджын хæринæгтæ.

– Мах та немæ райсдзыстæм нæ цыргъзонд æмæ дзырдарæхстдзинад. Ацы дыууæ миниуæджы нæ бахъæудзысты суанг фыццаг къахдзæф акæнынæн. Нæ фыццаг къахдзæф та у викторинæ. Дыууæ къордæн дæр – хæслæвæрдтæ. Чи сæ куыд æххæст кæны, афтæ размæ цæуы.

Викторинæйы руаджы сбæрæг уыдзæн, Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад куыд зонут, уый.

(Скъоладзаутæ дихгонд æрцыдысты дыууæ къордыл. Алы къорд дæр кусы хицæнæй).

1-аг къорды хæс: Базонын Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæтæ.

Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ, –
Тæккæ былгæрон,...
(«Æрра фыййау»)

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы, –
Лæджы æмбæрц æруары мит.
(«Мæгуыры зæрдæ»)

Хъæд йæ бур сыфтæр ызгъалы,
Хъæды булæмæргъ ныхъхъус,
Кæрдæг бур-бурид зæлдагау
Къуылдымтыл ныххус.

*Дзуапп:* Ацы скъуыддзаг Хетæгкаты Къостайы уацмысæй ист нæу. Йæ автор у Кочысаты Мухарбег, æмдзæвгæ «Фæззæг».

Сонт рæдыдæн – барст;
Хорз зæрдæйæн – уарзт.
(«Кæмæн цы»)

2-аг къорды хæс: Базонын Хетæгкаты Къостайы баснятæ.

Иу фынджы рагъыл та иу хатт
Уый дæр та фæзынд кæцæйдæр!..
(«Булкъ æмæ мыд»)

Галы фиу… Йæ бын мæхъийау
Фондз уæрдæхæй баст.
(«Марходарæг»)

Иу цæст ма фезмæлыд,



Иннæ ныдздзагъыр…
(«Бирæгъ æмæ хърихъупп»)

Æххæст ма зарын
Куы зонис, уæд дæ...
(«Халон æмæ рувас»)

***II. Ног ӕрмӕгыл куыст.***

*1. Презентацийы фӕрцы ахуырдзаутӕ сӕхӕдӕг хъуамӕ сбӕрӕг кӕной урочы темӕ, уацмысы сӕйраг хъуыды.*

*Дзуапп:* Нывты ӕвдыст цӕуынц алыхуызон цӕрӕгойтӕ, стыртӕ ӕмӕ гыццылтӕ. Стыр цӕрӕгойтӕ сты тыхджын, гыццылтӕ та – ӕдых. Фӕлӕ бӕрӕг у, гыццылтӕ стыртыл кӕй фӕуӕлахиз сты, уый.

– Цӕй фӕрцы сыл фӕуӕлахиз сты?

*Дзуапп:* Ныфсджын кӕй сты, кӕй сӕ нӕ тӕрсынц, уый фӕрцы.

– Царды афтӕ нӕ вӕййы?

*Дзуапп:* Царды дӕр ӕдых адӕймаг арӕх фӕуӕлахиз вӕййы тыхджыныл. Амбулы йӕ зондӕй, ныхасӕй.

– Куыд уӕм кӕсы, абон цы уацмысимӕ базонгӕ уыдзыстӕм, уым цӕуыл цӕудзӕн ныхас?

*Дзуапп*: Чысыл лӕг йӕ ныфс ӕмӕ зонды фӕрцы тыхджыныл куыд фӕуӕлахиз, ууыл.

– Ӕрбакӕсут нывмӕ. Кӕй дзы уынут? Чи сты персонажтӕ?



*Дзуапп*: Фыййау ӕмӕ уӕйыг.

– Абон базонгӕ уыдзыстӕм Хетӕгкаты Къостайы ног уацмысимӕ. Йӕ архайджытӕ – фыййау ӕмӕ уӕйыг. Цавӕр уацмысы хуызы фыст у, уый та сбӕрӕг кӕнут, А.С. Пушкины уацмысмӕ гӕсгӕ (кӕсы скъуыддзаг А.С. Пушкины аргъауӕй «У лукоморья дуб зеленый»).

– Цавӕр у ацы уацмысы жанр?

*Дзуапп*: Литературон аргъау. Къостайы уацмыс дӕр уыдзӕн литературон аргъау.

– Цӕмӕй хицӕн кӕны литературон аргъау фольклорон уацмысӕй?

*Дзуапп*: Литературон аргъауӕн бӕрӕг у йӕ автор.

*2. Дзырдуатон куыст.*

– Араст уӕм нӕ балцы. Бахӕццӕ стӕм, фыййау йӕ фос кӕм хызта, уыцы бӕстӕмӕ. Фӕлӕ ныл фӕндагыл амбӕлдзысты ӕнӕзонгӕ дзырдтӕ, сӕ мидис сын базонӕм.

(Слайдтыл – дзырдтӕ ӕмӕ нывтӕ)

Лӕскъдзӕрӕг: фыййау, йӕ мызд – лӕппынвос.

Кӕфой: хор дымгӕмӕ дарӕн кӕхцгонд;

Нывыл: куыд ӕмбӕлы, афтӕ.

Хизынц (хин ӕмӕ кӕлӕнӕй): хъахъхъӕнынц.

Ахӕтын: ам – балцы ацӕуын.

Терк-Турчы бӕстӕ: аргъауы цавӕрдӕр ӕбӕрӕг бӕстӕ.

Мӕга: чысыл цъиу.

3. *Текстыл куыст.*

(Хъуысы хъисын фӕндыры цагъд. Ахуыргӕнӕг йӕхӕдӕг райдайы кӕсын, стӕй ахуырдзаутӕ цӕсгӕмттӕм гӕсгӕ радыгай кӕсынц уацмыс. Текст каст цӕуы хайгай. 11 строфа бакӕсыны фӕстӕ арӕзт цӕуы цыбыр беседӕ).

*4. Беседӕ:*

– Лӕскъдзӕрӕг уӕ цӕстытыл цавӕрӕй ауад? Цавӕр адӕймаг у?

(Уӕздан, хиуылхӕст, фӕллойуарзаг. Мӕгуыр адӕмӕн сӕхи хуызӕн)

– Уӕйыг та уӕм цавӕр фӕкаст?

(Магуса, ӕлгъаг, расыггӕнаг, гуымиры)

(Дзырдтӕ фыссынц фӕйнӕгыл,



персонажты нæмтты бакомкоммæ. Дзуæппытæ фидаргонд цæуынц текстæй ист рæнхъытæй)

– Куыд хуыйнынц лексикæйы, сæ нысаниуджытæ ныхмæвæрд кæмæн сты, уыцы дзырдтæ?

(Антонимтæ)

(Дарддæр кæсынц текст)

– Цавæр цæлхдуртæ æрæвæрдта уæйыг лæскъдзæрæджы цур? Куыд схонæн ис аццы мимæ гæсгæ уæйыджы?

(У æдзæсгом, тыхмигæнæг)

Дарддæр текст каст цæуы цæсгæмттæм гæсгæ. Кæсгæйæ амынд цæуынц, тексты цы аивгæнæн мадзæлттæ ис, уыдоны нысаниуджытæ: æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, афоризмтæ, базырджын ныхæстæ.

*5. Беседæ æмæ хæслæвæрдтæ.*

– Ссарут тексты аргъауы элементтæ.

– Цæй руаджы фæуæлахиз лæскъдзæрæг уæйыгыл?

– Зонды тыххæй цавæр æмбисæндтæ кæнæ цаутæ зонут (ирон æмæ уырыссаг æвзаджы).

– Нæ аргъауы цал архайæджы ис? Сæ ныхас куыд хуыйны? (Диалог)

*6. Фæлладуадзæн рæстæг – цæстыты зарядкæ.*

– Сывæллæттæ, дарддæр кæнæм нæ балц. Цæмæй мах фенæм нæ Лæскъдзæрæджы фысты, уый тыххæй нæ хъæуы аракæс-бакæс кæнын (хъуысы ирон адæмон музыкæ, фæйгæгыл – слайдтæ æрдзы нывтимæ, хизæнуæттимæ, фосы дзугтимæ. Сывæллæттæ systадысты, сæхи аивæзтой, сæ къухты ауæтты кæсынц куы галиуæрдæм, куы та – рахизæрдæм. Слайдты агурынц фысты, нымайынц сæ)

*7. Хъазт «Дзырд кæддæриддæр дзырд сайы».*

– Балцы цæугæйæ, немæ рахастам нæ цыргъзонд æмæ дзырдарæхстдзинад. Спайда сæ кæнæм.

(Къордты куыст. Скъоладзаутæ агурынц дзуæппытæ нымæцонтæм. Алы нымæцмæ гæсгæ дæр хъуамæ бацæттæ кæной, нымæцон фехъусгæйæ, сæ цæстытыл цы ауади, сæ зæрдыл цы ’рбамбæлди, уыимæ баст дзуапп. Равдисын хъæуы, адæмон сфæлдыстад куыд зонынц, уый дæр)



1-аг къорд цæттæ кæнынц дзуæппытæ нымæцонтæ *иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз*-мæ гæсгæ.

2-аг къорд цæттæ кæнынц дзуæппытæ нымæцонтæ *æхсæз, авд, аст, фараст*-мæ гæсгæ.

(Ацы хæс раттæн уыд рагацау дæр. Хицæн скъоладзаутæ нымæцтæм гæсгæ хъуамæ бацæттæ кодтаиккой чысыл презентацитæ. Зæгъæм, нымæцтæ-символтæ æртæ, авд, фараст-ы тыххæй радзурæн ис тынг цымыдисæй)

Скъоладзауты дзуæппытæ цыбыртæй:

Иу – Хуыцау, арв, хур, мæй. Иу дæн æз, иу у мæ сæр, ис мын иунæг хо æмæ а.д.

Дыууæ – дыууæ къухы, дыууæ къахы, дыууæ цæсты, дыууæ хъусы æмæ а.д.

Æртæ – æртæ Нарты, Ирыстоны тырысайы æртæ хуызы, æртæ чъиритæ, фынг – æртæкъахыг, аргъауы æртæ фырты (æвдыст цæуынц слайдтæ)

Цыппар – цыппар афæдзы афоны, цыппæрвадыгæй азгъорын, цыппар цæстæй кæсын, дунейы цыппар хайы (Цæгат, Хуссар, Скæсæн, Ныгуылæн), стъолы цыппар къахы æмæ а.д.

Фондз – фондз æнгуылдзы, фондз-тигъон стъалы, фондз – иттæг хорз бæрæггæнæн, нæ бинонтæ сты фондз æмæ а.д.

Æхсæз – æз цæрын æхсæзæм хæдзары, нæ къласы ис æхсæз лæппуйы æмæ а.д.

Авд – стъалыты къорд «Авд хойы»,

авд авды, аргъау «Авд æфсымæры иунæг хо», авд дæлдзæхы ныххауын, æмбисонд «Семеро одного не ждут» æмæ а.д.

Аст – аст – ронбаст (дæллаг гуыр æмæ уæллаг гуыр), аст у зæхх æмæ арвы бастдзинады символ æмæ а.д.

Фараст – фарæстæмы ам нæ уыдтæн, – ахæтын мæ хъуыд…

*Ахуыргæнæг*: Тынг цыргъзонд стут! Хорз спайда кодтат уæ дзырдарæхстæй дæр.

*8. Дзырдбыд баххæст кæнын* (фæрстытæ фылдæр арæзт сты уацмысы текстмæ гæсгæ).

Фæрсырдæм: 1. Лæппын фос йæ мызд кæмæн у, уыцы фыййау куыд хуыйны? 2. Æртæ æфсымæрыл – иу худ. 3. Цæй руаджы фæуæлахиз лæскъдзæрæг уæйыгыл? 4. Уацмыс «Лæскъдзæрæн» йæ жанрмæ гæсгæ у …

Бынырдæм: 1. Чи бафхæрдта лæскъдзæрæджы? 2. Кæцæй æрбатардта фыййау йæ фос?

3. Хоры къутуйау йæ тæнтæ, бинаг был – … 4. Символикон нымæцон.

(2 къорды хæслæвæрд æххæст кæнынц хицæнæй æмæ уый фæстæ кæрæдзийы фыстытæ бæрæг кæнынц).

*9. Чиныджы иллюстрацийыл куыст.*

– Кæцы рæнхъытæ дзы æвдыст цæуынц? (Кæсынц скъуыддзаг)

*10. Синквейн æрхъуыды кæныныл куыст.*

(2 къордæн дæр лæвæрд цæуынц уацмысы текстæй дзырдтæ-номдартæ, аразынц дзы синквейнтæ)



***III. Хатдзæг.***

*1. Беседæ:*

– Аргъауы уæ зæрдæмæ цы фæцыд?
– Цæуыл нæ ахуыр кæны уацмыс?
– Цæмæ тырнын хъæуы царды мидæг?

*2. «Уды æнкъарæнтæ раргом кæныныл куыст» (рефлексия).*

– Мæ лымæнтæ, нæ балц кæронмæ æрхæццæ. Балцы цæугæйæ, æрæмбырд кодтам алыхуызон дидинджыты сыфтæ. Алы хуыз дæр нысан кæны цавæрдæр æнкъарæн. Бур – хъæлдзæгдзинад, рухс æмæ хорз. Кæрдæгхуыз – сабыр, хиуылхæст уæвын, Цъæх хуыз – æнкъард, æрхæндæг уавæр. Уæ хорзæхæй, радыгай фæйнæгмæ рацæут, æмæ сæ саразæм дидинæг. Ныртæккæ базондзыстæм, абоны урочы уæм цы æнкъарæнтæ сæвзæрд, уый. Цымæ, цавæр хуызтæ фылдæр уаид уæ дидинæджы?

(Ахуырдзаутæ систой дидинæджы сыфтæ, ахуыргæнæгимæ дзы сарæзтой стыр дидинæг).

– Уæ удты æнкъарæнтæ сты рухс, райдзаст æмæ хорз.

*3. Ахуыргæнæг:* Ныр та уæхицæн бæрæггæнæнтæ сæвæрут. Абон уæ урочы алчи дæр куыд куыста, уый йæхæдæг сбæрæг кæнæд. Фæйнæгыл – Нарты бæласæй ист фæткъуытæ. Сæ иутæ – сырх (иттæг хорз бæрæггæнæн), иннæтæ – бурбын сырх (хорз бæрæггæнæн), æртыккæгтæ та – цъæхбын (рæстæмбис бæрæггæнæн).

(Скъоладзаутæ исынц фæйнæгæй фæткъуытæ, дзурынц, цæмæн сæ исынц, уый).

***IV. Хæдзармæ куыст:*** Аргъауы бындурыл темæ «Зондæн йе 'вдисæн – æвзаг»-мæ гæсгæ ныффыссын чысыл нывæцæн-тæрхон. Сбæттын æй абоны цардимæ.

***V. Кæронбæттæн.***

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй фæцис аргъау?
*Дзуапп:* Арфæйы ныхæстæй:
Уымæй æз куыд дæн æнæ хай,

Афтæ мын ды дæр
Адæмы хæрзтæй хуыздæрæй
Се 'рцыдмæ фæцæр!..

*Ахуыргæнæг:* Уыцы арфæ куы бакастæн, уæд мæ зæрдыл æрлæууыд Абайты Васойы ныхас (фæцард 100 азæй фылдæр): «Сывæллонæй-иу хистæрæн исты лæггад куы ракодтон, уæд-иу мын, бирæ цæр, зæгъгæ, раарфæ кодта. Æз, æвæццæгæн, уымæн бирæ фæцардтæн».

– Сымахæн та уæ хистæртæ цавæр арфæтæ фæкæнынц?

– Ныр та кæрæдзийæн арфæтæ ракæнут.

– Бузныг, мæ лымæнтæ. Æз дæр нæ урок фæуыдзынæн арфæйæ: «Уæ ныййарджыты фæндиаг байрæзут».

***Фардзинты Кларæ,***
***Алагиры 2-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-æм КЪЛАСЫ

### Урочы темæ: «Зымæг хъал чызгау йæ базыл Урс зæлдаг дзыккутæ фаста»

*Грамматикон темæ:* «Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ»

*Урочы хуыз:* урок-ерыс.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.***

*1. Терминтыл куыст.*

Таблицæйы цы терминтæ ис, уыдонæн сæ æмбарынæдтæ раст ссарын.

Терминтæ: синтаксис, хуымæтæг хъуыдыйад, хъуыдыйады грамматикон бындур, хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ, фæрссаг уæнгтæ.

Сæ бакомкоммæ æмбарынæдтæ: сæйрат æмæ зæгъинаг; иу грамматикон бындур кæм ис, ахæм; æвзагзонынады хай; æххæстгæнæн, бæрæггæнæн, фадатон дзырдтæ.

(Скъоладзаутæ интерактивон фæйнæгыл стрелкæтæй бæрæг кæнынц раст дзуæппытæ).

*2. Грамматикон аргъауыл куыст.*

Æвзагзонынады бæстæйы цардис Синтаксис. Йæ хъæбул Хъуыдыйадæн уыди бирæ сывæллæттæ. Дыууæ фаззон хистæры хуындысты Сæйрат æмæ Зæгъинаг. Тынг æнæвдæлон уыдысты ацы фаззæттæ. Сæ ныййарæг сæ йæ хæдзары бындур хуыдта.

Цоты кæстæртæ æртæйæ: Æххæст-гæнæн, Бæрæггæнæн, Фадатон дзырд – æвдæлондæр уыдысты. Куы сæ иуы хъуыди хистæртæн аххуыс кæнын, куы – сæ иннæйы. Афтæ дæр-иу рауад, æмæ-иу уыцы иу рæстæг се 'ртæйы æххуыс дæр бахъуыд.

Æртæ кæстæрæн-иу уæгъд рæстæг куы уыди, уæд-иу арæх быцæу кодтой, чи сæ фылдæр æххуыс кæны сæ хистæртæн, ууыл.

*3. Ахуыргæнæг:* Абон нæ хæс у уыцы быцæуæн кæрон скæнын.

(Кълас адих кæнын 3 къордыл. Алы къорд дæр дзуры хицæн хъуыдыйады фæрссаг уæнгыл. Алы къорд дæр, цы хъуыдыйады уæнджы кой кæны, уый нымайы æппæтæй ахсджиагдæрыл,

ныхасы мидæг тынгдæр чи хъæуы, ахæмыл. Афтæ кæй у, уый та къорды уæнгтæ хъуамæ бафидар кæной сæ дзуаппæй. Ацы хæс скъоладзаутæн лæвæрд уыд рагацау).

*Ахуыргæнæг:* Цы уæ бахъæудзæн абон уæ размæ æвæрд хæстæ сæххæст кæнынæн? (зонындзинæдтæ, хæлардзинад)

*4. 1-аг къордæй иу скъоладзау дзуры:* Кæстæртæй иу уыд Æххæстгæнæн. Уый хæларæй царди хауæнтæй кæцыдæртимæ: Номон, Гуырынон, Дæттынон, Арæзтон, Иртæстон, Æддагбынатон, Цæдисонимæ.

Тынг хæларæй царди Зæгъинагимæ дæр. Иу кæцыдæр бон Æххæстгæнæны нал ардтой æмæ фæфæдис сты Зæгъинагмæ. Уый йæ уайтагъд ссардта.Уæдæй ырмæ, Æххæстгæнæны куы фæагурынц, уæд фыццаг райдайынц Зæгъинагæй.

(Дарддæр къорды уæнгтæ дзурынц, æххæстгæнæны тыххæй цы теоретикон æрмæг сахуыр кодтой, уый: цы нысан кæны, цавæр фæрстытæн дзуапп дæтты, цавæр æххæстгæнæнтæ ис ирон æвзаджы, цæмæй загъд æрцæуы).

*1-аг къордæй æндæр скъоладзау дзуры:* Æххæстгæнæн у, ныхасгæнгæйæ нæ æнæмæнг чи фæхъæуы, ахæм хъуыдыйады фæрссаг уæнг. Тынг арæх дзы фæпайда кæнæм. Ныртæккæ уын æххæстгæнæнты руаджы мах радзурдзыстæм, нæ фыдæлтæ Ногбонмæ сæхи куыд рæвдз кодтой, уый тыххæй.

*Сылгоймæгтæ-иу бафснайдтой хæдзар. Кодтой чъиритæ, фыхтой бæгæны.*

*Сывæллæттæн-иу æрцæттæ кодтой лæвæрттæ. Æфсин кодта æртхурон æмæ-иу æй байуæрста бинонтыл. Адæм кæрæдзийæн арфæтæ кодтой.*

(Тексты хъуыдыйæдтæ синтаксисон æвзæрст кæнынц. Иу хатт ма дзурынц æххæстгæнæны нысаниуæгыл).

Дзырдуатон куыст: *æртхурон.*

– Æртхурон у Ногбоны гуыдын. Кодтой йæ æрмæстдæр бинонтæн. Йæ мидæг ыниу бавæрдтой хоры нæмгуытæ, хъуымацы гæбаз æмæ а.д. Йæ чъирийы хайы кæмæ цы æрхаудзæн, уымæ гæсгæ хатдзæгтæ кодтой фидæны азы тыххæй.

*Скъоладзау:* Куыд федтат, афтæмæй нæ фыдæлты æгъдауы тыххæй радзырдтам æрмæст æххæстгæнæнты æххуысæй. Нæ бон зæгъын у: Æххæстгæнæн у æппæтæй ахсджиагдæр хъуыдыйады уæнг.

*5. 2-аг къорды уæнгтæ дзурынц Бæрæггæнæны тыххæй.*

*Къорды хистæр райдайы:* Махмæ та афтæ кæсы, æмæ æнæ бæрæггæнæнтæ цард уаид æнкъард, фæлурс, æгъуыз.

*Дзурынц теоретикон æрмæг бæрæггæнæны тыххæй.*

*Скъоладзау:* Цæмæй уæ нæ ныхæстæ хуыздæр бауырной, уый тыххæй æрбакæсут мæнæ ацы нывтæм.

***Зымæгон уынг***





Бæрæггæнæнты руаджы фæлурс, æгъуыз ныв алы ахорæнтæй сæрттывта, йæ хуыз скалдта.

*Хæс:* 2-аг нывмæ гæсгæ ныффыссын 3-4 хъуыдыйады бæрæггæнæнтимæ,

бæрæггæнæнтæ бахахх кæнын.

*Скъоладзау:* Бæрæггæнæнты руаджы ма адæм базонынц «мæн у» – «дæу у», ома предмет кæй у, кæнæ цæй хай у.

(Æрхæссынц дæнцæгтæ)

*Скъоладзау:* Махмæ гæсгæ, бæрæггæнæнтæ æппæтæй тынгдæр хъæуынц не ’взаджы, хъæздыгдæр æмæ аивдæр кæнынц нæ ныхас.

*6. 3-аг къорды уæнгтæ дзурынц Фадатон дзырдты тыххæй.*

*Къорды хистæры ныхас:* Æмæ Фадатон дзырдтæ иннæтæй æнæпайдадæр сты? Зæгъæм, æз ме ’мбалмæ куы бадзурин, «æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн», уæд мæ куыд бамбарид, *кæд?, кæм?* æмæ йæм *цæмæн?* æнхъæлмæ кæсдзынæн, уый йын куы нæ зæгъин, уæд?

*Райсом дæм сихорыл дуармæ æнхъæлмæ кæсдзынæн: футболæй хъазынмæ цæудзыстæм.*








Дарддæр къорды уæнгтæ дзурынц фадатон дзырдты тыххæй теоретикон æрмæг: цы нысан кæнынц, цавæр хуызтæ сын ис (афоны, бынаты, æфсоны, нысаны, архайды хуызы), цæмæй загъд вæййынц.

Фæйнæгыл – слайдтæ зымæгон æрдзы нывтимæ. Сæ быны хъуыдыйæдтæ: 1) Зымæгон хъæд зыны аргъауы бæстæйау. 2) Бæлæстæ сæ урс къабаты ног чындзытау лæууынц. 3) Миты тъыфылтæ урс гæлæбутау уæлдæфы кафынц. 4) Бæлæсты къалиутыл мит æвзистау æрттиві. 5) «Зымæг хъал чызгау йæ базыл урс зæлдаг дзыккутæ фаста».

Алы хъуыдыйады дæр ссарынц архайды хуызы фадатон дзырд. Фадатон дзырдтæ ацы хъуыдыйæдты сты абарстытæ. Скæнынц хатдзæг абарсты аивгæнæн нысаниуæджы тыххæй (нывæфтыд, аив кæны текст).

***III. Æрмæг бафидар кæнынил куыст.***

1. Нывтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ бахæст кæнын (фæдаргъдæр кæнын) фæрссаг уæнгтæй. 1-аг къорд хъуыдыйæдтæм æфтауы æххæстгæнæнтæ, 2-аг къорд – бæрæггæнæнтæ, 3-аг къорд та – фадатон дзырдтæ.

*Зымæг æрхæццæ. Мит уары. Бæлæстæ æнкъардæй лæууынц. Бæстæ бамыр, ныссабыр. Хъуысы ма дымгæйы къуыззитт.*

***IV. Хатдзæгтæ.***

1. Беседæ:

– Цæмæн хъæуынц фæрссаг уæнгтæ? Цы ’ххуыс сты?

– Уæддæр хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæй ахсджиагдæр кæцы у? (Хъæуынц иууылдæр, алкæмæн дæр дзы ис йæхи функцитæ).

*Ахуыргæнæг:* Адæймаджы куыд хъæуынц йе ’ппæт уæнгтæ дæр, афтæ хъуыдыйады дæр хъæуынц йæ уæнгтæ. Уыдон æй кæнынц æххæст, цардхъом æмæ тыхджын.

2. Скъоладзаутæ аргъ кæнынц кæрæдзийы куыстæн.

***V. Хæдзармæ куыст.*** Зымæгон нывмæ гæсгæ ныффыссын сочинени-æрфыст «Мæ рудзынгæй ракастæн иу хатт».

***Дзебысаты Мзия,***
***Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг***

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 10-æм КЪЛАСЫ

## Темæ: «Æз цард афтæ æмбарын...» (Мамсыраты Дæбейы радзырдтæ «Ауон» æмæ «Фæсмон»-мæ гæсгæ)

***Эпиграф урокмæ:***

Цæргæ дæр лæгау, мæлгæ дæр лæгау!
Цæрæгойы цард нæ, адæймаджы цард!

Нафи

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

***1. Скъоладзауты сразæнгард кæнын урочы архайынмæ (мотиваци)***

*Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, мæ æрыгон хæлæрттæ, уырны мæ, абон кæрæдзи кæй бамбардзыстæм, уый.

*1) Беседæ:*

– Цавæр хъуыдытæ уæм æвзæрын кæны ацы ныв?



– Адæймаг кæд скæны маскæ? Йе ´цæг цæсгом адæмæй чи æмбæхсы, уыцы адæймаджы куыд хонæм? (козбау)

– Уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнæм ацы дзырд.

*Козбау* – лицемерный, двуличный, льстивый.

***2. Рацыд æрмæгыл кусгæйæ, къуылымпытæ кæм æййафынц, уый сбæрæг кæнын.***

*Ахуыргæнæг:* Дзырд «козбау»-æн ирон æвзаджы ис синонимтæ – цурон æмæ дыдзæсгом.

– Абон нæ урочы цæуыл ныхас кæндзыстæм? (козбаудзинадыл, маскæфæлгонцтыл).

(Ахуыргæнæг скъоладзауты размæ рахæссы урочы темæ æмæ эпиграф)

– Цавæр бынат æрцахста Дæбе ирон литературæйы? Дæбейы цард æмæ сфæлдыстадæй уæ зæрдыл цавæр цымыдисаг хабæрттæ дарут?

(Дæбе уыд ирон фысджыты зынгæдæр æмæ номдзыддæртæй. Йæ курдиат уыд бирæвæрсыг. Куыста алы жанрты: поэзи, прозæ, драмæ. Кодта тæлмац, фæлæ уæлдай ахадындзинад ис йæ радзырдтæн).

– Цы у радзырд?

– Ирон радзырды дæснытыл кæй нымайæм?

– Дæбе стыр хуын бахаста ирон дзырдаивады хæзнадонмæ.

*«Дæбе у Ирыстоны уарзондæр æмæ кадджындæр, стырдæр æмæ куырыхондæр фысджытæй иу...» Ходы Камал*

*«Дæбе – стыр фыссæг, стыр адæймаг, ирон адæмы рæсугъд цæсгом æмæ æфсарм». Цæрукъаты Алыксандр*

*«Ирон новеллистикæйы бæрзонддæр æнтыстытæй иу у радзырд «Ауон». Ам сатирæ æмæ юмор цæхæр калынц æмæ цырагъ дарынц адæймаджы миддунемæ». Джыккайты Шамил*

*Ахуыргæнæг:* Дæбе йæ радзырдтæ «Ауон» æмæ «Фæсмон» куы ныффыста, уæдæй абонмæ раивта æртæ фæлтæры, фæлæ уæддæр сты цымыдисаг æмæ ныркон. Цымæ цæмæн?

(ӕвдисынц царды ӕцӕгдзинад – адӕймаджы ницӕйаг удыхъӕд)

***II. Ног ӕрмӕгыл куыст.***

***1. Зындзинад (цӕлхдур) куыд аиуварс кӕнӕн ис, ууыл ахъуыды кӕнын, проекты хуызы йӕ ӕрфыссын (гипотезӕ).***

*Ахуыргӕнӕг:* Нӕ урочы нысан цавӕр уыдзӕн? Цы хъуамӕ раиртасӕм урочы?

(Дӕбе нӕ размӕ цы проблемӕтӕ рахаста, уыдон абон актуалон сты ӕви нӕ)

– Рӕстӕг аивта, фӕлгонц-маскӕтӕ та куыд аивтой?

– Цӕмӕн ахуыр кӕнӕм ацы радзырдтӕ, цы нын амонынц?

– Адӕймаджы козбаудзинадыл цы ’фтауы?

*Ахуырдзаутӕ дзурынц урочы нысантӕ. Уыдон сты:*

1) Раиртасын радзырдты проблематикӕ.

2) Сбӕрӕг кӕнын уацмысы аивадон фӕрӕзтӕ ӕмӕ уый руаджы раргом кӕнын урочы темӕ.

3) Ӕрдзурын, фӕлывд митӕ, гӕды ӕмӕ козбаудзинад сӕрмӕ хӕссинаг кӕй не сты, ууыл.

*Ахуыргӕнӕг:* Рахизӕм радзырды проблемӕтӕ иртасынмӕ.

***2. Проект баххӕст кӕнын.***

– Цы у аууон?

- аууон – тень,
- аууон кӕнын – затенять
- аууон – ӕнӕуд ӕндӕрг




– Радзырды сӕйраг архайӕг чи у? Йӕ сюжет ма йын нӕ зӕрдыл ӕрлӕууын кӕнӕм.

– Чи у Сауаты Гӕбил?

– Автор ын ахӕм мыггаг цӕмӕн радта? (сау – талынг)

– Чиныджы-ма ссарут Гӕбилы ӕддаг ӕрфыст.

– Гӕбилы миддуне (удыхъӕд) та цавӕр у?




– Куыд ӕмбары Гӕбил цард? Ссарут-ма уыцы рӕнхъытӕ чиныджы.

– Гӕбилы зондахаст, йӕ царды философи у ахӕм




– Сандыр Гӕбилы йӕ аууонимӕ дзургӕ куы баййафы, уӕд ын цы зӕгъы? Ссарут-ма уыцы рӕнхъытӕ чиныджы.

– Сымах разы стут йемӕ?

– Цӕмӕн схуыдта Дӕбе йӕ радзырд «Аууон»?

– Ахӕм фӕлгонц саразын фыссӕджы къухы цавӕр литературон фӕрӕзы руаджы бафтыд? (Сатирӕйы)

– Гæбилы фæлгонц уæ цæстытыл куыдæй ауад, уый ма анывкæнут (смайличы хуызы) уæ разы цы сыфтæ ис, уымæн йæ 1-аг фарсыл (къордты куыст).

– Удыхъæдæй мæгуыр адæм ииуылдæр къаннæг вæййынц? Ацы ныв та уын уæ зæрдыл кæй æрлæууын кодта?





(Хæмæтхъаны радзырд «Фæсмон»-æй)

– Адæймаг фæсмон цæуыл фæкæны?

– Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм радзырд «Фæсмон»-ы сюжет.

– Цæмæй хуыздæр бамбарат, райкомы кусæг чи уыд, уый тыххæй æркæсæм ацы схемæмæ.




– Цы аивта дыууæ дуджы иерархийы? (æрмæст ном)

– Дæбе нын Хæмæтхъаны нæ цæстытыл куыдæй ауайын кодта? Цавæр у йæ сурæт?




– Йæ цæсгомы æрфыст чиныджы ссарут (Хæмæтхъанæн йе ’ддаг бакастæй йæ миддуне бæрæг нæу, йæ хъуыдытæ æмæ йе ´нкъарæнтæ сты арфдæр æмбæхст)

– Цæмæй Гæбил æмæ Хæмæтхъаны фæлгонцтæ афтæ ирдæй ауайой нæ цæстытыл, уый тыххæй Дæбе спайда кодта аивадон мадзал – портретæй.

– Бакæсæм-ма, цы у портрет.




– Ацы аивадон мадзалæй нæ фысджытæй æнтыстджынæй чи пайда кодта? (Коцойты Арсен).

– Уæ сыфы 2-аг фарсыл сныв кæнут Хæмæтхъаны цæсгом (къордты куыст)

– Цавæр æнкъарæн иу кæны Гæбил æмæ Хæмæтхъаны? (тас)




– Хæмæтхъаны тасдзинад ирддæрæй кæцы ран æвдыст æрцыд?

– Хæмæтхъан та куыд æмбары цард? («Раст зæгъынц, фæлæ хицаумæ афтæ бауæнд»)

– Цавæр аивадон фæрæзтæй пайда кæны Дæбе йæ радзырдты?

*Ахуыргæнæг:* Базонут-ма, радзырдтæй ист рæнхъытæ цавæр æнкъарæнтæ æвдисынц?

| *Радзырдтæй ист рæнхъытæ* | *Цавæр æнкъарæнтæ æвдисынц* |
|---|---|
| – А – а – а! Байрай мæ хæлар! Мæ фæдыл цæуыс? Æниу-ма ма рацу! | Æппæлын |
| – Цы?! Нал æй равзæрстой! | Дис |
| – Ницы æмбарыс, – сæрхъæн дæ! | Æфхæрд, искæйы дæлдæр кæнын |
| – Ныртæккæ уæм фæстæмæ фæзындзынæн. Райкомы иу хъуыддаг æвзарынц, æмæ йын æнæ мæн равзарæн нæй. | Хи раст кæнын |
| – Раст зæгъынц, фæлæ хицау… Уымæ афтæ бауæнд… | Тас, дис |
| – Æмæ мын мæ ныхæстæ… Дæуæй æвзæрæй куы ницы загътон? | Тас, хи раст кæнын |

*Ахуыргæнæг:* Дæбе сныв кодта дыууæ ирд фæлгонцы. Куыд уæм кæсы, æхсæнадæн дзы фылдæр зиан кæцы у? *(Хæмæтхъан)*

– Цавæр æнкъарæнтæ уæм æвзæрын кæнынц Гæбил æмæ Хæмæтхъан?

– Ацы радзырдтæй Дæбе цы зæгъынмæ хъавыд, цæуыл нæ ахуыр кæны?

***3. Проектыл куыст цас æнтыстджын рауад, уый сбæрæг кæнын.***

– Дæбе йæ радзырдтæ «Ауыон», «Фæсмон» æмæ «Хъæндил»-ы цы фæлгонцтæ сарæзта, уыдон абарæн ис уырыссаг æмæ дунеон литературæйы сатирикон хъайтартимæ. Уæ зæрдыл цавæр уацмыстæ æмæ хъайтартæ æрлæууыдысты? (А. Чеховы радзырдтæ, сæ хъайтартæ)

– Цы сæ иу кæны?

***4. Скъоладзауты хибарæй куыст; хи раст кæнынмæ куыд арæхсынц, уый сбæрæг кæнын.***

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй нæ куыст кæронмæ æххæст æрцæуа, уый тыххæй нæ хъайтарты абарын хъæуы абоны цардимæ. Абон не ´хсæн Гæбилтæ æмæ Хætæтхъантæ æмбæлынц? Арæхдæр кæм æмбæлынц?

– Цард цæуы, дугтæ ивынц, фæлæ бæрнон кусджытæ æмæ се ’ххуысгæнджытæ абон дæр сты. Сæ уавæртæ, сæ куыст фæивта, вæййы сын фембæлдтытæ адæмимæ, рацæуынц комкоммæ эфиры. Ахъуыды-ма кæнут, цавæр фарст сæм раттиккат, цæмæй уын снывкæна абоны разамонæджы портрет.

– Уæ сыфæн йе 3-аг фарсыл равдисут абоны разамонæджы (къорды куыст).

– Кæцы ныв уын хуыздæр рауадис æмæ цæмæн?

– Сывæллæттæ, сомбоны кусæг дæр æмæ разамонæг дæр уе ´хсæн ис, æмæ цы хуызæн хъуамæ уа? Куыд хъуыды кæнут?

– Куыд æмбарут сымах та цард?

***III. Урочы хатдзæгтæ.***

***1. Æрмæг бафидар кæнынæл куыст.***

Хатдзæгтæ:

1. Дæбейы хъайтартæ цардысты æмæ цæрдзысты алы дугты, уымæн æмæ зæронд нæ кæнынц, фæзынынц цыфæнды æхсæнады дæр, æрмæст рæстæг æмæ уавæртæм гæсгæ ивынц сæ дарæс,

сæ гамхудтæ. Уымæн сты цымыдисаг, актуалон.

2. Дæбейы сфæлдыстады ирдæй зынынц уырыссаг литературæйы традицитæ.

3. Цæргæ дæр лæгау, мæлгæ дæр лæгау! Цæрæгойы цард нæ, адæймаджы цард!

4. Козбаудзинад, мæнгарддзинад, гæды æмæ тасæн не ´хсæн хъуамæ бынат ма уа!

5. Цæрæгойы цард нæ, адæймаджы цард!

***2. Аулæфт.***

Разминкæ-хъазт «Хорз дукани».




– Дуканигæс æлхæны адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæ, æмæ сæ уæй дæр кæны. Уæхимæ цы миниуджытæ хатут, уыдон ныффыссут карточкæтыл. Цы миниуæгæй уæ фæнды фервæзын, уый къуыдзæппарæн былæй аппарæм.

Уæ бон у балхæнын, цы миниуæг уын нæ фаг кæны, уый (скъоладзауты куыст)

***3. Æрмæг куыд бамбæрстой, уый сбæрæг кæнын (рефлекси).***

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы нысан цавæр уыди?

– Сæххæст æй кодтам? Дзуапп дæтгæйæ, пайда кæнут ацы хъуыдыйæдтæй.

Æз Гæбилæн (Хæмæтхъанæн) тæригъæд кæнын, уымæн æмæ …

Æз Гæбилы (Хæмæтхъаны) фауын, уымæн æмæ …

Æз Гæбилмæ (Хæмæтхъанмæ) æлгъ кæнын, уымæн æмæ …

***4. Хæдзармæ куыст.***

Ныффыссут эссе ахæм темæйыл: «Нырыккон разамонæг Мамсыраты Дæбейы радзырдтæ хъуамæ кæса?»

***5. Уæхи æмæ кæрæдзи куыстæн аргъ скæнут.***

– Мæ зæрдæмæ фæцыд, куыд куыстой…………..

... уыдысты активон.

... кусын хъæуы активондæр.

***IV. Кæронбæттæн.***

*Ахуыргæнæг:* Арсæгты Юрий ныффыста диссаджы æмдзæвгæ «Ныхас Дæбеимæ».

*Нæ барстай хæрамæн, нæ барстай мæнгардæн,*
*Нæ барстай козбауæн, дæ сæфт сæ уыдтай,*
*Ды карстай сындзгæрдæг нæ хуымы дæ кардæй,*
*Дæ кæстæрты рухсмæ æдæрсгæ хуыдтай.*
*...ды Æрфæнау ныуагътай дæ фæд!..*

– Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй царды кæддæриддæр уадзат рæсугъд фæд.

***Гæджиты Лианæ,***
***Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-æм КЪЛАСЫ

## Урочы темæ: «Мæ уарзон Ирыстон»
## Грамматикон темæ: «Хуымæтæг цыбыр æмæ даргъ хъуыдыйæдтæ»

*Урочы нысантæ:*

1. Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.
2. Хъуыдыйады тыххæй скъоладзауты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын.
3. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

*Урочы эпиграф:*

«Ды искуы федтай дидинæгджын фæзтæ,
Æгæндæг хъæдтæ, зад мæнæуы хуым?
Уый у мæ Ир,
Мæ райгуырæн хæхбæстæ, –
Зæххы фидыц,
Дунейы фарны къуым».

Баситы Мысост

*Универсалон ахуырадон архæйдтытæ урочы:* удгоймагон, регулятивон, логикон, коммуникативон, дунембарынад парахат кæнын.

*Урочы фæлгонц:* Ирыстоны, Уæрæсейы, Англисы тырысатæ; интерактивон фæйнæг, тестытæ, карточкæтæ, презентацион æрмæджытæ.

*Урочы цыд:*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1. Рацыдисты æртæ лæппуйы сæ къахфындзтыл, бæрзонд систой Ирыстоны, Уæрæсейы æмæ Англисы тырысатæ.

Иу лæппу дзуры Къостайы æмдзæвгæ «Балцы зарæг».

Цæйут, æфсымæртау раттæм нæ къухтæ,
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!
Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй,
Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!

*2. Ахуыргæнæг:*

– Чи у ацы æмдзæвгæйы автор? (Хетæгкаты Къоста)

– Цæмæ сиды Къоста? (иудзинадмæ)

– Тырыса та уырыссагау куыд уыдзæн? (флаг)

– Англисагау та? (flag)

– Кæй тырысатæ сты дыууæ кæройнæг тырысайы? (Уæрæсейы, Англисы)

– Цы нысан кæны тырыса? Цæмæн хъæуы паддзахады тырыса? (У паддзахады символ, ис ын иудзинады нысан, иу кæны паддзахады адæмы)

– Паддзахæдтæн ма цавæр символтæ ис? (Герб, гимн)

– Цы ис иумæйагæй Уæрæсейы, Ирыстоны æмæ Англисы тырысатæм? (Сырх хуыз).





*Ахуыргæнæг:* Абонмæ уын хæс уыд Ирыстоны, Уæрæсейы æмæ Англисы тырысаты тыххæй æрмæг бацæттæ кæнын.

(Скъоладзаутæ дихгонд сты æртæ къордыл. Хæс дæр баххæст кодтой æртæ къордæй)

Англисы тырысайы равзæрды тыххæй иу скъоладзау бацæттæ кодта презентацион æрмæг цыбыр раныхасимæ.

*Скъоладзау дзуры:* Англисы (Великобританийы) тырысайæн ис тынг хъæздыг истори. Уый фæзынд 1603 азы. Уæд Англи баиу Шотландиимæ, æмæ сын фæзынд иу тырыса. Фæлæ бирæ рæстæг ацы тырыса уыд æрмæст денджызон наутыл. Стæй уыд чысыл æндæрхуызон. Нæма йыл уыд сырх дзуарæвæрд (кърест).

Англисы тырысайыл сырх дзуарæвæрд фæзындис 1801 азы, Великобритани Ирландиимæ куы баиу, уæд. Сырх дзуарæвæрд у Ирландийы нысан. Ахæм хуызы ацы тырыса ныртæккæ нымад у Англисы тырысайыл.

*Иннæ скъоладзау дзуры Уæрæсейы тырысайы равзæрды тыххæй:*

Уæрæсейы тырысайæн дæр ис цымыдисаг истори. 17-æм æнусы онг Уæрæсейы паддзахадæн иумæйаг тырыса нæма уыд. Фæзынд 1668 азы. Уæд Уæрæсе аразын райдыдта хæстон наутæ. Наутæ хъуамæ хъахъхъæдтаиккой, дард бæстæтæм базар кæнынмæ чи цыд, уыцы науты. Алы науыл дæр хъуамæ уыдаид, цы паддзахады у, уый символ – тырыса. Уæрæсейы паддзах Алексей Михайлович (уый уыд Петр I фыд) æрхъуыды кодта æртæхуызон – урс, цъæх, сырх тырыса. Афтæ Уæрæсейæн дæр фæзынд йæхи тырыса.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр у Ирыстоны тырыса та? Цы нысан кæнынц йæ хуызтæ? Уый тыххæй та нын радзурдзæн æртыккаг къорды уæнг.

*Скъоладзау дзуры:*

Ирыстоны тырысайыл ис æртæ хуызы: урс, сырх æмæ бур. Урс хуыз у сыгъдæгдзинады нысан, сырх – æхсардзинады, бур – фарны нысан.

Нæ рагфыдæлтæ (скифтæ) дих кодтой æртæ къордыл: хæстонтæ, дины кусджытæ æмæ хуымæтæг зæхкусджытæ. Нарт дæр скифты хуызæн дих кодтой æртæ мыггагыл: Æхсæртæггатæ (Нарты зындгонд хæстонтæ), Алæгатæ (Нарты зондамонджытæ), Борæтæ (Нарты фарнхæсджытæ).

Нæ рагфыдæлтæ уыцы тырысаимæ цыдысты балцыты, тох кодтой се знæгтимæ.

*Ахуыргæнæг:*

– Цы базыдтат ногæй Ирыстоны тырысайы хуызты тыххæй?

– Куыд баст сты нæ тырысайы хуызтæ Нарты кадджытимæ?

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

1. *Ахуыргæнæг:* Абон мах дзурæм паддзахадон символтæй иу – тырысайыл.

Тестытæ куы баххæст кæнат, уæд базондзыстут, абон цы грамматикон темæйыл кусдзыстæм, уый дæр *(тестытæ æххæст кæнынц сыфтыл)*.

1) Синтаксис ахуыр кæны
а) ныхасы хæйттæ
æ) мыртæ æмæ дамгъæтæ
б) хъуыдыйад
в) дзырды хæйттæ

2) Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ сты
а) сæйрат æмæ бæрæггæнæн
æ) сæйрат æмæ зæгъинаг
б) зæгъинаг æмæ фадатон дзырд
в) зæгъинаг æмæ æххæстгæнæн

3) Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ сты
а) бæрæггæнæн æмæ æххæстгæнæн
æ) æххæстгæнæн æмæ фадатон дзырдтæ
б) бæрæггæнæн, æххæстгæнæн æмæ фадатон дзырдтæ
в) сæйрат æмæ зæгъинаг

4) Фарст *цы ми кæны?*-йæн дзуапп дæтты
а) сæйрат
æ) зæгъинаг
б) æххæстгæнæн
в) фадатон дзырд

5) Бæрæггæнæн нысан кæны
а) архайды бынат

æ) архайды афон
б) предметы хуыз
в) предметы архайд

6) Зæгъинаджы къордмæ хауы æмæ фарст *кæм?* – æн дзуапп дæтты
а) сæйрат
æ) зæгъинаг
б) æххæстгæнæн
в) фадатон дзырд

7) Æххæстгæнæн у ахæм фæрссаг уæнг, кæцы бæрæг кæны
а) предмет
æ) архайд
б) архайды хуыз
в) предметы æууæл

*Ахуыргæнæг:* Цавæр грамматикон темæ æвзардзыстæм абон? (Синтаксис)

– Цы у синтаксис, цы ахуыр кæны?

*Ахуыргæнæг:* Синтаксис ахуыр кæны хъуыдыйад, хъуыдыйады уæнгтæ.

Цæмæй хицæн кæнынц ацы хъуыдыйæдтæ? Хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ сæ равзарæм.
1) Тырыса у символ.
2) Тырыса у паддзахады символ.

*Хатдзæг:* фыццаг хъуыдыйады ис æрмæст грамматикон бындур – сæйрат æмæ зæгъинаг, дыккаг хъуыдыйады та ма ис фæрссаг уæнг – æххæстгæнæн.

*Ахуыргæнæг:* Хъуыдыйæдтæй кæцы дæтты фылдæр зонындзинæдтæ тырысайы тыххæй? (Дыккаг, ис ма дзы дзырд *паддзахады*)

*Ахуыргæнæг:* Кæцы сæйраг уæнгæй дæттæм фарст дзырд *паддзахады*-мæ? (Зæгъинагæй)

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ ацы дзырд баххæст кодта зæгъинаджы хъуыды, æххæстгæнæн дæр æй уымæн хонынц.

*Ахуыргæнæг:* Ныр та уæхæдæг равзарут хъуыдыйæдтæ. Сбæрæг кæнут, фæрссаг уæнгтæ сæйраг уæнгтæй кæцыты æххæст кæнынц, уый.

(Къордтæн – хицæн хъуыдыйæдтæ. Æвзарынц сæ, хибарæй кæнынц хатдзæгтæ)

1-аг къорды хъуыдыйад – Нæ рагфыдæлтæ дих кодтой æртæ къордыл.

2-аг къорды хъуыдыйад – Скифтæ уыцы тырысаимæ цыдысты балцы.

3-аг къорды хъуыдыйад – Æхсæртæггатæ уыдысты Нарты зындгонд хæстонтæ.

(Алы къордæй дæр иу адæймаг дзуапп дæтты, амоны хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ, фæрссаг уæнгтæй сын сæ хъуыды кæцы æххæст кæны)

*Раиртæст бакæсын:*

Сæйраг уæнгтæй уæлдай ма хуымæтæг хъуыдыйады вæййы фæрссаг уæнгтæ дæр.

Æрмæст сæйраг уæнгтæ цы хъуыдыйады вæййы, уый хуыйны *хуымæтæг цыбыр.*

Сæйраг уæнгтæй уæлдай ма хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ дæр куы уа, уæд ахæм хъуыдыйад хуыйны *хуымæтæг даргъ.*

*Ахуыргæнæг*: Цы хъуыдыйæдтæ равзæрстат, уыдонæй саразут хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ (къордтæ кусынц, дзуапп дæттынц)

Хæслæвæрд къордтæн:

1. Дзырд *«тырыса»*-имæ саразын хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ.

*1-аг къорды дзуапп:*
1). Тырыса.
2) Тырыса у символ.
3) Тырыса у паддзахады символ.
4) Алы паддзахадæн дæр ис йæхи тырыса.

*2-аг къорды дзуапп:*
1) Тырыса.
2) Тырыса фæйлауы.
3). Тырыса дымгæмæ фæйлауы.
4). Мæ къухы бæрзонд систон Ирыстоны тырыса.

*3-аг къорды дзуапп:*
1) Тырыса.
2) Тырыса у æртæхуызон.
3) Ирыстоны тырыса у æртæхуызон.

4) Тырыса бæрзонд ран æрцауыгътой.

*Ахуыргæнæг:* Алчи дæр уæ, цы хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кодта, уым сбæрæг кæнæд хъуыдыйады уæнгтæ.

– Цæмæй хицæн кæнынц хъуыдыйæдтæ?

(Къордты уæнгтæ хатдзæгтæ кæнынц)

***III. Ног æрмæг бафидар кæныныл куыст.***

1. *Ахуыргæнæг:* Адæймаг рухс дунемæ куы фæзыны, уæд ын йæ цæрæнбонмæ æрдз балæвар кæны æппæты стырдæр хъæздыгдзинад – Райгуырæн бæстæ, кæцы нæй аивæн, раст дыккаг хатт райгуырæн куыд нæй, афтæ. Махæн нæ чысыл райгуырæн бæстæ у Ирыстон.

Æмбисондæн дзуринаг у Ирыстоны æрдз (æвдыст цæуынц слайдтæ Ирыстоны æрдзы нывтимæ). Уарзын æй алы афæдзы афон дæр. Адæймаг йæ алыварс урссæр хæхтæм, цъитиджын къæдзæхтæм, æхсырхуыз дæттæм, бæркадджын хъæдтæм куы акæсы, уæд йæ фæллад фесæфы. Ахæм æхцондзинад хæссы алкæмæн дæр йæ райгуырæн бæстæ.

Хуымæтæджы нæ райстам абон нæ урочы эпиграфæн Баситы Мысосты ныхæстæ:

«Ды искуы федтай дидинæгджын фæзтæ,

Æгæндæг хъæдтæ, зад мæнæуы хуым?

Уый у мæ Ир,

Мæ райгуырæн хæхбæстæ, –

Зæххы фидыц,

Дунейы фарны къуым».

*Хæслæвæрд къордтæн:*

1. Слайдтæм гæсгæ дзурæм, цы предметтæ дзы ис, уыдон бæрæггæнæг дзырдтæ. 1-аг къорд сæ фыссы иронау, 2-аг – уырыссагау, 3-аг – англисагау.

| *Иронау* | *уырыссагау* | *англисагау* |
|---|---|---|
| фыдыбæстæ | родина | homeland |
| ком | ущелье | gorge |
| хъæд | лес | forest |
| æхсæрдзæн | водопад | waterfall |
| æрдз | природа | nature |
| хæхтæ | горы | mountains |
| бæлæстæ | деревья | trees |
| дæттæ | реки | rivers |

2. Дыгай дзырдтимæ саразын хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. 1-аг къорд хъуыдыйæдтæ аразынц ирон æвзагыл, 2-аг – уырыссаг æвзагыл, 3-аг – англисаг æвзагыл.

(Къордты уæнгтæ кæсынц сæ хъуыдыйæдтæ, хъуыдыйæдты арæзты тыххæй кæнынц хатдзæгтæ)

*Ахуыргæнæг:* Тестытæ баххæст кæнут (алы къордæн дæр – хицæн сыфыл).

1. Хуымæтæг цыбыр хъуыдыйад арæзт вæййы

а) æрмæст сæйраг уæнгтæй

æ) æрмæст фæрссаг уæнгтæй

б) сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæй

в) æрмæст фадатон дзырдтæй

2. Хуымæтæг даргъ хъуыдыйад арæзт вæййы

а) æрмæст сæйраг уæнгтæй

æ) æрмæст фæрссаг уæнгтæй

б) сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæй

в) æрмæст фадатон дзырдтæй

3. Æз цæрын Ирыстоны

Хъуыдыйад у

а) хуымæтæг цыбыр

æ) хуымæтæг даргъ

Ацы хъуыдыйад даргъгонд æрцыд

а) бæрæггæнæнæй

æ) фадатон дзырдтæй

б) æххæстгæнæнæй

4. Райдзаст райсом.

Хъуыдыйад у

1) хуымæтæг цыбыр

2) хуымæтæг даргъ

5. Хур ракаст.

Хъуыдыйад у

1) хуымæтæг цыбыр

2) хуымæтæг даргъ

6. Арвыл мигътæ фæпырх сты.

Хъуыдыйад у

1) хуымæтæг цыбыр
2) хуымæтæг даргъ

7. Цъæх-цъæхид арв.
Хъуыдыйад у
1) хуымæтæг цыбыр
2) хуымæтæг даргъ

8. Дон дæр цъæх-цъæхид.
Хъуыдыйад у
1) хуымæтæг цыбыр
2) хуымæтæг даргъ
Мит дæр фæцъæх.
Хъуыдыйад у
1) хуымæтæг цыбыр
2) хуымæтæг даргъ

9. Доны был дæр дардмæ цъæхæй зыны.
Хъуыдыйад у
1) хуымæтæг цыбыр
2) хуымæтæг даргъ

***IV. Хатдзæгтæ.***

*1. Ахуыргæнæг:*

– Цы базыдтат абон ногæй нæ урочы?

(Скъоладзаутæ дзурынц хицæнтæй. Цы зонындзинæдтæ райстой, уыдон сæ кæм бахъæудзысты, цæмæн хъæуы ирон æвзаг ахуыр кæнын, нæ рагфыдæлты цард зонын, уый тыххæй кæнынц хатдзæгтæ).

– Урочы хуыздæр чи куыста? (Къордты уæнгтæм байхъусын. Бæрæггæнæнтæ сæхицæн æвæрынц)

*2. Ахуыргæнæг:* Æз арæх фæкæсын хъазт «Своя игра»-мæ. Æрæджы дзы уыдис ахæм фарст: «Зæгъут-ма, цавæр республикæйы тырыса ис экраныл?» (уый уыди Ирыстоны тырыса).

Ничи йæ зыдта хъазджытæй. Мæнæн хъыг уыд, фæлæ уыдонæн уый худинаг нæу. Уыдон Ирыстоны нæ райгуырдысты, ницы бар æм дарынц. Мах дæр бирæ цыдæртæ нæ зонæм. Фæлæ махæн, Ирыстоны чи райгуырд, æмæ Ирыстон йæ райгуырæн зæхх кæмæн у, уыдонæн худинаг уыдзæн нæ истори, нæ рагфыдæлты царды хабæрттæ нæ зонын.

***V. Хæдзармæ куыст.*** Ныффыссын цыбыр сочинени-æрфыст «Ирыстон – мæ райгуырæн бæстæ». Спайда кæнын хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæй.

***Гæззаты Иринæ,***
***Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-æм КЪЛАСЫ

### *Урочы темæ: Нывмæ гæсгæ куыст (Ф.П. Решетниковы ныв «Ногæй та дыууæ!»)*

*Урочы нысантæ:*

1) нывы сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын;
2) скъоладзауты бацæттæ кæнын нывы æрфыстмæ;
3) урочы фæрцы хъомыл кæнын ахуырмæ тырнындзинад; равдисын, цас хъыг хæссы бинонтæн, æвзæр чи ахуыр кæны, уыцы ахуырдзау.

*Урочы фæлгонц:* Ф.П. Решетниковы ныв «Ногæй та дыууæ!», презентаци интерактивон фæйнæгыл

*Урочы цыд:*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*Ахуыргæнæг:* Абон мах кусдзыстæм нывмæ гæсгæ, базонгæ уыдзыстæм нывгæнæг Фёдор Павлович Решетниковы сфæлдыстадимæ. Цы нывмæ гæсгæ фысдзыстæм нывæцæн, уый уæм хъуамæ цымыдисон фæкæса: кæд уæ, мыййаг, исчи уыд ныв сæйраг персонажы уавæры.

Цалынмæ нæ рахызтыстæм нæ нывгæнæгмæ, уæдмæ ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм нывты хуызтæ (предметон, портретон, пейзажон, сюжетон).

– Тексты хуызтæ та цавæртæ сты? (таурæгъон, æрфыст, хъуыды-тæрхæттæ)

– Абон мах кусæм сюжетон нывыл. Тексты хуызтæй кæцы равзардзыстæм нæ сочиненийæн? (æрфыст)

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Нывгæнæджы тыххæй хъусынгæнинаг.*



Зындгонд уырыссаг нывгæнæг Фёдор Павлович Решетников райгуырд 1906 азы Екатерининскы облæсты Сурско-Литоваг хъæуы, иконæтæ чи фыста, ахæм лæджы хæдзары. Нывкæнынадмæ лæппу рагæй сцымыдис. Йæ хистæр æфсымæр дæр нывгæнæг кæй уыд, уымæ гæсгæ Фёдор Павлович йæ чысылæй фæстæмæ тынг бауарзта уыцы дæсныйад. 14-аздзыдæй Фёдор ныууагъта йæ фыды хæдзар, райдыдта кусын. 1926 азы Решетников æрцыд Мæскуымæ, бацыд Аивæдты рабфакмæ, уый фæстæ та – Мæскуыйы Аивæдты институтмæ. Нывгæнæджы сфæлдыстады ахсджиаг хай сты, Арктикæйы цы нывтæ скодта, уыдон. Архайдта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, фашисттæй хъахъхъæдта Севастополь, Крым. Хæст куы фæци, уæд ногæй бавнæлдта ныв кæнынмæ. Йæ уарзондæр хъæйтартæ систы сывæллæттæ.

Сывæллæттыл конд нывтæн сæ сæйрагдæртæ сты «Æгъдаухалæг», «Сабырдзинады сæраппонд», «Уроктæ ахуыр кæнгæйæ», «Ногæй та дыууæ!»

*2. Нывы фæзынды истори.*

Ныв «Ногæй та дыууæ!» фыст æрцыд 1952 азы. Иухатт нывгæнæг бадти математикæйы урочы мæскуыйаг скъолатæй иуы. Ахуырдзауæн йæ бон не сси хынцинаг сæххæст кæнын æмæ райста «дыууæ». Уайтагъддæр нывгæнæджы цæстытыл ауади, скъоладзау сæхимæ куыд æрбацæудзæн, йæ «дыууæйæ» цас хъыг æрхæсдзæн йæ бинонтæн. Ныртæккæ ныв ис Третьяковы галерейы. Кæсджытæ йæм кæддæриддæр бирæ æрбацæуы, се `хсæн фылдæр вæййынц скъоладзаутæ.

*Ахуыргæнæг:* Куыд уæм кæсы, цæй тыххæй райста ацы лæппу «дыууæ?»

*3. Беседæ фæрстытæм гæсгæ. Нывы анализ.*



✓ Цæмæй бæрæг у, нывы скъоладзаулæппу сæйраг архайæг кæй у, уый?

✓ Сымахмæ гæсгæ, цал азы цæуы лæппуйыл?

✓ Æркæсут-ма йын йæ æддаг бакастмæ: йæ уæлæ цы ис, куыд лæууы, йæ цæстæнгас цавæр у?

✓ Йæ пъартфелы уавæр та цæуыл дзурæг у? Цæмæн ын ис ахæм хуыз?

✓ Хæдзары бинонты тыххæй та цы зæгъдзыстут? Куыд цæрынц?

✓ Куыд сæмбæлд мад, йæ фырт та ногæй «дыууæ» кæй райста, ууыл?

✓ Цы цæстæй йæм кæсынц йæ хо æмæ кæстæр æфсымæр?

✓ Кæмæн у лæппуйы æрбацыд æхсызгон? Цæмæн?

✓ Куыд уæм кæсы, лæппуйæн ахуыр кæныммæ фадæттæ ис?

✓ Цавæр у нывы сæйраг хъуыды?

✓ Цæй фæрцы бантыст нывгæнæгæн сæйраг хъуыды раргом кæнын?

✓ Ахорæнтæ та йын цы ’ххуыс фесты?

*4. Равзарын æнцойгæнæн дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ:*

Зындгонд нывгæнæг, сывæллæттæ, æвдисын, æдзæллаг хуыз, рæстæмбис цæрæг, зылынджын, æнкъард каст, æвзæр уавæры, тæригъæддаг каст, худæндзаст.

*Дзырдты орфограммæтæ равзарын.*

***III. Ног æрмæг бафидар кæнынил куыст.***

*1. Фæйнæгыл фыст дзырдтимæ дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын:*

Нывгæнæг, сывæллæтты ныв кæнын, цард æвдисын, æдзæллаг уæвын, рæстæмбис цæрæг бинонтæ, зылынджын уавæр, мады æнкъард цæстытæ, æгуыдзæг лæппу, тæригъæддаг каст кæнын, худæндзаст, бады, лæууы, кæсы, цин кæны.

*2. Дзырдтæ ахæм фæткыл равæрын, цæмæй сæ хъуыдыйæдтæ рауайа.*

1) зæронд, къухы, пъартфел, лæппуйы, ис

2) тызмæг, хо, хистæр, каст, йæм, кæны

3) бады, кæстæр, худы, велосипедыл, æмæ, йæ, æфсымæр

4) бæрæггæнæн, лæппу, æвзæр, бинонтæ, райста, сты æнкъард, æмæ

*Дзуæппытæ:*

1. Лæппуйы къухы ис зæронд пъартфел.
2. Йæ хо йæм тызмæг каст кæны.
3. Кæстæр æфсымæр велосипедыл бады æмæ худы.
4. Лæппу æвзæр бæрæггæнæн райста, æмæ бинонтæ сты æнкъард.

*3. Фæстаг хъуыдыйадæн синтаксисон æвзæрст ракæнын.*

*4. Дырд «райста» морфологион æгъдауæй равзарын.*

*5. Пъланы хæйттæ раст фæткыл равæрын.*

1. Сæйраг фæлгонц.
2. Бинонты уавæр, хъуыддаг базонгæйæ.
3. Ныв саразыны истори.
4. Мæ ахаст нывмæ.
5. Нывы сæйраг хъуыды.
6. Куыдз – лæппуйы хуыздæр æмбал.

*Раст арæзт пълан:*

1. Ныв саразыны истори.
2. Сæйраг фæлгонц.
3. Бинонты уавæр, хъуыддаг базонгæйæ.
4. Куыдз – лæппуйы хуыздæр æмбал.
5. Нывы сæйраг хъуыды.
6. Мæ ахаст нывмæ.

*6. Пъланмæ гæсгæ, нывы мидис хи ныхæстæй радзурын.*

*7. Нывы бындурыл сочинени ныффыссын.*

***Саухалты Валентинæ,***
***Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-æм КЪЛАСЫ

## Урочы темæ: Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ Къостайы сфæлдыстады (рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок)

*Урочы эпиграф:*
Ирон Дзырд дæр Хуыцаумæ уыд фыццаг,
Фæлæ йæ радта уарзонæй йæ фыртæн.
Ирон Дзырдæн йæ Хуыцау ныр – Къоста.
Хъодзаты Æхсар

*Ерысы хуызы арæзт урок-хъазт* (къласы дихгонд у къордтыл).

*Урочы цыд:*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Урок райдайæн ис проблемон уавæрæй.*

*Ахуыргæнæг:* Бакæсæм эпиграфы фыццаг хай.
Ирон Дзырд дæр Хуыцаумæ уыд фыццаг,
Фæлæ йæ радта уарзонæй йæ фыртæн.

*Фарст:* Ацы хъуыдыйады бæттæг *фæлæ*-йы размæ цæмæн хъæуы къæдзыг æвæрын?

(Хъуыдыйад у вазыгджын, ис дзы дыууæ грамматикон бындуры, дыууæ хуымæтæг хъуыдыйады. Дыууæ грамматикон бындуры ’хсæн та æвæрын фæхъæуы æрхæцæн нысан.

Фыццаг хъуыдыйад у дывæрсыг, йæ грамматикон бындур – *дзырд Хуыцаумæ уыд*; дыккаг хъуыдыйад та у хуымæтæг иувæрсыг, сæйраг уæнгтæй дзы ис æрмæст зæгъинаг – *радта*).

*2. Ног темæмæ рахизынмæ сразæнгард кæнын (мотиваци).*

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй вазыгджын хъуыдыйады пунктуацион рæдыд ма кæнай, уый тыххæй зонын хъæуы, цы хуымæтæг хъуыдыйæдтæ дзы вæййы, уыдоны арæзт (арæхдæр вæййынц иувæрсыг хъуыдыйæдтæ).

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Ныффыссын Къостайы баснятæ ист скъуыддзаг.*

Бынæй йæм дзуры:
– Уындæй дæ цуры,
Дæ фæхъхъау фæуон,
Кæмæй раппæлон?!

Дæ даргъ дæллагхъуыр,
Дæ сау базыртæ,
Дæ диссаджы гуыр,
Дæ худгæ былтæ!..

Æххæст ма зарын
Куы зонис, уæд дæ
Паддзахæн дарын
Фæразид зæрдæ…

*Хæслæвæрдтæ баххæст кæнын:*

– Цавæр хъуыдыйæдтæй арæзт у скъуыддзаг?

– Хъуыдыйæдты грамматикон бындуртæ бахахх кæнын.

– Вазыгджын хъуыдыйæдтæ цы хуымæтæг хъуыдыйæдтæй арæзт сты, уыдон цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ?

– Цы ис иумæйагæй иувæрсыг æмæ дывæрсыг хъуыдыйæдтæм? Хицæн та цæмæй кæнынц?

– Цавæр хъуыдыйæдтæ хонæм иувæрсыг?

– Цæмæн хъæуынц иувæрсыг хъуыдыйæдтæ?

*2. Хъазт: чи рæвдздæр базондзæн иувæрсыг хъуыдыйады хуыз.*

*Ахуыргæнæг:* Цавæр иувæрсыг хъуыдыйад у, кæд æмæ дзы æвдыст цæуы адæймаджы уавæр. Зæгъæм: *Цухъхъатæ дарæн мын нæй (Къ.);*

(Дзуапп: æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад)

– Зæгъинаг у 2-аг цæсгомы, бирæон нымæцы, суинаг афоны мивдисæг. Зæгъæм:

*Бавæрдзыстут мын мæ мард (Къ.);*

(Дзуапп: æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад)

– Зæгъинаг у 1-аг цæсгомы, иууон нымæцы, нырыккон афоны мивдисæг. Зæгъæм:

*Зонын, ... (Къ.);*

*Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ (Къ.);*

(Дзуапп: бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад)

– Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæй дзы æрмæст сæйрат куы уа, уæд та. Зæгъæм:

*Бæрзонд урс хæхтæ.*

*Æнкъард къæдзæхтæ.*

*Æгомыг бæлас… (Къ.)*

(Дзуапп: номхуындон иувæрсыг хъуыдыйад)

– Зæгъинаг-мивдисæг 2-аг цæсгомы, иууон нымæцы фæдзæхстон здæхæны æвæрд куы уа, зæгъæм:

*Фесæф, фесæф, цард,*

*Сау лæппуимæ, ... (Къ.)*

(Дзуапп: бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад)

*3. Æмбарынгæнæн диктант грамматикон хæсимæ.*

Бахахх кæнын сæйраг уæнгты бын. Сбæрæг кæнын иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ.

1). Зонын, æфсæрмæй кæудзыстут,…

2). Кадмæ бæлгæйæ, æгадæй мæлæм…

3). Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн, – …

4). Мæ Иры фæсивæд! Дæ цинæй, дæ хъыгæй

Фæластон мæ сау зæрдæ дард…

5). Æхсæвæн нæм кæрон нæ вæйййы…

6). Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой,…

7). Цæргæсы бæллын,

Уæларвы нæрын,

Дымгæйы хъарæг.

*4. Къордты куыст:*

1-аг къорды хæс: Ссарын бæлвырдцæсгомон æмæ æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ. Зæгъын, цæмæй хицæн кæнынц.

2-аг къорды хæс: Ссарын æнæцæсгомон æмæ номхуындон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ. Зæгъын, цæмæй хицæн кæнынц.

(Хъуыдыйæдтæ райуарын хъæуы хæццæтæй)

*Æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ:*

– Фæдзурынц æй ал-хатт,…

– Дæс мæрты мын хорæй

Лæвæрдтой мыздæн.

*Бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ:*

– Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!

– Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ.

– «Стонгæй мæлын, гыцци!»

– Ма ку!.. Фæуром дæхи!..

– Фенæм уал…

– Мыггагæй мæ ма фæрс, –

Уæздан лæг нæ дæн;

Мæ уындмæ мын ма кæс,

Нæ бæззын чызгæн.

*Æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ:*

– Цухъхъатæ дарæн мын нæй!..

– Мæгуыры бон циу?

*Номхуындон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ:*

– Цæф сæгуыты маст,

Æхсæрдзæны хъазт.

– Фæскъæвда хур бон

Уымæл ривæддон,...

– Рæсугъд хизæнтæ,

Æфсæст фосы дзуг.

*5. Графикон диктант. 4-ӕм хӕсы хъуыдыйӕдтӕй цалдӕр бакӕсын, сӕ хуызтӕ сын сбӕрӕг кӕнын.*

Хъуыдыйӕдтӕ нысангонд цӕуынц ахӕм хуызы:

1. Б-Ц
2. ӔБ-Ц
3. Ӕ-Ц
4. Н

*6. Дзырдбыд баххӕст кӕнын.*

Хъуыдыйад цавӕр ӕвзаджы хай ахуыр кӕны?

(синта**К**сис)

Ӕххӕст хъуыды ӕвдисы

(х**Ъ**уыдыйад)

Бӕрӕггӕнӕн арӕхдӕр загъд ӕрцӕуы

(мин**О**гонӕй)

Хъуыдыйады сӕйраг уӕнгтӕй иу у

(**С**ӕйрат)

Фадатон дзырд февдисы архайды …

(бына**Т**)

Синтаксис ахуыр кӕны хъуыдыйад ӕмӕ

(дзырдб**А**ст)

*Ахуыргӕнӕг:* Рауади нӕм дзырд **КЪОСТА**. Абон нӕ урочы цы ӕрмӕгыл кусӕм, уый ииуылдӕр ист у Къостайы сфӕлдыстадӕй.

*7. Ахуыргӕнӕг:* Къостайы уацмыстӕй цалдӕр дзурынц Ирыстоны ӕрдзыл. Ӕмдзӕвгӕтӕ «Уалдзӕг», «Сӕрд», «Фӕззӕг», «Зымӕг» ӕмӕ ӕнд.

Ӕрдз ӕвдыст цӕуы йӕ нывты дӕр: «Ӕрдзон хид», «Дайраны ком» ӕмӕ ӕнд.

*Хӕс:* Музыкӕмӕ хъусгӕйӕ, Къостайы нывтӕй иумӕ гӕсгӕ скъоладзаутӕ фыссынц цыбыр нывӕцӕн-ӕрфыст ахӕм темӕйыл:

«Нӕ хохбӕсты бӕркад,
Цы диссаг дӕ, цы!»

*Ахуыргӕнӕг:* Дзырд «бӕркад»-ӕй спайда кӕнӕм ӕндӕр нысаниуӕджы – рӕсугъддзинад. Уӕ куыстыты ӕнӕмӕнг хъуамӕ уа иувӕрсыг хъуыдыйӕдтӕ.

*8. Сочиненитӕ равзарын, сӕ хӕрзхъӕддзинады тыххӕй хатдзӕгтӕ скӕнын.*

***III. Урочы хатдзӕгтӕ.***

*1. Фарст:* Иувӕрсыг хъуыдыйӕдты стилистикон хицӕндзинад цӕй мидӕг ис?

*Дзуапп:* Иувӕрсыг хъуыдыйӕдтӕ цыбырӕй, ӕлвӕстӕй ӕвдисынц хъуыдытӕ. Сты тынг лирикон, мелодикон.

Сӕйраг уӕнгтӕй иу цухгонд кӕй ӕрцӕуы, уый дзуры, хъуыдыйады сӕйрагдӕр архайд кӕнӕ предметы ном (архайӕг предмет) кӕй у, ууыл.

*2. Бакӕсын иувӕрсыг хъуыдыйӕдты тыххӕй. Зӕгъын, иувӕрсыг хъуыдыйӕдтӕй кӕцыты кой кӕнынц ахуыргӕндтӕ.*

– Умолчание местоимений личных перед спрягаемыми глаголами украшению и важности служит. (М. Ломоносов)

– Действующее лицо намеренно устранено, намеренно представляется как неизвестное, неопределенное. (А. Пешковский)

*Дзуапп:* М. Ломоносов фыссы бӕлвырдцӕсгомон хъуыдыйады тыххӕй, А. Пешковский – ӕбӕлвырдцӕсгомон хъуыдыйады тыххӕй.

***IV. Кӕронбӕттӕн.***

*Сбӕрӕг кӕнын:*

– ногӕй цы базыдтой урочы;

– цавӕр куысты хуызтӕ фӕцыдысты сӕ зӕрдӕтӕм;

– къордтӕй хуыздӕр чи куыста;

– къордты уӕнгтӕй чи у хорз бӕрӕггӕнӕны аккаг.

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Хуыгаты Жаннæ,***
***Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг***

## КÆСЫНЫ УРОК 2-АГ КЪЛАСЫ

### Урочы темæ: Нæ хæлар цæрæгойтæй чи куыд цæры? Таурæгъ «Æз дæн...»-мæ гæсгæ

*Урочы нысантæ:* 1. Аив кæсыны руаджы скъоладзауты базонгæ кæнын таурæгъы мидисимæ, сбæрæг ын кæнын йæ сæйраг хъуыды.

2. Сывæллæттæм гуырын кæнын уарзондзинад цæрæгойтæм, мæргътæм, ахуыр сæ кæнын æрдз хъахъхъæнынил.

3. Сывæллæттæн æмбарын кæнын, хистæртæм кæддæриддæр хъусын кæй хъæуы, уый.

*Урочы фæлгонц:* интерактивон фæйнæг, цæрæгойты æмæ мæргъты нывтæ, дзырдуатон дзырдтæ нывтимæ, фæззæджы ныв, хърихъуппы ныв, «хърихъуппы айк лæвæрттимæ».

*Урочы эпиграф:*

Зондамонæгмæ хъус,
Цы зæгъа, уый-иу кæн.
Зæрдæхъæлдзæгæй кус
Æмæ бæззай лæгæн!..

*Хетæгкаты Къоста*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæг:* Кæрæдзимæ бахудæм, хъазгæ худгæйæ цы зонæм, уый равдисæм æмæ ма сæм ног зоныдзинæдтæ дæр бафтауæм.

(Урочы темæ æвдыст цæуы интерактивон фæйнæгыл).

2. Ахуыргæнæг кæсы скъуыддзаг адæмон аргъауæй.

– Сымах ацы аргъау зонут уырыссагау, æз та – иронау. Базонут-ма йæ:

Уæд нæ бодз цæй сæрæн уыди!..
Уый нын хъæдмæ дæр куы цыди,
Суг дæр саста, дон дæр хаста,
Кас фыхта бабайæн,
Кас фыхта нанайæн.
(«Зондджын сæгъ»)

Сывæллæттæ базыдтой аргъау æмæ йæ дзурынц.

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ, нæ хæлар цæрæгойтæй иу у сæгъ (Сывæллæттæ нымайынц хæдзарон цæрæгойты).

*3. Хъазт.* Интерактивон фæйнæгыл

сывæллæттæ гом кæнынц цæрæгойты нывтæ, дзурынц цæрæгойты тыххæй æмдзæвгæтæ.

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.***

1. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын. Текст «Хæринæгтæй кæцы адджындæр у?» кæсынц цæсгæмттæм гæсгæ.

2. Интерактивон фæйнæгыл æвдыст цæуынц дзырдтæ. Сбæрæг кæнын хъæуы, чи цы хæры:

| | |
|---|---|
| гал | сысджы |
| бæх | æхсыр |
| куыдз | хос |
| карк | стæг |
| гæды | еуу |

(Сывæллæттæ иугай цæуынц фæйнæгмæ)

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ сæ растдæр чи разынд? (Алкæмæн дæр йæхи хæринаг у адджындæр, хуыздæр).

3. Улæфты минут.

***III. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Ахуыргæнæг:*

Аргъау авд дзыхæй фæдзуры.
Аргъау авд низы дæр суры.
Аргъау – диссæгтæн сæ сæр.
Аргъау райгуыры нæ сæнтты, –
Ахæссы нæ уый бæрзæндты…
Иу дзы ракæнæм ныр дæр….

Сывæллæттæ æвдисынц сценкæ аргъауæй «Дзыгъуыр карк». Фæйнæгыл – нывтæ. Сывæллæттæ мæргъты дих кæнынц дыууæ къордыл: хæдзарон мæргътæ æмæ тæхæг мæргътæ.

2. Фæйнæгыл фыст: «Æз дæн…» – таурæгъ. Таурæгъ цы у, уый бамбарын кæнын.

*Ахуыргæнæг:* Фæйнæгыл цы текст фыст ис, уый уын æнæзонгæ нæу. Кæцæй ист у ацы скъуыддзаг?

3. Хъуысы музыкæ, ахуыргæнæг кæсы текст фæйнæгæй.

…Мæнмæ афтæ кæсы, цыма сыфтæр бæрæг афон фæуары… раст мигъæмбæрзт арвы риуæй хърихъуппыты удаист хъæр куы райхъуысы, уæд бæлас йæ рис нал бауромы æмæ бæлццон мæргътыл йæ сыфтæртæй ставд цæссыг нызгъалы…»

(Æгъуызарты С. «Згъæлы сыфтæр»)

*4. Беседæ:*

Сывæллæттæ дзурынц, кæцæй ист у ацы скъуыддзаг, кæцы афæдзы афон дзы æвдыст цæуы, цæмæн нызгъалы бæлас йæ цæссыг.

5. Æвдыст цæуы нывыы «Фæззæг». Нывмæ гæсгæ цыбыр беседæ скæнын.



6. Беседæ тæхæг мæргъты тыххæй.

7. Дзырдуатон куыст (фæйнæгыл – дзырдтæ цухгонд дамгъæтимæ).

Зæрваты…ытæ
хърихъу…ытæ
сыр…онцъиутæ

Сывæллæттæ æххæст кæнынц цухгонд дамгъæтæ.

*Ахуыргæнæг:* Кæцы дзырд дзы у уæлдай? Цæмæн? (Сырдджонцъиу).

8. Дзырдæн йæ лексикон нысаниуæг бамбарын кæнын:

**Бал**



Бал + хонын = балхон

↓

Раздзог фæндагамонæг

9. Ахуыргæнæг кæсы текст.

– Цæмæн фесæфт хърихъупп?

10. Текст хайгай кæсын, æвзарын æй, алы хайæн дæр сæргонд æрхъуыды кæнын.

Сæргæндтæм гæсгæ фæйнæгыл байгом кæнын пълан.

Пълан.

1) Мæргъты фæззыгон зард.

2) Мæргътæ тæхынц хуссармæ.

3) Иу цъиу дæр ма баззайа иунæгæй.

4) Лæппынцъиу балæй фæхицæн.

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн баззад иунæгæй хърихъупп?

***IV. Хатдзæгтæ скæнын.***

1. Скъоладзауты дзуæппытæм гæсгæ скæнын хатдзæгтæ (фæйнæгыл æвдыст цæуынц):

1) Лæппын уыд.

2) Иунæг уыд.

3) Хивæнд уыд.

4) Æдылы уыд.

*Ахуыргæнæг:* Искуы йæ цæфæй куы ссардтаиккат, уæд ын баххуыс кодтаиккат?

– Куыд?

– Мах дæр дзы хъуамæ нæхицæн зонд райсæм.

Интерактивон фæйнæгыл фыст:

*Хивæнд ма у.*

*Хистæртæм хъус.*

2. Эпиграфмæ раздæхын.

*Ахуыргæнæг:* Хетæгкаты Къоста дæр нæ ууыл ахуыр кодта.

Сывæллəттæ иумæ дзурынц Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Лæгау».

3. Хъуысы хърихъуппыты уасын (магнитофон).

*Ахуыргæнæг:* Æвæццæгæн нын хърихъуппыты бал нæ ныхас фехъуыстой, æмæ дзы иу хърихъупп фездæхт. Хърихъупп æрбахаста стыр айк. Йæ мидæг – лæвæрттæ. («5» æмæ «4»), стæй ма гыццыл айк – йæ мидæг ныстуантæ:

*Уарзут æрдз! Хъахъхъæнут æй!*

*Кæрæдзийæн æххуыс кæнут!*

*Уарзут уæ хистæрты, хъусут сæм!*

***V. Хæдзармæ куыст.*** Текст аив кæсын сахуыр кæнын, фæрстытæ йæм бацæттæ кæнын; текстмæ гæсгæ ныв*тæ скæнын.

**_Битарты Рая,_**
**_Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы ахуыргæнæг_**

## КÆСЫНЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ

### *Темæ: Ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад*

*Урочы нысантæ:*

1) скъоладзауты зонындзинæдтæ ирон адæмон дзургæ сфæлдыстады тыххæй фæхъæздыгдæр кæнын;

2) раст, æмбаргæ æмæ аив кастыл бакусын; бакусын скъоладзауты дзургæ ныхасы аивдзинадыл;

3) мадæлон æвзаг æмæ фольклор зонынмæ тырнындзинад рæзын кæнын.

*Урочы фæлгонц:* фæйнæг, компьютер, интерактивон фæйнæг, аудиоæрмæг,

видеоæрмæг, индивидуалон хæслæвæрдтæ, къулыгазет, бæласы ныв, цъæх æмæ сырх фæткъуытæ хуызджын бархæтон гæххæттæй.

*Урочы хуыз:* проектон куыст.

*Урочы цыд:*

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Урочы мотиваци. Беседæ:*

– Цæмæн ахуыр кæнæм ирон æвзаг?

Сабиты дзуæппытæ:

– *Æз* ахуыр кæнын ирон æвзаг, уымæн æмæ дæн ирон лæппу (чызг).

– *Æз* ахуыр кæнын ирон æвзаг, уымæн æмæ мæ мад, мæ фыд дæр сты ирæттæ.

– *Æз* ахуыр кæнын ирон æвзаг, уымæн æмæ мæ фыдæлтæ дæр уыдысты ирæттæ.

– *Æз* ахуыр кæнын ирон æвзаг, уымæн æмæ цæрын Ирыстоны, ирон зæххыл, ирон адæмы æхсæн.

– *Æз* ахуыр кæнын ирон æвзаг, уымæн æмæ Ирыстоны алчидæр хъуамæ зона ирон æвзаг.

*2. Фонетикон зарядкæ.*

*Ахуыргæнæг:* Сабитæ, уæдæ цæмæй ноджы хуыздæр æмæ аивдæр дзурæм иронау, уый тыххæй ныртæккæ бакусдзыстæм ирон (кавказаг) мырты растдзурынадыл. Дзурут мæ фæстæ: «А – Æ». Аз, æз, абон, ам, æри, арфæ, уæздан, уазæг, уæзæг, фæрдыг.

*3. Хъазт: «Чи лæмбынæгдæр у?»*

*Ахуыргæнæг:*

1) Æз дзурдзынæн дзырдтæ, æмæ кæд мыр «А»-йæ райдайой, уæд кæнут иу æмдзæгъд, кæд мыр «Æ»-йæ райдайой, уæд та – дыууæ æмдзæгъды.

2) Мыртæ «К – Къ». Кад, ком, къам, къæдзæх, кæрдзын, скъола, Къоста.

3) Тагъддзуринаг «къ»-имæ.

4) Мыртæ «Х – Хъ». Хæлар, хион, хæстæг, хъарм, хъæу, хъæбул, хъæр, хъаруджын.

*Ахуыргæнæг:* Ныртæккæ та ахуыр кæндзыстæм чысыл тагъддзуринаг мыр «хъ»-имæ.

«Хъæуæй хъазты хъæр хъуысы,

Хъæдхой хъæндилмæ хъуызы».

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.***

1. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.

– Сывæллæттæ, цавæр сфæлдыстадмæ хауынц тагъддзуринæгтæ?

(Тагъддзуринæгтæ хауынц ирон адæмон дзургæ сфæлдыстадмæ).

***III. Ног æрмæгыл куыст.***

1. *Ахуыргæнæг:* Уæдæ куыд хуыйны нæ абоны урочы темæ?

(Интерактивон фæйнæгыл фæзынд фыст «Ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад»).

*2. Проектон куыстыл ныхас.*

(Ахуыргæнæг проектон куыстæн равзæрста темæ «Ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад». Темæ у тынг ахадгæ ирон адæмы царды, мадæлон æвзаджы дарддæры райрæзты. Кълас рагацау адих кодта æртæ къордыл. Алы къордæн дæр ис йæхи разамонæг. Къордтæ равзæрстой темæтæ проектон куыстæй. Цалдæр урочы къордтæ цæттæ кодтой сæ проектон куыстытæ. Ахуыргæнæг сын æхххуыс кодта, куыд урочы рæстæг, афтæ фæсурокты рæстæг дæр).

*Ахуыргæнæг:* Абон байхъусдзыстæм уæ проектон куыстытæм, аргъ сын скæндзыстæм.

Къордты проектон куыстытæм бакæсыны размæ мæ зæгъын фæнды уый, æмæ кæд абон махмæ æрхæццæ ис ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад, уæд мах хæс та у, уый дарддæр ахæццæ кæнын нæ сомбоны, фидæны фæлтæртæм.

Æмæ ныртæккæ байхъусæм уый тыххæй æмдзæвгæмæ.

(скъоладзау кæсы æмдзæвгæ «Нæхи дада»)

*3. Викторинæ.*

*Ахуыргæнæг:* Къордтæй алчи дæр бацæттæ кодта йæхи проектон куыст. Фæлæ мæн фæнды базонын, куыд зонут ирон адæмон сфæлдыстад, уый.

Уымæ гæсгæ ныртæккæ скæндзыстæм чысыл викторинæ, æмæ цымæ кæцы

къорд рæвдздæр æмæ хуыздæр дзуæппытæ дæттид. Æрмæст ахуыргæнæджы бæсты уыдзæнис уæхицæй иу.

Викторинæйы фæрстытæ:

1) Цы хонæм ирон адæмон сфæлдыстад?

2) Цавæр уацмыстæ хауынц ирон адæмон сфæлдыстадмæ?

3) Нартæ цал мыггагыл дих кодтой?

4) Кæй зонут Нарты хъайтартæй?

5) Чи æрхъуыды кодта ирон бæгæны?

6) Чи æрхъуыды кодта ирон фæндыр?

7) Цы æвдыст цæуы фылдæр аргъæутты?

8) Цавæр аргъæуттæй сты ацы рæнхъытæ?

«Хъарм хуыссын мæ хъыбылты æхсæн».

«Бæлон къалиу донмæ æрæппæрста».

«Куыдз дæр дæхæдæг æмæ хæрæг дæр! Рацу æмæ мæ де 'ккой ахæсс!»

9) Куыд æмбарут ацы æмбисонды мидис?

«Фыдвæдæй æвæд хуыздæр у».

10) Базонут-ма ацы уыци-уыци:

«Дзых ын нæй, афтæмæй дзуры».

***4. Фыццаг къорды проектон куыст «Ирон адæмон аргъæуттæ»***

Къорды уæнгтæ бацæттæ кодтой доклад æмæ компьютерон презентаци, кæцы æвдисынц интерактивон фæйнæгыл.

(Доклад æмæ компьютерон презентаци хъуамæ 5-6 минутæй фылдæр ма уой).

***5. Улæфт –релаксаци.***

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, фыццаг къорды уæнгтæ нын тынг зæрдæмæдзæугæ равдыстой сæ проектон куыст «Ирон адæмон аргъæутты» тыххæй.

Фæлæ махæн нæ Ирыстоны æрдз йæхæдæг аргъæутты бæстæйы хуызæн рæсугъд у. Ракæсут-ма, кæм-ма ис фенæн ахæм рæсугъддзинæдтæн.

(Интерактивон фæйнæгыл – Ирыстоны æрдзы нывтæ, зæлынц Абайты Георгийы скрипкæйы зæлтæ).

Ныр та уæ цæстытæ бацъынд кæнут, уæ сæртæ уæ къухтæм æруадзут, æмæ нæ





















мидхъуыдыты февзæрдзыстæм Ирыстоны кæмттæй иуы.

Аулæфыдыстæм æмæ байхъусæм дыккаг къорды проектон куыстмæ.

***6. Дыккаг къорды проектон куыст: «Нарты кадджытæ»***

(Къорды уæнгтæ бацæттæ кодтой доклад æмæ компьютерон презентаци 5-6 минуты)

***7. Сценкæ «Сырдоны хæрæг»***

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, мах бакастыстæм Нарты гуыппырсарты тыххæй компьютерон презентацимæ. Нарт нæ уарзтой сайын æмæ давын. Ахæм миниуджытæ кæмæ уыдис, уыдоны та се ’хсæнмæ дæр нæ уагътой. Уымæ гæсгæ Нæртон адæм нæ уарзтой Сырдоны.

Фæлæ Сырдон уыдис зонджын, цыргъзонд, хинæйдзаг æмæ æрхъуыдыджын адæймаг. Уымæ гæсгæиу æй Нарт сæ хъуыддæгтæм бауагътой. Ныртæккæ бакæсдзыстæм чысыл сценкæмæ Сырдоны тыххæй.

(Скъоладзаутæ æвдисынц сценкæ)

***8. Электрон зарядкæ цæстытæн (музыкæимæ)***

*Ахуыргæнæг:* Сабитæ, Нарт æппæты

тынгдæр аргъ кодтой сылгоймагæн, уæлдайдæр та Сатанайæн. Уый Нартæн уыдис мады хуызæн. Бахъуаджы сахатиу æй хистæр, куырыхон нæлгоймæгтæ бацагуырдтой уынаффæ кæнынмæ. Æмæ мах ныртæккæ электрон зарядкæйы руаджы нæ цæстытæ аулæфын кæнæм æмæ æрæмбырд кæнæм дидинджыты баст.

Ацы дидинджыты баст мах лæвар кæнæм нæ зынаргъ мадæлтæн. Уадз æмæ ацы уардиты хуызæн царды уæнт рæсугъд æмæ райдзаст. Æнæнизæй æмæ зæрдæрухсæй сæ цардæй сæ зæрдæтæ райæнт.

### 9. Æртыккаг къорды проектон куыст:

раздæр чи æрæмбырд кæна, уыцы къорд амбулдзæн.

(Цалынмæ къордты уæнгтæ кусынц, уæдмæ та иу ахуырдзау интерактивон фæйнæгыл æмбисонды æвæры хъæугæ мивдисæг:

«Мадæлон æвзаг мады ад ….»
Дзырдтæ: *æвзары, кæны, дæтты.*

### 10. Скъоладзауты проектон куыстытæн аргъ скæнын

Скъоладзаутæ сæхæдæг дзурынц, чи сæ хуыздæр куыста, уый тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Мах абон дзырдтам ирон адæмон дзургæ сфæлдыстадыл, Нарты кадджытыл. Нарты цæхæрадоны та задис










***«Уыци-уыцитæ æмæ æмбисæндтæ»***

*Къорды разамонæг:* Мах бацæттæ кодтам къулыгазет (кæсы уыци – уыцитæ æмæ æмбисæндтæ).

*Дыккаг скъоладзау:* Мах ма бацæттæ кодтам уыци-уыцитæ. Цымæ, кæцы къорды уæнгтæ хуыздæр æмæ рæвдздæр дзуæппытæ дæтдзысты.

(Кæсы уыци-уыцитæ, сабитæ дзуапп дæттынц, æмæ сын сæ дзуæппытæ интерактивон фæйнæгыл бæрæг кæны)

*Æртыккаг скъоладзау:* Ноджы ма мах къорд бацæттæ кодта æмбисæндтæ (кæсы сæ). Ныртæккæ та æртæ къорды уæнгтæн дæр ахæм хæслæвæрд: мæнмæ ис æртæ къонверты. Сæ мидæг ис æмбисæндтæ, сæ дзырдтæ – хæццæтæ, афтæмæй. Æмбисонд диссаджы фæткъуы бæлас. Йæ диссаджы алæмæттаг фæткъуытæ уыдысты хос Нарты адæмæн.

Фæйнæгыл – Нарты фæткъуы бæлас. Алкæй раз та уæ ис дыгай фæткъуытæ: иу цъæх, иннæ та – сырх. Афтæ уæ чи зæгъа, зæгъгæ, æз абон иттæг хорз куыстон, уый сырх рæгъæд фæткъуы сауындзæд бæласыл. Афтæ чи хъуыды кæны, мæн та ма ноджы хуыздæр кусын хъуыд, зæгъгæ, уый та –цъæх фæткъуы.

Табуафси, фыццаг къорды уæнгтæн – бар.

Ныр та – дыккаг къорды уæнгтæн.

Æртыккаг къорд – табуафси.

(Ахуыргæнæг кæсы, æмæ кæд исчи раст аргъ нæ кæны йæ куыстæн, уæд æй сраст кæны).

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
***ЦИПУ-йы райдайæн национ ахуырады методикæйы кафедрæйы доцент***

# ГРАММАТИКОН ХЪÆЗТЫТÆ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

*1. Искæй ныхасмæ хъусынæн, ныхас æмбарынæн æххуыс хъазт*

*Йæ нысантæ:*

– скъоладзауты фæцалх кæнын тексты хъуыды (йæ мидис) фыццаг кастæй æмбарыныл;

– скъоладзауты хъуыдыкæнынад рæзын кæнын.

Ахуыргæнæг фыццаг хатт кæсы текст. Каст æй куы фæвæййы, уæд алы скъоладзау дæр йæ тетрады фыссы, текстмæ байхъусгæйæ, цы дзырдтæ бахъуыды кодта, уыдон.

Ахуыргæнæг текст кæсы дыккаг хатт. Ныр та скъоладзаутæ текстæй фыссынц, раздæр цы дзырдтæ ныффыстой, уыдонимæ баст дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ.

Уый фæстæ текстæй цы бахъуыды кодтой, уый фыссынц, хи ныхæстæй дзурынц. Фæуæлахиз уыдзæн, тексты мидисмæ хæстæгдæр чи бахæццæ, уый.

Дарддæр командæтæ кæрæдзимæ дæттынц, тексты мидисимæ баст фæрстытæ. Растдæр дзуæппытæ чи радта, уый фæуæлахиз вæййы.

*2. Хуры тынтæ.*

Фæйнæгыл – дыууæ тымбылы. Скъоладзаутæ радыгай цæуынц размæ. Нывмæ гæсгæ аразынц хъуыдыйæдтæ. Алы раст арæзт хъуыдыйадмæ гæсгæ сывæллон тымбылæгыл ныв кæны хуры тын. Хур стырæй-стырдæр кæны. Кæй хур стырдæр у, уый амбулы.

*3. Нымæцтæй хъазт.*

Алы командæйæ дæр иу адæймаг рацæуы фæйнæгмæ. Фæйнæгыл – хæццæтæй нымæцтæ фыст. Амонæг уырыссагау дзуры нымæц, ахуырдзау æй агуры æмæ йæ мелæй рахицæн кæны, иронау нымæцон раст дзуры. Фылдæр нымæцтæ чи фæнысан кæна, æмæ сæ иронау растдæр чи зæгъа, уый амбулдзæн.

*4. Базон-базонтæй хъазт.*

Ахуыргæнæг кæсы базон-базонтæ, скъоладзаутæ сæ хъуамæ сбæрæг кæной. Зæгъæм:

1. Талынджы уыны, рухсы нæ. (Уыг)

2. Сыгъзæрин ацæуы, æвзист æрбацæуы. (Хур æмæ мæй)

3. Нæ гыццыл къæбиц – æнæ дуар. (Айк)

4. Къодахы бын – лыстытæ. (Карк æмæ йæ цъиутæ)

5. Дзых ын нæй, афтæмæй дзуры. (Чиныг)

6. Бон дæр цæуы æмæ æхсæв дæр. (Дон)

Алы раст дзуаппæн дæр командæ райсы иу очко.

*5. Хъæлдзæг нывгæнæг.*

Ахуырдзау йæ цæстытæ бацъынд кодта, афтæмæй фæйнæгыл кæны цæрæгойы ныв. Амонæг дзуры цæрæгойы буары хæйттæ:

Арсы сæр.

Арсы хъустæ.

Арсы фындз.

Арсы гуыбын.

Арсы дзæмбытæ.

Цæрæгойы растдæр чи сныв кæна, уый амбылдта.

*6. Амдзæгъд кæнæм.*

Кълас адих кæнын дыууæ къордыл. Сывæллæттæ лæууынц ахуыргæнæджы алыварс. Ахуыргæнæг хæццæйæ дзуры хæдзарон æмæ хъæддаг цæрæгойты нæмттæ. Хъæддаг цæрæгойы ном фехъусгæйæ, сывæллæттæ иу хатт амдзæгъд кæнынц, хæдзарон цæрæгойы ном фехъусгæйæ та – дыууæ хатты. Чи фæрæдийы, уый хъазтæй рахауы. Фылдæр сывæллæттæ цы командæйы баззайы, уыцы командæ амбулы.

*7. Нæ куыдз (гæды) фесæфти. Кæнæ «Агурын ме ’мбалы».*

Къылас адих кæнын æртæ къордыл. Алы къорд дæр иннæ къордæн цæттæ кæны хæс. Кæрæдзийæн дзурынц сæфт цæрæгойы (кæнæ æмбалы) æддаг миниуджытæ, йæ мидхарактеристикæйæ истытæ. Иннæ командæ æрфыстмæ гæсгæ аразы фоторобот. Кæд ныв æрфыстæн дзуапп дætта, уæд сæфт цæрæгой агуырд æрцыд.

*8. Цавæр афæдзы афон у?*

Скъоладзаутæй чидæр дзуры афæдзы афоны миниуджытæ.

1) Хур судзы. Тынг тæвд у. Цъиутæ хъæрæй зарынц.

2) Уазал бон. Мит уары. Адæм сæ хъарм дзаумæттæ скодтой.

Афæдзы афон чи базона, уый амбулдзæн.

*9. Базон-базон, чи у.*

*Ахуыргæнæг:* Аргъауæй нæм æрбацыдысты персонажтæ. Базонут-ма, чи сты.

– Æз цæрын хæдзæртты сæртыл. Мæ бон у уæлдæфы тæхын. Ис мын чысыл хæлар лæппу. Арæх æм рудзынгæй батæхын. (Карлсон)

– Мæхæдæг дæн стыр, фæлæ зæрдæхæлар цæрæгой. Бирæ уарзын гыццылты. Ис мын чысыл æмбал – Чебурашкæ. Цæрæм тынг хæларæй. (Крокодил Гена).

***Лексикон хъæзтытæ***

*Сæ нысан:*

– сывæллæтты фæцалх кæнын зонгæ дзырдтæй цардæгас уавæрты раст пайда кæнынил.

*1. Дзырдтæй хъазт*

Раззаг дзырд цы дамгъæйæ фæцис, ууыл ног дзырд ныффыссын кæнæ зæгъын.

*2. Дуканийы*

Дуканийы тæрхæгыл – алыхуызон предметтæ. Скъоладзаутæй иу – уæйгæнæг, иннæ – æлхæнæг. Кæрæдзийæн уæй кæнынц предметтæ. Цæмæй предмет исчи балхæна, уый тыххæй дзы хъæуы раппæлын, радзурын, цы хуызæн у, цæмæн хъæуы, цы пайда у.

*3. Пъартфелы цы хъуамæ уа?*

Хъазты архайынц æппæт ахуырдзаутæ дæр. Фæйнæгмæ цæуынц радыгай.

Ахуыргæнæг дзуры: «Зондаби райсом фыццаг хатт цæуы скъоламæ. Цы хъуамæ ахæсса йæ пъартфелы? Аххуыс ын кæнæм».

Ахуырдзау исы предмет, иронау ын йæ ном дзуры, пъартфелы йæ æвæры. Цæмæн хъæуы предмет, куыд дзы пайда кæнын хъæуы, уый дæр амоны. Афтæ – алчи дæр.

– Пъартфел байдзаг кодтам. Зондаби цæттæ у скъоламæ!

*4. Цавæр у?*

Фæйнæгыл – дидинæг алыхуызон сыфтимæ. Къылас дихгонд у æртæ командæйыл. Скъоладзаутæ радыгай исынц дидинæджы сыфтæ, дзурынц, цавæр хуызтæ сын ис, уый. Фылдæр раст дзуæппытæ чи радта, уыцы командæ амбылдта.

Ацы хъазт кæнæн ис æндæр хуызы дæр. Скъоладзаутæ хъуамæ предметты ’хсæн ссарой, уыцы иу хуыз кæмæн ис, ахæмтæ. Баиу сæ кæной, радзурой, цæмæн хъæуынц, уый тыххæй.

*5. Кæй радзырд цымыдисондæр у?*

Къылас – дыууæ къордыл дихгонд. Алы къордæн дæр – хицæн хæс: темæмæ гæсгæ бацæттæ кæнын чысыл радзырд. Зæгъæм:

«Сырддоны», «Фæззыгон хъæды», «Спортивон хъæзтытæ».

Хуыздæр радзырд чи 'рхъуыды кæны, уыцы командæ амбулы.

*6. Сараз дзырд.*

Номдартæм ног дзырдтæ æфтаугæйæ, вазыгджын номдартæ саразын.

Зæгъæм: дон, хъæд, зæхх.

*7. Базон, цы у?*

Амонæджы къухы – дзæкъул (чыргъæд, къопп). Йæ хуылфы – æнæзонгæ предмет. Командæйы архайджытæ, дзæкъулы цы ис, уый базоныны тыххæй амонæгмæ дæттынц фæрстытæ (наводящие вопросы). Уый фæстæ хъуамæ базоной, дзæкъулы цы ис, уый.

*8. Цæрæгойты хорз зонут?*

Командæйы уæнгтæ радыгай дзурынц цæрæгойты нæмттæ. Фылдæр цæрæгойты нæмттæ чи зоны, уый амбулы:

*Арс, бирæгъ, уызын, тæрхъус æмæ а.д.*

*9. Ныв сæмбырд кæн.*

Алы командæйæн дæр лæвæрд цæуынц нывы хæйттæ (зæгъæм, 12 хайы). Ныв хъæуы сæмбырд кæнын, ранымайын йæ хæйттæ, ныв æрфыссын.

*Ай у арсы сæр, ай та у йæ дзæмбы. Мæнæ ай та у бæлас. Ис ын фæтæн зæнг.*

*10. Дидинджыты баст (букет) æрæмбырд кæнæм.*

Къласы – алыхуызон дидинджытæ.

*Ахуыргæнæг:* Алкæмæн дæр уæ ис йæхи уарзон хæстæг: мад, хо, нана æмæ а.д. Дидинджытæй йын букет æрæмбырд кæнæм. Æцæг, букет аразгæйæ, дзурын хъæуы, цавæр дидинæг у, цы хуызæн у. Кæннод дидинджытæ тагъд бахус уыдзысты.

*11. Пантомимæ.*

Темæ «Мæ боны фæтк» (райсомæй скъоламæ куыд рацæуын) бафидар кæнынæн спайдагæнæн ис пантомимæйæ. Цалдæр сывæллоны радыгай амонынц, иннæтæ дзурынц, цы ми кæнынц, уый.

*12. Æмбисонд дарддæр ахæццæ кæн.*

Амонæг кæсы æмбисонд, командæ йæ кæронмæ хæццæ кæны, чи хуыздæр æмæ фылдæр, уый амбулы.

*Зæгъæм:*

Райгуырæн бæстæ … (адджын у).

Мæсыг … (хи дурæй хæлы).

Сау хохæй (урс дур нæ тулы).

Искæй зондæй … (цæрæн нæй).

Дон ацæуы, … (дур йæ бынаты баззайы).

Райсом дæ цы хъæуы, … (уый абон бакæн).

Тагъд дон … (фурды не 'йиафы).

*13. Æмдзæвгæ кæронмæ ахæццæ кæн.*

Амонæг дзуры æмдзæвгæйы фыццаг рæнхъ, командæ йæ дарддæр ахæццæ кæны.

***Фонетикон хъæзтытæ***

*1. Чи хуыздæр бакæсдзæн æмдзæвгæ?*

Фæйнæгыл – æмдзæвгæ (тагъддзуринаг, сыгъдæгдзуринаг).

Ахуыргæнæг кæсы æмдзæвгæ, амоны æнæзонгæ дзырдтæ, иуæй-иу мыртæ куыд дзурын хъæуы, уый. Скъоладзаутæ хинымæры кæсынц текст. Уый фæстæ райдыдта ерыс – чи хуыздæр, аивдæр, растдæр бакæсдзæн текст.

Текст сахуыр кæнæн ис, цæмæй йæ зæрдывæрдæй радзурой.

*2. Ирон зарæг хуыздæр чи азардзæн.*

Урочы йæ сахуыр кæнынц, уый фæстæ йæ зарынц.

***Орфографион хъæзтытæ***

*1. Дамгъæтæ ныппырх сты.*

Ахуыргæнæг гæххæттыл стыр дамгъæтæй рагацау ныффыста дзырд. Дамгъæтæ фæлыгтæ кодта æмæ сæ апырх кодта. Дзуры: «Сывæллæттæ, дзырды дамгъæтæ алырдæм фæлыгъдысты. Раст сæ равæрæм, æмæ, цы дзырд уыд, уый базонæм».

Дзырд фыццаг чи базона, уый амбулы.

*2. Уарзон дамгъæ.*

Ахуыргæнæг райуæрста карточкæтæ. Дзуры: «Абон нæ уарзондæр дамгъæ у *КЪ*. Цымæ уæ чи фылдæр дзырдтæ зоны ацы дамгъæимæ. Дамгъæ *КЪ* хъуамæ уа дзырды райдайæны, астæуæй, кæронæй. Фылдæр дзырдтæ чи ныффысса, уый амбылдта».

*3. Телеграммæ.*

Орфографи æмæ лексикæйыл бакусынæн.

Ахуыргæнæг фæйнæгыл фыссы исты дзырд. Скъоладзаутæ хъуамæ æрхъуыды кæной телеграммæ дзырды фыццаг дамгъæйыл. Фыццаг скъоладзау – фыццаг дамгъæйыл, дыккаг скъоладзау – дыккаг дамгъæйыл æмæ а.д.

*4. Чи фылдæр.*

Рацыд æрмæг бафидар кæнынæн.

Скъоладзаутæ кусынц дыууæ командæйæ. Командæйы архайджытæ фæйнæгыл фыссынц темæимæ баст дзырдтæ.

Зæгъæм: а) спортивон хъæзтытæ, æ) цæрæгойтæ, б) дидинджытæ æмæ а.д.

*5. Нывмæ гæсгæ куыст.*

Командæйы алы адæймагмæ дæр – хицæн ныв. Нывты – предметтæ, цæрæгойтæ. Командæйы уæнгтæ хицæнтæй цæуынц размæ, фыссынц, нывты цы ис, уыцы предметты нæмттæ. Скъоладзау фыссы дзырд, раст æй кæсы. Раст чи ныффыста, дзырдтæ раст чи бакаст, уыцы командæ амбылдта.

# КАФЕДРÆ ЮНЕСКО – СКЪОЛАЙÆН

**Корнаева З. В.,**
**кандидат пед. наук, старший научный сотрудник кафедры ЮНЕСКО СОГПИ**

## ПОЛИКУЛЬТУРНАЯ ОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ МОДЕЛЬ КАК ОСНОВА ФОРМИРОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ГРАЖДАНСКОЙ ИДЕНТИЧНОСТИ УЧАЩИХСЯ НАЧАЛЬНОЙ ШКОЛЫ

В соответствии с этнополитической моделью российской гражданской нации содержание поликультурного образования можно условно разделить на четыре взаимосвязанные культурные части:

– ***этнокультурная***, которая обеспечивает человеку возможность идентификации в качестве представителя конкретной этноязыковой и этноконфессиональной группы;

– ***национально-территориальная***, или обеспечивающая человеку возможность идентификации в качестве представителя национально-территориального сообщества конкретного субъекта Российской Федерации;

– ***общероссийская часть*** дает возможность человеку идентифицировать себя в качестве представителя российской гражданской нации;

– ***мировая (общечеловеческая)*** часть обеспечивает человеку возможность идентификации в качестве равноправного члена международного сообщества.

В качестве определяющих принципов современного поликультурного образования профессор Р. С. Бзаров выделил следующие принципы:

***Принцип полилингвальности.*** Лингвосоциокультурной основой российской идентичности является языковая компетенция, обеспечивающая формирование поликультурно-ориентированной личности, владеющей несколькими языками. Развитие полилингвального обучения в мире детерминируется общими тенденциями интеграции, диалога культур, расширения межкультурной коммуникации. Методически обоснованное соотношение языков обучения и изучения является важнейшей составляющей поликультурного обучения, расширяет индивидуальное восприятие картины мира, вооружая человека набором социокультурных кодов, соответствующим сложной конструкции идентичности. В гуманистической парадигме образования возрастает и роль иностранного языка, ис-

пользуемого как способ постижения мира, приобщения к культуре многих стран и народов, осознания принадлежности к планетарному культурному сообществу.

***Принцип преемственности.*** Одной из необходимых основ формирования российской гражданской идентичности является такая система образования, которая способна транслировать от поколения к поколению национальную культуру, обеспечивая открытость в другие культуры и современное цивилизационное развитие нации.

***Принцип дифференциации и разнообразия.*** Жизнеспособность сложных саморазвивающихся систем зависит от дифференцированности и богатства их элементов. Потенциал выживания системы тем выше, чем разнообразнее и дифференцированнее ее реакции, соответствующие многообразию внешних воздействий. Чем сложнее внутренняя структура общества, чем разнороднее его этнический состав, чем более многомерна и ассиметрична его культура, – тем больше у него шансов выжить, тем более оно устойчиво и жизнеспособно. Именно многообразие, противоречивость и неоднородность современного мира делают его сбалансированным и единым.

***Принцип культурной целостности.*** Понимание культуры как сущностной основы образования требует формирования и развития универсальных умений и компетенций, в том числе освоения обучающимися актуальных культурных норм и принятие общезначимых образцов деятельности и поведения. Трансляция образцов культуры через учебно-воспитательный процесс оказывается недостаточной, особенно в условиях предметной расчлененности обучения. Только культурные практики, совмещающие результаты всех видов образовательной (предметно-урочной, внеурочной самостоятельной, дополнительной) деятельности, включающие опыт общения и группового взаимодействия со сверстниками и взрослыми, могут стать надежным фундаментом гражданской идентичности. Особого внимания требуют: концептуальное единство культурной основы всех учебно-методических комплексов, тесная взаимосвязанность основного и дополнительного образования, централизованное проектирование культурных практик школы с учетом инициативы, интересов и мотиваций обучающихся.

***Принцип объемной картины мира.*** Формирование российской гражданской идентичности предполагает отказ от разделения содержания образования на несколько компонентов и включение необходимого этнокультурного и регионального содержания образования в федеральный государственный образовательный стандарт. Нецелесообразно начинать изучение окружающего мира с незнакомого ландшафта или неизвестных реалий повседневной культуры. Напротив, движение от семьи и родного дома – к стране и миру, от субъекта федерации – к России и земному шару представляется вполне естественным.

***Принцип вариативности.*** Стратегии и технологии поликультурного образования должны соответствовать региональным обстоятельствам и целям формирования российской гражданской идентичности. Диапазон содержательной вариативности поликультурного обучения задается самим присутствием региональной и этнокультурной частей в составе федерального государственного образовательного стандарта.

***Принцип этической актуальности.*** Поликультурное образование имеет значительный морально-этический потенциал, поскольку создает универсальную основу для воспитания и культивирования личностного, культурного, национального достоинства каждого гражданина Российской Федерации. Духовно-нравственные ценности и достижения всех культур, всех этнических и этноконфессиональных групп, всех национально-территориальных сообществ России только в поликультурном контексте приобретают образовательную актуальность. Кроме того, морально-этическое единство и духовно-нравственная целостность поликультурной основы образования позволяет избежать риска раздвоения личности, исключить опасность противопоставления этнокультурной и гражданской идентичности человека.

Поликультурная основа образования проявляется в том, что в содержание обучения по всем предметам отбирается материал с учетом реалий **родного края, России и мира**.

В настоящее время разработаны УМК для начальной школы, а также методические материалы для ДОУ поликультурного содержания. Главная особенность этих материалов – трехконтентное содержание: родной край, Россия, мир.

Покажем это на примере нескольких предметов.

«Изобразительное искусство». Учебники созданы на русском языке и двух вариантах осетинского языка. Визуальный ряд является обучающим в контексте задач и целей каждого урока. Репродукции произведений российского искусства, сопоставленные с осетинскими и зарубежными памятниками, способствуют формированию российской гражданской идентичности школьника. Так, тема «Снег» объясняется на примере рисунков японского художника Кайи Хигасияма, русских художников Игоря Грабаря и Виктора Пивоварова и осетинского художника Магреза Келехсаева.

УМК по музыке также созданы на русском и двух вариантах осетинского языка. По теме «Балет» дети знакомятся с балетом «Хетаг» осетинского композитора Дудара Хаханова, балетом «Лебединое озеро» Петра Чайковского, а также изучают искусство Мариуса Петипа.

Остановимся более подробно на вопросе преподавания **языков** с учетом принципа поликультурности. В полилингвальной школе должен реализоваться принцип эффективного использования общегосударственного, национального и иностранного языков в качестве языков обучения и воспитания в образовательной сфере.

В курсе средней школы учащиеся национальных республик изучают три языка. С первого класса – русский и титульный язык национальной республики. Со второго класса – иностранный. Таким образом, в учебном пространстве школьного языкового образования в национальных республиках функционируют три языка. Сложность и динамичность функционирования сферы современного языкового образования в национальных республиках определяется тем, что русский язык и титульный язык национальной республики выступают для разных категорий учащихся как родной и как второй в разных комбинациях.

Организация процесса обучения языкам предполагает выявление основных факторов, влияющих на это процесс и рассмотрение их в системе. Резервы повышения эффективности обучения титульному государственному языку национальной республики в рамках полилингвальной модели были изысканы в самом процессе обучения.

В процессе обучения были выделены следующие **компоненты**: цели (как социальный заказ государства и общества, а именно – формирование многоязычной поликультурной личности), содержание, средства, принципы, методы, которые в своей совокупности позволяют добиться искомого результата. При анализе процесса обучения трем языкам вычленяется инвариантная часть каждого компонента учебного процесса. Это та часть, которая служит опорой в организации процесса обучения, предвосхищает интерференцию, способствует положительному переносу навыков и умений, уже сформированных в одном языке, и облегчающем путь овладения вторым и третьим языками.

Было научно доказано, что принцип взаимосвязанного обучения языкам проявляется на всех уровнях системы обучения. Определяющим звеном в этой цепи выступают цели обучения. Цель определяет стратегию обучения учащихся, с ориентацией на цель был произведен отбор содержания, определены средства, принципы и методы обучения по всем соизучаемым языкам. В качестве планируемого результата обучения при взаимосвязанном обучении языкам в их корреляции выступает **многоязычная поликультурная личность**.

При обучении языкам поликультурное содержание включается в **предметный компонент** содержания обучения.

**1. Речевой:**

1) сферы общения, тематика и ситуации в рамках этих сфер, конкретные коммуникативные задачи по выделенным для каждого класса сферам, ситуациям и темам;

2) предметно-содержательный план речи (культурологические знания).

**2. Языковой:** фонетический, лексический, грамматический языковой материал разного уровня организации.

Так, уже на первом уроке в 1 классе учащиеся рассматривают гербы и флаги России и Осетии, сравнивают их, учатся называть столицы на осетинском языке.

Что касается текстов как одного из важнейших компонентов содержания обучения, то в учебных целях по осетинскому языку используются как оригинальные тексты, так и переводные с русского и иностранных языков.

Так, учащиеся 2 класса знакомятся с творчеством осетинского поэта Коста Хетагурова и русского поэта А.С. Пушкина.

Стихи К. Хетагурова учащиеся читают на осетинском языке, а также их переводы на русский язык, развиваются первичные навыки аналитического чтения.

Мировая культура также представлена различными текстами. Это и немецкая песня «O Tannenbaum» в переводе Аркадия Золоева, и текст Льва Толстого «Как лучше жить?»

Обсуждение этого текста и рисунка к нему способствует нравственному воспитанию учащихся.

Учащиеся 5 класса изучают творчество французского писателя Антуана де Сент Экзюпери, рассматривают его авторские рисунки, рассказывают о нем на осетинском языке.

Важно, что на начальном этапе в плане воспитания акцент делается на общечеловеческих ценностях, не акцентируется внимание на различиях в культурных ценностях, обращается внимание на общее, характерное для многих народов. Так, дети вспоминают басню И. А. Крылова «Лебедь, рак и щука» и сравнивают ее с осетинской басней «Рыба, лягушка и ястреб».

В учебник включены несколько известных мультфильмов, имеющих воспитательную ценность для младших школьников.

Мы предлагаем такую последовательность работы: дети читают текст на осетинском языке, в случае затруднения они могут прибегнуть к переводу, который приводится параллельно на странице.

Изучение коррелирующих языков, построенное на принципах взаимосвязанного обучения, дает возможность представить учебный процесс каналом соединения различных культурных систем.

Поликультурный компонент может быть включен даже в объяснение грамматического материала.

Учащиеся учатся отвечать на вопросы: ***кæуыл? цæуыл?*** Это второй класс, дети изучают осетинский язык как второй. Им не объясняют, как называется этот падеж, дети выполняют такие упражнения: Мудрая Сова нас учит (правило, примеры); далее идет упражнение: Рассмотри рисунок, прочитай и вспомни, как называется сказка. Это сказка «Бременские музыканты». В каждом предложении выделены окончания *ыл, йыл*. Далее дети выполняют тренировочные упражнения.

Покажем на другом примере, как можно формировать грамматические навыки, положив в основу обучения принцип речевой направленности урока по языку. Так, учащиеся во втором классе начинают изучать тему «Глагол».

Дети рассматривают рисунки и читают подписи под ними, это своего рода пропедевтический курс. В активный лексический минимум отобраны глаголы с учетом принципа частотности их употребления, в учебнике они представлены в виде систематизированных таблиц в конце каждого цикла уроков. Рисунки в стиле мультипликации и подписи на осетинском и русском языках с выделением глаголов облегчают запоминание их значения.

Затем разучивается стихотворение по теме «Глагол». Учащиеся запоминают этот термин и выполняют тренировочные упражнения, в которых соблюдены этапы работы над грамматическим материалом:

предъявление («Мудрая Сова учит нас»), тренировка в употреблении на уровне предложения (подстановочные упражнения), систематизация (работа над сводной таблицей).

Одновременно происходит закрепление материала в ходе выполнения упражнений в «Рабочей тетради». Эмоциональному восприятию темы способствует разучивание песенки «Трудолюбивая семья». В этой песенке отрабатывается восемь глаголов.

Как видим, обучение грамматике может иметь уже на начальном этапе речевую направленность и происходить как процесс овладения «скрытой грамматикой». Такая работа стимулирует интерес к изучаемому предмету и повышает уровень развития коммуникативной компетенции.

Обучение любому языку предполагает кроме развития навыков и умений в различных видах речевой деятельности изучение культуры носителей этого языка. Приведем примеры из учебников по осетинскому языку разных классов.

Учащиеся на уроках осетинского языка говорят о Кавказе как общем доме, о культуре народов Кавказа, об истории родного края, истории России,

Темами уроков в разных классах становятся античная культура, древние цивилизации.

В содержание обучения включаются темы, связанные с национальными обычаями. Так, о самом важном осетинском празднике Джеоргуба учащиеся говорят на осетинском и на английском языке.

Обычаи и традиции других народов также становятся темой для обсуждения на уроках по предметам лингвистического цикла:

Изучение языков является важным потому, что дает в руки учащимся инструмент для познания других культур. В качестве планируемого результата обучения при поликультурной направленности обучения выступает *поликультурная личность, укорененная в традициях собственной культуры с развитым чувством российской гражданской идентичности.*

Компоненты гражданской идентичности представлены на слайде. Это когнитивный компонент, эмоционально-оценочный, ценностно-ориентировочный, деятельностный.

Этапы формирования гражданской идентичности могут быть систематизированы в схеме.

Вначале происходит формирование этнокультурной идентичности, затем, начиная изучать языки народов РФ, учащиеся усваивают этнокультурные традиции многонационального народа РФ. Одновременно происходит присвоение культурных ценностей мировой цивилизации. Как результат образования выступает многоязычная поликультурная личность – гражданин Российской Федерации.

## Взаимосвязанное обучение языкам




## Возможность достижения высокого уровня коммуникативной компетенции:

- ориентация УМК на коммуникативно-деятельностный подход в обучении;
- взаимосвязанное обучение языкам;
- использование билингвальных учебников по общеобразовательным предметам;
- использование внеурочной деятельности для развития коммуникативной компетенции;
- опора на использование социальной языковой среды.

# Осетинский язык, 2 класс
## полилингвальной модели

102–104

**7. Азарæм иумæ!**

**Куыстуарзаг бинонтæ**



| | |
|---|---|
| Нана **хъуылæг цагъта**, | взбивала масло |
| Дада **хуымзæхх къахта**, | копал грядку |
| Таму **сугтæ саста**, | рубил дрова |
| Фари **гуымбыл ахста**, | делала свежий сыр |
| Хади **чъырæй цагъта**, | белила извёсткой |
| Хаби **бæлас сагъта**, | сажал дерево |
| Лади **кæсаг ахста**, | ловил рыбу |
| Мæди **уынгтæ марзта**. | подметала улицу |





2 класс

# Как лучше жить?

**Лев Толстой**

**Куыд хуыздæр цæргæ у?**

Иу лæг загъта, мæн, дам, фæнды афтæ цæрын, знæгтæ мæ тæрсгæ куыд кæноой.

Иннæ та загъта, хуыздæр у афтæ цæрын, знæгтæ дæ тæрсгæ куыд кæной, хæлæрттæ та – уарзгæ.

Æртыккаг та загъта:

– Хуыздæр у афтæ цæрын, знаг дын куыд нæ уа, иууылдæр дæ хæлæрттæ куыд уой.



5 класс

# Маленький принц

## Антуан де Сент-Экзюпери



2 класс

# Мультфильм «Грибок-теремок»

**Мыст**: Рауай.
*(Мыст, гæлæбу, мæлдзыг, сырддонцъиу зарынц.)*
Ам цыппарæй бадæм мах,
Бадæм мах, бадæм мах,
Уарынæй æмбæхсæм мах,
æмбæхсæм мах…

**Мышка:** Иди.
*(Мышка, бабочка, муравей, воробей поют.)*
Льется дождь, грохочет гром,
грохочет гром, грохочет гром.
Хорошо нам вчетвером,
вчетвером.




Этапы формирования
российской гражданской идентичности
в рамках полилингвальной модели поликультурного образования
Российская
гражданская
идентичность
Присвоение культурных
ценностей мировой цивилизации
Усвоение культурных традиций
многонационального народа РФ
Формирование этнокультурной идентичности

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

***Калоты Тамарæ,***
***Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆМ

*Темæ: «Номдар»*

*1. Конкретон æмæ иппæрдон номдартæ дыууæ цæджындзæй рафысс.*

Уазал, хъысмæт, хъама, бæлас, зындзинад, хох, адзал, къæдзæх, æгъдау, æфсарм, хос, хуым, хъæр, фарн, ныфс, худ, сæрбæттæн.

*2. Хуымæтæг æмæ вазыгджын номдартæ дыууæ цæджындзæй рафысс.*

Фæндаг, усгур, лæгдзинад, къахвæндаг, цæхæрадон, сæрдасæн, цырддзаст, рынчындон, сæрвасæн, хъусцæг, цъиусур, зынвадат, æхсæвиуат, кафæг, фæндаггон, æмгардзинад, цæхдон.

*3. Арæзтон хауæны æмæ Иртæстон хауæны дзырдбæстытæ дыууæ цæджындзæй рафысс.*

Дыууæ къордæй, тыгъд быдыртæм, фыды уæзæгмæ, æнусон цъititæм, бæрзондæй фæлгæсы, зæгъын дын æргомæй, амондджын бинонтæм, фæлмæн къухтæй

*4. Разæфтуан æмæ фæсæфтуаны фæрцы арæзт номдартæ хицæнтæй рафысс.*

Æмзонд, æмбисонд, рæдыд, æмбойны, цæрæгой, лæггад, æмуд, хъармад, рæстдзинад, æмгуыст, кæркдон, æмкъай, æмарæзт, хæларад, æмсиахс, уисой, хуызæг.

*5. Хъуыдыйæдты сбæлвырд кæн миногонтæ.*

1). Тæппуд æртхъирæнтæ, æдас ран куы вæййы, уæд кæны (æмб).

2). Тæппуд адæймагæй дæхи дардмæ лас (æмб).

3). Зонджын йæ алы ныхасыл дæр бирæ хъуыды кæны (æмб).

4). Зонджын лæг гыццыл дзуры, æдылы та дзæнгæда цæгъды (æмб).

5). Ирон хъуамæ баззайа иронæй.

6). Нæ фыдæлтæй нын баззад бирæ ирон æгъдæуттæ.

7). Æдылы сæр къæхтæн – фыдæбон (æмб).

8). Æдылыйы фæндаггаг раздæр фæхæрынц (æмб).

9). Æдылы фарст раттынæй æнæбафæрсын – хуыздæр (æмб).

*6. Хъуыдыйæдтæ раст фæткыл равæр, цæмæй сæ текст рауайа.*

А. Хур арвы астæумæ схæццæ æмæ æврæгъты æхсæн аныгъуылд.

Æ. Фысфосы дзуг рындзыл сынæр цæгъдгæ ривæд кодтой.

Б. Фыййау къæдзæхы аууон йæ нымæтыл бадти æмæ уадындзæй кадæг нывæзта.

В. Уыдис уалдзæг.

Г. Бодз йæ сæргъы æлдарау лæугæ фæйнæрдæм фæлгæсыд.

*7. Номдартæ морфологион æвзæрст ракæн.*

1). Мыггагæй мæ ма фæрс, уæздан лæг нæ дæн (Къ).

2). Ацыдтæн зад хуымтыл, хосгæрстмæ схæццæ дæн (Къ).

*Темæ: «Миногми»*

*1. Миногмитæ фæбæрæг кæн.*

| | |
|---|---|
| а) ласын | в) судзын |
| æ) æхсад | г) дзуринаг |
| б) къахт | д) æлхæнæг |

*2. Миногмитæ афонтæм гæсгæ дыууæ цæджындзæй рафысс.*

а) найæг, марзт, ивылд, сæттæг, æфсæст, æмбæрзт, тауæг, хосгæнæг, фосдарæг, уæрст, рывд, æлхæд.

*3. Миногмитæ фæнысан кæн.*

| | |
|---|---|
| а) æргъæвст цъиу | г) сыгъдæг агъуыст |
| æ) æргъæвст митæ | д) сыгъдæг зæрдæ |
| б) хæрзконд чызг | е) сыгъд бæстæ |
| в) хæрзконд хуым | и) сыгъд кæрдзын |

*4. Миногмитæ фæнысан кæн.*

1). Донæй хæрд ададжы был тæссаг у цæрынмæ.

2). Кусджытæн арбахастой хæрд æмæ дон.

3). Куыст хуымтæй систой бæрзонд тыллæг.

4). Куыст адæймагæн зæрдæйы рухс у (æмб.).

5). Æфхæрд адæм нал быхсынц цагъайраджы цардæн.

6). Æфхæрд зын ныббарæн у.

*5. Сбæрæг кæн миногмиты афон.*

1). Нарт æппæлд адæм уыдысты.

2). Уайсадæг чындзау мæм ноджы ныкъкъæмдзæстыг (Къ).

3). Калинаг фæллой никæмæ ис (æмб.).

4). Нарт кадыл мæлæг уыдысты.

5). Æгæр буц хаст фæсмойнаг у (æмб.).

6). Хатын дæм, курын дæ, ма ’рхæсс дæ сæрмæ зæронд мæлинаг æгъдау (Хъамб. М.).

*6. Миногмитæн ныффысс сæ мивдисджытæ.*

1). Ацыдтæн зад хуымтыл, хосгæрстмæ схæццæ дæн (Къ).

2). Дæ фидар фæлтæрд риуæй хъусын хъæрзын.

3). Æдылы дзурæгмæ дæсны хъусæг хъæуы (æмб.).

4). Донласт хуылыдзæй нæ тæрсы (æмб.).

5). Байрай, мæ райгуырæн бæстæ,<br>Байрай, цæринаг Цæгат (Хъ. Мыс.).

6). Фадинаг ставд хъæдтæ иу иннæйы фæдыл згъордтой коммæ (Æгъуызарты Æ.).

*7. Миногмитæ морфологион æвзæрст ракæн.*

1). Йæ кæстæртæ кæмæ нæ хъусынц, уый уынаффæгæнæгæн нæ бæззы (æмб.).

2). Кæй барвитон курæг?<br>Кæй та равдæла? (Къ).

*Темæ: «Фæрссагми»*

*1. Фæрссагмитæ фæбæрæг кæн.*

| | |
|---|---|
| а) хаст | в) цæуæг |
| æ) хъавгæ | г) цæугæйæ |
| б) зилгæйæ | д) фæзмæ |

*2. Æннæххæст æмæ æххæст хуызы фæрссагмитæ дыууæ цæджындзæй ныффысс.*

Хæргæйæ, радзургæйæ, тыхсгæ, тæхгæйæ, æрбадгæйæ, æрбатæхгæ, тындзгæ, фæхудгæйæ, фидаугæ, бафидгæйæ.

*3. Фæбæрæг кæн вазыгджын фæрссагмитæ.*

а) хъуыдыгæнгæйæ г) хъыгдаргæйæ
æ) аудгæ гъ) мырмыргæнгæ
б) æвдисгæйæ д) ласгæ-ласын
в) хæргæ-хæрын дж) змæлгæйæ

*4. Сбæлвырд кæн фæрссагмиты хуызтæ.*

| фæрссагмитæ хъуыдыйады | æххæст хуыз | æнæххæст хуыз |
|---|---|---|
| 1) Адæмы фæзмгæйæ, иу хатт мæ ерæдзыпп ахастон тулдзджынмæ мемæ (Къ). | | |
| 2) Кæм кафгæ, кæм заргæ æмбырдтыл зылдтæн. (Къ). | | |
| 3) Устытæ, лæгтыл фембæлгæйæ, сæхи æфсæрмхуызæй аиуварс кодтой. | | |
| 4) Ахмæт йæ фос æртардта æмæ Айссæйы дзыназгæ æрæййæфта (Секъа). | | |
| 5) Галиу рихи аздухгæйæ, зулмæ бадзырдта Мырзæгмæ (К. А.). | | |
| 6) Мад, фæлмæн бахудгæйæ, сывæллоны æрбахъæбыс кодта | | |

*5. Мивдисджытæй сараз æнæххæст æмæ æххæст хуызы фæрссагмитæ æмæ сæ дыууæ цæджындзæй рафысс.*

Уынын, амонын, хауын, сидын, зырзыр кæнын, смудын, тилын, арфæ кæнын, тагъд кæнын, цæгъдын, бæрæг кæнын, уынаффæ кæнын, тонын.

*6. Вазыгджын мивдисджытæй сараз фæрссагмитæ.*

| вазыгджын мивдисджытæ | фæрссагмитæ |
|---|---|
| 1) ленк кæнын | |
| 2) тын уафын | |
| 3) хæринаг кæнын | |
| 4) дыв-дыв кæнын | |
| 5) æфсæрмы кæнын | |
| 6) тагъд кæнын | |

*7. Хъуыдыйæдтæ рафысс, къæлæттæ гом кæнгæйæ.*

1) (Æнæ) фæкæугæ, (æнæ) фæхудгæ сæм чи лæууыди (Къ.).

2) Мулдарты Къæбутдзæф иудзæвгар фæлæууыд (æнæ) ахаугæйæ, стæй ныггуыпп кодта уымæл кæрдæгыл (Къ. Ал.).

3) (Згъоргæ, згъорын) сывæллон йæ къах цæуылдæр скъуырдта.

4) Æддæмæ (нæ) кæсгæйæ, зæронд лæг бирæ рæстæг фæхъуыды кодта уыцы цауыл (газет).

5) Хæмæтхъан (æнæ) дзургæйæ бады æмæ хъусы дзурджытæм (М. Дæбе).

*8. Фæрссагмитæ морфологион æвзæрст ракæн.*

1) Сæниатыл ирон æгъдау фæуæлахиз æмæ æхсидгæ здыйау аныхъуырдта йæ маст (Хъуылаты С.)

2) Тар хъæды иу саг, пырхкалгæ йæ уонтæй, уынæргъгæ уади. (Къ.)

***Тестытæ ирон литературæйæ***
***1-аг вариант***

1. Уацмыстæй романтикон таурæгъ у
а) Хетæгкаты Къоста «Хетæг»
æ) Барахъты Гино «Азджериты Куыцыкк»
б) Æгъуызаты Иуане «Алгъуызы мæлæт»

2. Радзырд «Мады зарæг» ныффыста
а) Джусойты Нафи
æ) Цæгæраты Максим
б) Гаглойты Владимир

3. Сонеты жанрæй фыст у
а) Хетæгкаты Къостайы «Фатимæ»
æ) Токаты Алиханы «Цыкурайы фæрдыг»
б) Нигеры «Фæстаг хъæбыс»

4. Брытъиаты Елбыздыхъо драмæ «Дыууæ хойы» ныффыста
а) Дзæуджыхъæуы реалон скъолайы
æ) Назраны фидары
б) Цхинвалы педагогон институты

5. Драмæ «Дыууæ хойы» æвдыст æрцыд
а) уарзондзинад
æ) мидхæсты темæ
б) сылгоймаджы хъысмæт

6. Драмæ «Дыууæ хойы» ныхæй-ныхмæ æрлæууыдысты дыууæ æхсæнадон къорды
а) мæлинаг æгъдæуттыл чи хæцы
æ) æлдæртты ныхмæ тохгæнджытæ
б) сæрибарыл тохгæнджытæ
в) хъæздыгдзинадыл тохгæнджытæ

7. Драмæ «Дыууæ хойы» сæйраг архайæг хоты нæмттæ сты:
а) Сæниат г) Хансиат
æ) Асиат д) Хангуассæ
б) Айссæ е) Ханиффæ

8. Драмæ «Дыууæ хойы» хоты сæрыл сау тыхты ныхмæ тохы бацыдис

а) Тæтæрхъан б) Хъамболат
æ) Мусон в) Буцæ

9. «Адæмæн сæ рæсугъд уæттæ хъармæй, райдзастæй лæууынц,
Махæн та нæ сывæллæттæ уазал лæгæтты кæуынц (Къ).

Ацы рæнхъыты пайдагонд цæуы
а) гиперболæйæ
æ) антитезæйæ
б) олицетворенийæ

10. «Лæппуйæ базæрондмæ цардтæ
Мæстджынæй адæмы мæстæй:
Æхсæв цырагъдарæй фæхаттæ
Хæларæй, уарзонæй, рæстæй… (Къ.)

Ацы рæнхъытæ æмбæлынц æмдзæвгæ
а) «Чи дæ?»-йы
æ) «Ракæс»-ы
б) «Хъуыбады»-йы
в) «Марды уæлхъус»-ы

11. Лæвæрд уацмыстæй драмæ у
а) Хетæгкаты Къоста «Фатимæ»
æ) Брытъиаты Елбыздыхъо «Хазби»
б) Къубалты Алыксандр «Æфхæрдты Хæсанæ»

12. «Абон Ирыстоны чызджытæ цæгъдынц уæ кады зарджытæ, исчи уæ куы фæрæдийа, уæд та сцæгъддзысты уæ худинаджы цагъд. Дарут уый уæ зæрдыл алы сахат дæр».
Ацы рæнхъытæ сты
а) Агънаты Гæстæны «Фæстаг бæх»-æй
б) Æгъуызарты Æхсарбеджы «Куырды фырт»-æй
в) Фæрнион Къостайы «Уады уынæр»-æй

### *Тестытæ ирон литературæйæ*
### *2-аг варинт*

1. Поэтикон фæрæз рефренæй кæцы уацмысы пайдагонд цæуы?
а) Гæдиаты Секъайы æмдзæвгæ «Чермен»-ы
æ) Плиты Грисы балладæ «Авд цухъхъайы»
б) Хетæгкаты Къостайы кадæг «Хетæг»-ы

1. Ирон драмæйы фыд уыдис
а) Токаты Асæх
æ) Туаты Дауыт
б) Брытъиаты Созырыхъо

3. Кадæг «Азджериты Куыцыкк»-ы автор у
а) Гафез
æ) Барахъты Гино

б) Гаглойты Владимир

4. Ирон дзырды зæрингуырдыл нымад уыд
а) Кочысаты Розæ
æ) Коцойты Арсен
б) Гæдиаты Цомахъ

5. Коцойты Арсены уацмыстæй мидхæсты темæ æвдыст цæуы
а) радзырд «Мырзæджы карьерæ»-йы
æ) радзырд «Æнæном радзырд»-ы
б) радзырд «Саломи»-йы

6. Коцойты Арсены уацмысты сауджынтæ, моллотæ æмæ дæсныты ныхмæ тох æвдыст цæуы
а) радзырд «Хæлæрттæ»-йы
æ) радзырд «Æнхъæл нæ уыдысты»-йы
б) радзырд «Дадолты мæт»-ы

7. Коцойты Арсены сфæлдыстады ирæд исыны фæстиуджытæ æвдыст цæуынц
а) радзырд «Гигойы куадзæн»-ы
æ) радзырд «Афтæ дæр вæййы»-йы
б) радзырд «Цуанонтæ»-йы

8. Коцойты Арсены уацмыстæй ахуырдзауы мæгуыр царды уавæртæ æвдыст цæуынц
а) радзырд «Æнæном радзырд»-ы
æ) радзырд «Декрет»-ы
б) радзырд «Ханиффæйы мæлæт»-ы

9. «О Ирыстон! О мæ мæгуыр адæм!
Хъусын, хъусын дардмæ дæр дæ хъæр.
Æмæ абон æз дæумæ кæд дард дæн,
У уæддæр дæ сæрвæлтау мæ сæр».

Ацы рæнхъытæ сты
а) Плиты Грисы трагеди «Чермен»-æй
æ) Къубалты Алыксандры кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йæ
б) Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Къоста Херсоны»-йæ

10. Фантастикон уацмыс у
а) Хъуылаты Созырыхъойы «Номылус»
æ) Тлатты Хохы «Фын»
б) Цæгæраты Максимы «Мады зарæг»

11. «Хоры къутуйау йæ тæнтæ,
Бинаг был – кæфой» (Къоста)
Ам автор пайда кæны:
а) рефренæй
æ) гиперболæйæ
б) аллегорийæ

# СИСТЕМОН-АРХАЙДОН ТЕХНОЛОГИ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ

Ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ, урокты рæстæг пайда кæнын хъæуы системон-архайдон технологийæ, кæцы домы, цæмæй урочы скъоладзаутæ хибарæй фылдæр архайой, фылдæр хибарæй кусой, хатдзæгтæ кæной.

Урочы пълан фысгæйæ дæр фæнысан кæнын хъæуы, цавæр универсалон ахуырадон архæйдтытыл (УАА) дзы куыст цæудзæн, уый.

Ацы таблицæ мыхуыр кæнæм ахуыргæнæгæн æххуысæн. Бæрæггонд дзы цæуы, УАА урочы цавæр куысты хуызты фæрцы райрæзын кæнæн ис, уый.

АКЗУ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæ дарддæр дæр кусы, ног стандарты домæнтæ ахуырты рæстæг куыд æххæст кæнын хъæуы, уыцы фарстатыл. Нæ куысты æрмæджытæ мыхуыргонд цæудзысты журналы иннæ номырты.

| *Куысты хуызтæ* | ***Цавæр универсалон ахуырадон архæйдтытæ рæзын кæны?*** | ***Цавæр информацион коммуникативон технологитæй пайдагонд цæуы?*** | ***Дзуæппытæн аргъ кæнын*** |
|---|---|---|---|
| *Аудировани:*<br>байхъусын цалдæр чысыл текстмæ, сæргæндтæ сын равзарын; иу сæргонд дзы — уæлдай у, ссарын æй | 1. Логикон<br>2. Удгоймагон<br>3. Регулятивон.<br>4. Коммуникативон. | Тексттæ, иллюстрацитæ тексттæм. | Хи дзуапп сбæрæг кæнын, хи рæдыдтытæ ссарын, сраст сæ кæнын. |
| Иллюстрацимæ гæсгæ базонын, тексты ныхас цæуыл цæуы; текстмæ байхъусын, фæрстытæн дзуапп раттын. | Логикон, коммуникативон | Текст, текстмæ гæсгæ арæзт иллюстраци | Куыд дын бантыст хæс сæххæст кæнын, уый тыххæй радзур. |
| *Монологон ныхасыл куыст:*<br>ахъуыды кæнут, цавæр текст саразæн ис темæмæ гæсгæ. Текст аразгæйæ цавæр дзырдтæй, дз-бæстытæй спайда кæндзынæ? | Коммуникативон<br>Логикон | Интерактивон фæйнæг. | Дæ текст бакæс, дæхæдæг ын аргъ скæн. |
| *Диалогон ныхасыл куыст.*<br>Лæвæрд проблемæйы фæдыл аныхас кæнын. | Коммуникативон. | | Рауади уæ диалог? Истæуыл баныхас кодтат? Дзургæйæ фæрæдыдыстут? |
| *Кæсын.*<br>Сæргондмæ гæсгæ стæй, тексты сæйраг хъуыды чи æргом кæны, ахæм музыкæмæ гæсгæ базонын, тексты ныхас цæуыл цæуы, уый.<br>Текст бакæсын, текстмæ гæсгæ баххæст кæнын таблицæ (зæгъæм, сæйраг геройты архæйдтытæ, сæ мидхарактеристикæ).<br>Таблицæмæ гæсгæ сæйраг геройы тыххæй радзурын. | Миддуне хъæздыг кæнын, логикон, коммуникативон. | Текст, музыкæ. | Тексты сæйраг хъуыды сбæрæг кодтай? Куыд æй раргом кодтай? |

| | | | |
|---|---|---|---|
| *Грамматикæ.*<br>Раиртæст сахуыр кæнын, дæнцæгтæ бахъуыды кæнын.<br>Раиртæст æндæр хуызы (цымыдисаг) радзурын.<br>Раиртæстмæ дæнцæгтæ æрхъуыды кæнын. | Логикон, коммуникативон. | Раиртæстмæ цæттæгонд презентаци. | Раиртæст де 'мкъласонтæн бацамон. |
| Тексты рæдыд сраст кæнын (хъуыдыйæдтæ раст равæрын). | Логикон. | Презентаци. | Текст бакæсын. |
| *Лексикæ.*<br>Текст бакæсын, нысангонд дзырдтæ рафыссын, сæ нысаниуæг сын бацамонын.<br>Дзырдтимæ дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ саразын. | Коммуникативон. | Тексты презентаци. | Де 'мкъласонтæн дзырдтæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын кæ, семæ хъуыдыйæдтæ саразæнт. |
| *Фонетикæ.*<br>Мыр куыд дзургæ у, уымæ байхъусын.<br>Мыр кæм æмбæлы, ахæм тагъддзуринаг кæнæ зарæг (æмдзæвгæ) сахуыр кæнын. | Коммуникативон. | Æмдзæвгæмæ гæсгæ арæзт презентаци. | Урочы ерыс саразын: чи хуыздæр радзурдзæн, азардзæн. |
| *Фыстæг.*<br>Де 'мбалмæ ирон æвзагыл фыстæг ныффысс. | Миддуне хъæздыг кæнын.<br>Логикон.<br>Коммуникативон. | Интернеты писмо ныффыссын | Де 'мбалы фыстæгæн дзуапп ныффысс. |
| Проект.<br>Не скъолайы тыххæй радзур. | Коммуникативон. | Скъолайы къамтæ сисын.<br>Скъолайы равзæрды тыххæй, йæ историйы тыххæй æрмæг ссарын. | Презентаци бахъахъхъæнын.<br>Ерысы хуызы: чи хуыздæр! |
| *Монологон ныхасыл куыст.*<br>Радзырд-презентаци «Мæ хуыздæр æмбал». | Удгоймагон.<br>Коммуникативон. | Презентаци «Мæ хуыздæр æмбал». | Урочы хорз эмоционалон æнкъарæнтæ.<br>Социалон роль — «Æз дæр кæйдæр æмбал дæн». |
| Нæ горæты (хъæуы) уынгты нæмттæ. | Миддуне хъæздыг кæнын. | Компьютерон презентаци, мыхуыргонд æрмæг. | Презентаци бахъахъхъæнын ерысы хуызы. |
| *Лексикæ.*<br>Экраныл цы предметтæ ис, уыдоны нæмттæ зæгъын. | 1. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон. | Ирон национ уæлæдарæсы (рагон хæдзары дзаумæтты) нывты презентаци. Цы у, цæмæн хъæуы? | Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын: кæцы предметты нæмттæ базыдтай? Цы дзы нæ базыдтай? |

| | | | |
|---|---|---|---|
| *Монологон ныхасыл куыст.*<br>Ирон национ уæлæдарæс.<br>Хæс: нæлгоймаджы (сылгоймаджы) уæлæдарæсы тыххæй радзурын, куыд æмæ йæ цæмæй хуыдтой. | 1. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон.<br>4. Удгоймагон. | Скъоладзауты презентацитæ. | Кæрæдзи куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнынц: ныхасы темп, хъæздыгдзинад, растдзинад, презентацийы хæрзхъæддзинад, къордты куыд куыстой. |
| *Диалогон ныхасы рæзтыл куыст.*<br>Уæ зæрдæмæ цы дзаума фæцыд, уый дуканийы балхæнут. Дуканигæсимæ куыд дзурдзыстут, ууыл дæр ахъуыды кæнут. | 1. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон.<br>4. Удгоймагон.<br>5. Коммуникативон | Дзаумæтты презентаци, сæ макеттæ. | Хи дзуапп раст кæнын, искæй дзуапп раст кæнын. |
| Ирон хæринæгтæ.<br>Радзурын иу-дыууæ хæринаджы тыххæй: куыд æй кодтой, цæмæй, цы пайда у. | 1. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон.<br>4. Удгоймагон. | Хæринæгты презентаци. | Чи хуыздæр радзырдта, кæй презентаци хуыздæр у? |
| *Монологон ныхасыл куыст.*<br>Сочинени «Мæ уарзон цæрæгой».<br>Йæ ном ын ма зæгъ, фæлæ афтæ радзур, цæмæй йæ алчи дæр базона, цæй кой кæныс, уый. | 1. Коммуникативон.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон. | Презентаци «Мæ уарзон цæрæгой».<br>Иумæйаг презентаци «Ме ’мкъласонты уарзондæр цæрæгойтæ». | Кæрæдзи куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнынц: ныхасы темп, йæ хъæздыгдзинад æмæ растдзинад; презентацийы хæрзхъæддзинад, къордты куыд куыстой. |
| *Грамматикæ.*<br>Урок куыд цæуы, афтæ таблицæ баххæст кæн:<br>1. Цы зоныс сæрмагонд номдарты тыххæй?<br>2. Цы дæ базонын фæнды сæрмагонд номдарты тыххæй?<br>3. Цы базыдтай сæрмагонд номдарты тыххæй? | 1. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон.<br>4. Коммуникативон. | Грамматикон хæслæвæрдтæ. | Баххæстгонд таблицæ — раиртæстытæ, дæнцæгтæ. |
| *Лексикæ.*<br>Цавæр агъуысты цæрын дæ фæнды? Цавæр предметтæ дзы хъуамæ уа? | 1. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>2. Логикон.<br>3. Регулятивон.<br>4. Коммуникативон. | Интерактивон плакат «Агъуыст», итернетæй ист агъуыстыты къамтæ | Агъуысты предметтæ æрфыссын, сныв сæ кæнын. |
| Æрфыстон текст «Нæ куыдз фесæфт».<br>Хъусынгæнинаг бацæттæ кæнæм. | 1. Коммуникативон<br>2. Логикон.<br>3. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>4. Регулятивон. | Интернетмæ хъусынгæнинаг бацæттæ кæнын (цы йæм бахæссис, цы дзы ныффыссис) | Хъусынгæнинаг бацæттæ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Проект.<br>Ахуыргæнджыты бæрæгбонмæ открыткæ бацæттæ кæнын, ахуыргæнæгæн æй бафыссын. | 1. Коммуникативон<br>2. Логикон.<br>3. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>4. Регулятивон. | Слайдтæ, музыкæ. | Арфæйы ныхæстимæ открыткæтæ раттын (монологон ныхас). |
| Проектон куыст.<br>Нæ горæты (хъæуы, уынджы) пълан-схемæ/макет: уынгтæ сныв кæнын, нæмттæ сын æрхъуыды кæнын, алыхуызон хæдзæрттæ æмæ арæзтадтæ сыл баныхасын. | 1. Коммуникативон<br>2. Логикон.<br>3. Миддуне хъæздыг кæнын.<br>4. Регулятивон. | Ахуыргæнæджы рекомендацитæ, куыд бацæттæ кæнæн ис ахæм проект, уый тыххæй. | Кæрæдзи куыстæн аргъ кæнын: оригиналон хъуыды, хуыздæр оформлени, хуыздæр радзырдта, проекты хæстæ хуыздæр баххæст кодта. |

# МАХ СТÆМ НОГ ФÆЛТÆР...

Ирон æвзаг æмæ литературæйы фидæны ахуыргæнджыты куырдадз – Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон филологийы факультет – хорз æргом здахы, сфæлдыстадон тæваг кæмæ хæццæ кæны, уыцы студенттимæ кусынмæ. Æрыгætты курдиат райрæзынил бирæ фæархайдта номдзыд ахуыргонд, поэт Джыккайты Шамил. Уыцы куыст дарддæр хæццæ кæнынц ирон литературæйы кафедрæйы ахуыргæнджытæ, сæ сæргълæууæг – ***Хъантемыраты Римæ.*** Кафедрæйы кусджытæ æхсызгонæй сæмбæлынц æрыгæтты фыццаг фæлварæнтыл, æппæт хъарутæй дæр архайынц студентты курдиат райрæзынил.

Нæ журналы мыхуыр кæнæм студентты æмдзæвгæтæ. Уырны нæ, алчи дæр сыл кæй бацин кæндзæн. Нæ æрыгон хæлæрттæн та ацы мыхуыр ныфсы хос фæуæд сæ дарддæры куысты.

***Самты Дианæ, 3-аг курсы студенткæ***

***Мад***

Ныййарæг! Дæ уарзтæн нæй ницæуыл ивæн,
Цæй диссаджы зæрдæ æрдз радта дæуæн.
Дæ катай, дæ цин дын æмхуызон æмбарын.
Уæ, макуы уа, макуы, дæ фарнæн мæлæн.

Дæ рæвдыд – æвдадзау, кæрон нæй дæ хæрзтæн,
Ды цардæн йæ фидауц, йæ уды зæлдаг.
Йæ хур дæ, йæ тавæг нæ райгуырæн бæстæн,
Ды радтай мæнæн мæ цардмæ фæндаг.

***Мæ уарзон Ирыстон***

Уарзын дæ, Ирыстон,
Демæ дæн æнгом.
Цардамонд дын фестон, –
Дзурын дын æргом.

Уарзын дæ, Ирыстон,
Раст мæ уды бæрц.
Макуы фæу гæныстон,
Дуджы рохтыл хæц!

Æз дæ цытджын номæй
Карздæр ард хæрын.
Райгуырæн къуым, зон æй,
Риуы дæ хæссын.

Хъуысы та дæ хъарæг, –
Бавзæрстай та зын.
Цалæм аз дæ зарæг
Баивта хъынцъым?!

Уарзын дæ, Ирыстон.
Дæ кадыл – мæ тох.
Ды мæнæн мæ ахстон,
Никуы мæ дæ рох!

***Бететы Фатимæ, 2-аг курсы студенткæ***

* * *

Кæддæрау фембæлдмæ нæ бæллын.
Кæддæрау ’нхъæлмæгæс нæ дæн.
Дæ фæдыл раздæрау нæ цæуын.
Кæддæрау нал кувын дæуæн.

Æз нал дæн уарзæгой кæддæрау.
Дæуыл æз нал бæттын мæ цард.

Нæ судзын стъалыйы тæмæнау,
Йæ уарзтæй алыгъд зæрдæ дард.

Зынаргъдæр нал хонын мæ удæй.
Кæддæрау нал кæуын æдзух.
Фæрыстæн, батадтæн фыдудæй.
Йæ ныфсæй сонт зæрдæ фæцух.

Кæддæрау нал фыссын мæ уарзтыл.
Кæддæрау уарзын нæу мæ бон.
Дæ зондæй бафтыдтæн æз мастыл,
Дæ зондæй нал уадзы фæсмон.

Кæддæрау нал уырнынц ныхæстæ.
Ды уарзтай, зонын æй, кæддæр.
Кæй райса сонт зæрдæ дæ фæстæ?
Нæй махæн иу амонд уæддæр…

***Тæхуды!***

Кæддæры номæн нал бæззæм хæссынæн.
Кæддæры фарнæй нал ыстæм бæрзонд.
Цы ма хъæуы ныры рæстæг цæрынæн?
Кæй ма хъæуынц нæ фыдæлтæ, сæ зонд?

Кæддæрау мах нæ агурæм рæстдзинад.
Æгъдауæн нæм нæ баззади бынат.
Æмхæццæ сты мæнгард æмæ лæгдзинад.
Æмхæццæ сты фæлывд, æфхæрд ’мæ рад.

Нæ хистæр рох у кæстæры зæрдæйæ,
Фæлæ йыл хистæр ауды уæддæр.
Тæхуды, æмæ фен нæ Ир цæргæйæ,
Куыд цард фæрнæй, æгъдауджынæй
кæддæр!

***Ирон дзырд***

Ирон дзырд йе сæфтыл кæуы,
Мæстджынæй хъæр кæны, дзыназы.
Ирон дзырд ивгъуыдмæ цæуы,
Йæ бон куы нал у, нал фæразы!

Мæ адæм, ракæсут уæ цæстæй!
Нæ Ирæн худинаг у фау!
Уæндын уæм дзурын æз мæ мæстæй.
Ахæм ницæйаг стæм, ау?

Мах нæ ратдзыстæм цъæх артæн
Нæ фидауц, не ’взаг æмæ цард!
Хуыцау нæ дætты ахæм бартæ,
Нал дæр сомы, нал дæр кард!

Ис ныл хæс, мæ дзыллæ, зонут.
Уый – нæ æвзагыл хæцын.
Иумæ рухс æнустæм цомут.
Уымæн ма раттæм мæлын!

***Джиоты Замирæ, 3-аг курсы студенткæ***

***Мад***

Ныййарæг мад, ды хъæбулы мæсыг дæ,
Дæуæй фидауы уымæн дæр йæ цард.
Ǽрдзæй лæвар дын у дæ фæлмæн зæрдæ,
Хъæбулы фæндаг чи фæкæны дард.

Ныййарæг мад, ды адджын дæ хъæбулæн,
Æнустæм цæрдзæн дунейыл дæ уарзт.
Дæуæй зынаргъдæр нæй ыскæнæн удæн.
Нæй дын фæразæн иу уысм дæр дæ маст.

Нæ зонын æз дæуæй фæлмæндæр царды,
Фæзæгъын æй æз алкæмæндæр ’ргом,
Куыд уарзын дæу – мæ райдзаст зæрдæ
мады,
Кæй дын хæссын сæрыстырæй дæ ном.

* * *

Утро. Дыханье ветра на щеке,
Светит небо от пожара,
Слышу шепот водопада,
И рыбы плещутся в реке.

Это все – моя Россия,
Она до боли мне близка.
Мы два безбрежных океана,
Мы два соломенных бруска.

***Просьба***

Пройдут года. Я это знаю.
Настанет мой черед уйти,
Но я прошу, не забывайте
Мои наивные стихи.

* * *

Любить – не значит быть рабой,
Любить – не значит быть красивой,

Любить лишь значит быть живой,
А это значит быть свободной.

### *А. А. Блоку*

Стихи твои для нас услада.
Оставил ты нам ценный дар.
Любовь народа – вот награда
С тех пор, как ты поэтом стал.

Ты создал образ Незнакомки,
Его оставил нам в стихах.
Мы все теперь – твои потомки.
И знай, ты будешь жить в веках.

(к 90-летию со дня смерти поэта)

### *Ирыстон*

Цы диссаг дæ, мæ райгуырæн Ирыстон,
Дæ хуры скаст, дæ къæвдайы æртах,
Куы райгуырдтæн, уæдæй фæстæмæ
уарзын,
Скодтон дын мæ зæрдæйы бынат.

Нæ зонын æз нæ царды цалх куыд зилдзæн,
Кæй фæкæндзæн уæлахиз, кæй – æфхæрд,
Фæлæ æнустæм дардзынæн мæ зæрдыл:
Æнæ дæу æз кæй нæ федтаин цард!

### *Цоколаты Екатеринæ, 5-æм курсы студенткæ*

* * *

Фæззыгон дыдзы хур мæ тавы,
Сызгъæрин нывтæй зæрдæ райы.
Бæласы сыфтæр дымгæ давы,
Йæ размæ Терк хъæлдзæгæй уайы.

Мæ рæзты сауæрфыг æруади,
Йæ цæсгом цины цæхæр калы.
Йæ риуы райхæлди сырх уарди,
Уыдтæн æз дæр кæддæр йæ кары…

### *Музыка*

Ты – свет в ночи,
Ты – светоч мира!
Ты – мой алмаз,
Ты – моя лира!
Фантазия…
Ты – вдохновенье!
Ты – музыка,
Любви творенье!

* * *

Временем вера крепка,
Верою скрещены руки.
В памяти мыслей река
Вновь воскрешает звуки.

Звуки немой тоски,
Звуки небесной муки.
Сердце сжимала в тиски
Боль от разлуки.

Кровь не сочилась из ран,
Раны увечьем не стали.
Плавился самообман,
Нервами крепче стали.

Горечь бессонных ночей,
Реки соленой правды
И миллионов свечей
Пламя осушит вряд ли.

Прошлого не вернуть,
Неумолимо время.
Прерван наш звездный путь.
Наши пути – параллели.

Все, что не губит нас,
Делает нас сильнее.
Время меняет масть,
Уже не будет больнее.

В памяти мыслей река
Вновь воскрешает звуки.
Временем вера крепка,
Верою скрещены руки.

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

*Лохты Ритæ,*
*Æрыдоны 1-æм скъолайы*
*ахуыргæнæг*

## ИНТЕЛЛЕКТУАЛОН ХЪАЗТ «ЗОНДАБИТÆ» 5-æм КЪЛÆСТЫ АХУЫРДЗАУТЫ 'ХСÆН

Хъуысы музыкæ. Залмæ кæрæдзи фæдыл æрбацыдысты хъазты архайджытæ. Æрлæууыдысты сценæйы æмæ зарынц зарæг «Зондабитæ». Сбадтысты сæ бынæтты.

*Амонæг:* Абон нæ хъазты архайынц фæндзæмкъласонтæ. Сты цыппар командæйы. 5 «А» къласы командæ «Æртхурон», 5 «Б» къласы командæ «Арвæрдын», 5 «В» къласы командæ «Иры фидæн», 5 «Г» къласы командæ «Скифонтæ». Ныхасы бар сын раттæм.

(Алы командæ дæр дзуры йæ ном æмæ девиз).

*Амонæг:* Райдайæм нæ куыст. Нæ хъазт арæзт у цалдæр хайæ, фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ арæзт сты темæтæм гæсгæ. Сымах, зынаргъ зондабитæ, хъусдзыстут мæнмæ лæмбынæг. Æз кæсдзынæн поэтикон рæнхъытæ, кæцытæм гæсгæ сымах базондзыстут, фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ цавæр темæйыл уыдзысты, уый.

***Хъазты 1-аг тур хуыйны «Фарстæн дзуапп тагъддæр чи ратдзæн?»***

Мæ гыццыл Ир, дæ цæрайæ цæрын.
Дæ рыст – мæ рыст, дæ цин та у мæ цин.
Æдзухдæр мæ дæ хорздзинад фæнды.
Мыггагмæ дæр дæ урс хæхтæм кæсин.

*Амонæг:* Цавæр темæйыл дзурдзыстæм? (Ирыстон)

*Амонæг:* Раст. Уæ алкæй раз дæр ис сырх сигналон светофортæ. Æз фарст куы радтон, уæд зæгъдзынæн дзырд «Рæстæг», æмæ уæ дзуапп дæттынмæ цæттæ чи уа, уый сисæд светофор. Раздæр æй чи сиса, уый дзуапп дætты. Алы раст дзуаппæн дæр лæвæрд цæуы 1 балл.

1. Мах кæм цæрæм, уыцы республикæ куыд хуыйны? (Цæгат Ирыстон).
2. Цавæр ран æрбынат кодта Цæгат Ирыстон? (Хæхты астæу).
3. Ирыстоны цал районы ис? Ранымайут сæ. (8 районы: Алагиры, Ǽрыдоны, Ǽрæфы, Горæтгæроны, Дыгуры, Кировы, Мæздæджы, Рахиз-фарсы).
4. Цы сты паддзахады символтæ? (Гимн, герб, тырыса)
5. Ирыстоны тырысайыл цал хуызы ис? Цы амонынц? (3 хуызы: урс, сырх, бур. Урс амоны сыгъдæгдзинад, сырх – æхсардзинад, бур – фарн, бæркад).
6. Дзæуджыхъæуы астæу цавæр

цæугæдон цæуы? (Терк).

7. Ирон театры раз кæмæн ис цыртдзæвæн? (Хетæгкаты Къостайæн).

8. Нæ горæт Æрыдон цæмæн хуыйны? Раздæр Æрыдоны астæу цыдис Ǽрыдоны цæугæдонæн йæ иу донæфтæн (устье), цыдис змæстæй, абухгæйæ, арæх-иу раивылд æмæ-иу йæ размæ цыдæриддæр фæци, уыдон ахаста. Хуыдтой йæ «Æрра дон», гъе уымæ гæсгæ схуыдтой горæт Æрыдон.)

9. Æрыдоны сæйраг библиотекæ кæй ном хæссы? (Æмбалты Цоцкойы).

10. Уый цардис Хъобаны, хуыдтой йæ «Казбек-гора».Чи уыди? (Хъаныхъуаты Бола).

11. Сымах арæх фæцæут нæ фæлладуадзæн паркыл. Уым ис цыртдзæвæнтæ. Æрыдон йæ кадджын фæллой æмæ хъæбатырдзинадæй чи скадджын кодта, уыдонæн æвæрд сты ацы цыртдзæвæнтæ. Уыдон та сты: ...(Хоранты Созырыхъо, Æмбалты Цоцко, Джыккайты Дакко).

12. Куыд хуыйны Ирыстоны æппæты стырдæр хох? (Хъазыбеджы хох).

13. Цавæр цæугæдæттæ ис Ирыстоны? Чи фылдæр ранымайдзæн? (Терк, Ǽрыдон, Джызæлдон, Камбилеевкæ, Урсдон, Æрæфыдон, Фыййагдон æмæ а.д.).

14. Дзæуджыхъæуы сывæллæтты куклаты театр куыд хуыйны? («Саби»).

15. Цавæр зарæг фæкæнынц лæугæйæ? (Гимн).

### *Хъазты 2 тур хуыйны «Ирон æвзаг – мæ цин».*

*Амонæг:* Зондабитæ, байхъусут та мæм лæмбынæг æмæ зæгъут, цавæр темæйыл кусдзыстæм дарддæр.

Ирон æвзаг!
Æз дæ ныфсæй дæн хъаруджын,
Дæ мæ хотыхты цыргъдæр.
Ахъардтай дзырдгай мæ туджы,
Мады ’хсырау дæ сыгъдæг.

*Амонæг:* Дарддæр цавæр темæйыл кусæм? (Ирон æвзаг).

Хъазты ацы тур арæзт у 2 хайæ: æвзаджы грамматикæ æмæ практикæйæ.Фæрстытæ æмæ хæстæ лæвæрд цæуынц хицæнæй алы командæйæн дæр. Грамматикæйæ алы раст дзуаппæн дæр лæвæрд цæуы 1 балл, практикон хæслæвæрдæн та – 2 баллы.

*Грамматикæйæ фæрстытæ 1-аг командæйæн:*

а) Ирон æвзаджы алфавиты цал дамгъæйы ис? (43).

æ) Уый фæрцы адæм кæрæдзийæн хъусын кæнынц сæ хъуыдытæ, сæ бæллицтæ. Сæ зонындзинæдтæ. Цы у? (æвзаг).

*Грамматикæйæ фæрстытæ 2-аг командæйæн:*

а) Номивæг ***æз*** гуырынон хауæны куыд уыдзæн? (мæн, мæ).

æ) Ацы фондз æмбалы фæрцы арæзт æрцæуы дзырд. Базонут-ма сæ. (Кæрон, бындур, уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан).

*Грамматикæйæ фæрстытæ 3-аг командæйæн:*

а) Æз дæн диссаджы дзырды хай. Мæ бон у бирæ. Зæгъæм, иу предметæй рауайын кæнын бирæ предметтæ. Зæгъут, цавæр дзырды хай дæн. (Фæсæфтуан ***т***).

æ) Ирон æвзаджы цал ныхасы хайы ис? (иуæндæс).

*Грамматикæйæ фæрстытæ 4-æм командæйæн:*

а) Ирон æвзаджы цал хауæны ис? (8)

æ) Хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ цавæртæ вæййынц? (хуымæтæг, вазыгджын).

*Практикон хæслæвæрдтæ командæтæн:*

1. Алы командæйæн дæр лæвæрд цæуы ахæм хæслæвæрд.

Ацы дамгъæбæстытæй алкæмæ дæр разæй æфтаут иугай дамгъæтæ, цæмæй сæ рауайа дзырдтæ. Чи тагъддæр æмæ фылдæр ныффысса, уый райсдзæн æппæты фылдæр 4 баллы, иннæтæ – 3, 2, 1 балл. Лæвæрд цæуы 2 минуты.

а) 1-аг командæйæн: ……*он* (бон, дон, гон, зон, рон, хом,……..).

æ) 2-аг командæйæн: ……..*ард* (дард, зард, кард, мард, цард…..).

б) 3-аг командæйæн: ………..*ад* (бад, зад, кад, мад, над, рад, тад, уад, цад….)

в) 4-æм командæйæн: …………..*ом* (гом,

дом, ком, ном, сом, хом, цом….).

2. Нымæцонтæ куыд зонут, уый сбæрæг кæндзыстæм. Алы командæйæн дæр æвдыст цæуынц мыхуыргонд нымæцтæ. Хъæуы сæ раст бакæсын.

а) 1-аг командæйæн: 279, 7777.

æ) 2-аг командæйæн: 391, 6299.

б) 3-аг командæйæн: 455, 8111.

в) 4-æм командæйæн: 567, 9999.

3. Ныр та алы командæ дæр хъуамæ ныффысса вазыгджын дзырдтæ. Алы дзырдæн дæр дæттæм 1 балл. Минутмæ фылдæр дзырдтæ цы командæ ныффысса, уый рамбулдзæн.

4. Ныхасы хæйттæ куыд зонут, уый раиртасынæн уын – базон-базонтæ. Алы раст дзуаппæн дæр – иу балл.

а) 1-аг командæйæн:

Дунетыл нæй мæнæй фылдæр,
Цæрын æмбæлттимæ æнгом.
Ныхасы хæйттæн дæн сæ сæр,
Хæссын æз предметæн йæ ном (номдар).

æ) 2-аг командæйæн:

Йе 'ууæл номдарæн æвдисын,
Уый цæмæй зына æргом,
Бирæ хæстæ химæ исын,
Базон ма, куыд у мæ ном (миногон).

б) 3-аг командæйæн:

Номдартæн сæ нымæц 'вдисын,
Стæй сæ рæнхъæвæрд дæр раст,
Иуварс сæ мæхи нæ исын,
Алкæддæр дæн семæ баст (нымæцон).

в) 4-æм командæйæн:

Дæн сæрыстыр æз мæхицæй!
Ном, æууæл æмæ нымæц,
Цæрын сымахимæ æмхицæй,
Æппын нæ зонын фæлмæц (номивæг).

5. Алы командæйæн дæр лæвæрд цæуы иу дзырд, бацамонут ын йæ нысаниуæг.

а) 1-аг командæйæн: Дзырд «Сапп» (къуыбыр).

æ) 2-аг командæйæн: Дзырд «Уæзæг» (хъæубæстæ, фыды зæхх).

б) 3-аг командæйæн: Дзырд «Стæр» (хæстон балц).

в) 4-æм командæйæн: Дзырд «Къалати» (уый у кълеткæ, кæнæ уисæй быд, кæнæ æфсæйнагæй).

6. Уæ алкæй раз дæр ис таблицæйы хуызы къæпхæнтæ. Хъазт дæр афтæ хуыйны «Къæпхæнтæ». Чи тагъддæр æрхиза «асины къæпхæнтыл», уый рамбулдзæн. Дзырдтæ хъуамæ уой номдартæ номон хауæны æмæ иууылдæр райдайой иу дамгъæйæ. Лæвæрд цæуы 1 минут. Алы дзырдæн дæр лæвæрд цæуы 1 балл.

а) 1-аг командæйæн: дамгъæ У.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| У | | | | |
| У | | | | |
| У | | | | |
| У | | | | |

б) 2-аг командæйæн: дамгъæ А.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| А | | | | |
| А | | | | |
| А | | | | |
| А | | | | |

в) 3-аг командæйæн: дамгъæ Х.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Х | | | | |
| Х | | | | |
| Х | | | | |
| Х | | | | |

г) 4-æм командæйæн: дамгъæ Б.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Б | | | | |
| Б | | | | |
| Б | | | | |
| Б | | | | |

***3. Хъазты 3-аг тур хуыйны «Адæмон дзургæ сфæлдыстады уацары»***

*Амонæг:* Рахизæм нæ хъазты 3-аг хаймæ. Зондабитæ, байхъусут æмæ зæгъут, цæуыл дзурдзыстæм ныр та.

Адæмон сфæлдыстад – литературæйы бындур.

Адæмон сфæлдыстад – адæмы курдиат æвдисæг.

Адæмон сфæлдыстад – адæмы зæрдæ æмæ зонд.

*Амонæг:* Цæуыл дзурдзыстæм? (Адæмон сфæлдыстадыл).

***3-аг туры фыццаг хай – Базонын,***

***цавæр уацмысæй ист сты ацы рæнхъытæ.***

Раст дзуаппæн лæвæрд цæуы 1 балл.

*1-аг командæйæн:*

«Иу хатт та фæцыдысты фæсивæды дзæбæхтæ стæры, Нартæн сæ гуыппырсартæ дæр семæ, афтæмæй» (кадæг «Батрадз æмæ Тыхы фырт Мукара»).

*2-аг командæйæн:*

«Ралæгтæ сты. Иу бон куы уыди, уæд сфæнд кодтой фæйнæрдæм фæцæуын, æмæ алчи йæ амонд бавзарын» (аргъау «Фаззæттæ»).

*3-аг командæйæн:* «Дада, ахæм суадон дын ссардтам, ахæм, æмæ дзы адæймаг нуазынæй нæ бафсæддзæн, стæй йæм алы дыргъы мыггаг згъæлы» (аргъау «Сарты фырт»).

4-æм командæйæн: «Лæг катайтæ байдыдта, ай кæдæм æрбафтыдтæн, зæгъгæ, стæй сынтæджы бынмæ бабырыди» (аргъау «Раст лæг æмæ зылын лæг»).

***3-аг туры дыккаг хай – Фарстæн дзуапп раттын.***

Фæрстытæ лæвæрд цæуынц æппæт командæтæм дæр.

1. Чи уыдысты æртæ Нарты? (Алæгатæ, Æхсæртæггатæ æмæ Борæтæ).

2. Цæмæй хицæн кодтой æртæ мыггаджы? (Алæгатæ уыдысты лæгæй хорз, кувæг адæм уыдысты. Æхсæртæггатæ уыдысты хъæбатыр мыггаг. Борæтæ та уыдысты фæрныг, мулкæй хъæздыг).

3. Ранымайут адæмон сфæлдыстады хуызтæ. (Аргъæуттæ, кадджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ æмæ уыци-уыцитæ).

4. Кæй æрбахуыдтой æртыккаг хатт хонджытæ Нарты куывдмæ? (Гыццыл Батрадзы).

5. Кувæггагæн Нарты Уырызмæг цы радта гыццыл Батрадзæн? (Æртæ гуыдыны æмæ галы сгуы).

6. Кæй арвыста Сатана Батрадзмæ кадæг «Батрадз æмæ Тыхы фырт Мукара»-йы? (Хъæрццыгъайы).

7. Къуырийы бонтæй Нарты хæцæн бон цавæр уыд? (Майрæмбон).

8. Ацы аргъауы архайынц бирæ сырдтæ.Цавæр аргъау у? («Фаззæттæ»).

9. Сарты фырт цы мæсыгмæ схызти, уый цавæр мæсыг у, кæй у? (Дыууадæс æфсымæры).

10. Аргъау «Раст лæг æмæ Зылын лæг»-ы фæндаггагæн цы рахастой дыууæ лæджы? (Раст лæг рахаста мыдамæстытæ, Зылын лæг та – æнтыдджынтæ).

11. Уый уыди адæмон хъайтар, царди Хъобаны. Кæй кой кæнæм? (Тлаттаты Чермены).

***3-аг туры æртыккаг хай – Базонут, кæцы уацмысмæ арæзт сты ацы иллюстрацитæ.***

Раст дзуаппæн лæвæрд цæуы 1 балл.

***3-аг туры цыппæрæм хай – Базонут, кæцæй сты ацы нывтæ.***

Хæдахуыр артисттæ æвдисынц цыбыр нывтæ. Командæтæй чи уа цæттæ дзуапп раттынмæ, уый хердмæ исы йæ сигналон светофор. Алы раст дзуаппæн дæр – 2 баллы.

***Хъазты 4-æм тур. Раздзогты ерыс.***

*Амонæг:* Размæ хонæм командæты раздзогты. Ныртæккæ сымах сисдзыстут хæлттæ, æмæ базондзыстут, чи кæимæ хъазы, уый. Хъазут дыгæйттæй, уый фæстæ хъаздзысты дыууæ рамбулæг раздзоджы. Фылдæр фæрстытæн дзуапп чи радта, уый фæуæлахиз уыдзæн.

Сценæйы – 2 стъолы дзæнгæрджытимæ. Капитантæ хъусынц фарстмæ. Амонæг куы зæгъа дзырд «Рæстæг», уæд цæттæ чи уа, уый нылхъивдзæн дзæнгæрæг.

***1-аг хъазт (2 капитаны)***

1. Нæ гыццыл къæбиц æнæ дуар. Цы у? (айк).

2. Дзургæ нæ кæны, афтæмæй адæмæн зонд амоны. Уый та цы у? (чиныг).

3. Æмбисонд ахæццæ кæнут. Зивæггæнагæн йæ гуыл ……… (хомæй баззад).

***2-аг хъазт (иннæ 2 капитаны)***

1. Асиатыл авд кæрцы. Цы у? хъæдындз).

2. Дзых ын нæй, афтæмæй дзуры. Цы у? (радио).

3. Æмбисонд ахæццæ кæнут. Æвзæр йæ удæн ……… (тæрсы).

***3-аг хъазт (2 рамбулæг капитаны)***

1. Æнæ къахæй цæуы, æнæ къухæй амоны. Цы у? (сахат).

2. Æнæ фæрæт, æнæ дзæбугæй скæны хæдзар. Цы у? (цъиу).

3. Æмбисонд ахæццæ кæнут. Цæваг галæн йæ ……. (сыкъа сæтты).

*Амонæг:* Нæ хъазт кæронмæ æрхæццæ. Ныхасы бар жюрийы уæнгтæн.

Амонæг дæр кæны хатдзæгтæ, арфæйы ныхæстæ зæгъы сывæллæттæн, жюрийы уæнгтæн. Дæттынц грамотæтæ, зæрдылдарæн лæвæрттæ.

***Уæлæмхасæн фæрстытæ***

1. Зымæг – мæгуыр, сæрд – хъæздыг (бæлас).

2. Зынг нæу, афтæмæй судзы (пысыра)

3. Карк дæлдзæх къуыртт уадзы (картоф).

4. Адæмы æфсады, йæхи – нæ (куырой).

5. Зымæг хæры, сæрд – нæ (пец).

***Уæлæмхасæн æмбисæндтæ***

1. Куыстæн йæ сæр – сындз, йæ бын – сой.

2. Хуры разæй дæр лæг йæ сыхаджы фены.

3. Чи цас федта, уый бæрц зоны.

4. Алкæмæн йе 'гъдау йæ какк у.

***Елдзарты Нателæ,***
***Беслæны 7-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ВИКТОРИНÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙÆ (АРÆЗТ У ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ РАВДЫСТ «СВОЯ ИГРА»-мæ ГÆСГÆ)

Хъазт арæзт цæуы дыууæ турæй. Архайынц дзы дыууæ командæйы. Командæтæн лæвæрд цæуы темæтæ, алы темæ æмæ дзуаппæн дæр æвæрд цæуы хицæн бæрæггæнæн.

*(Баллтæ æвæрд цæуынц фæрстытæм гæсгæ. Зындæр цы фарст у, уымæн æвæрд цæуы стырдæр балл)*

**1-аг туры темæтæ:**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Мыртæ æмæ дамгъæтæ | 10 | 20 | 30 | 40 | 50 |
| Лексикæ | 10 | 20 | 30 | 40 | 50 |
| Фразеологи | 10 | 20 | 30 | 40 | 50 |

**2-аг туры темæтæ:**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Хъæлдзæг грамматикæ | 20 | 40 | 60 | 80 | 100 |
| Текст | 20 | 40 | 60 | 80 | 100 |

Командæтæ радыгай æвзарынц хæслæвæрдтæ. Дзуапп дæттынц дыууæ командæйы дæр. Фæлæ дзуапп раттыны бар фыццаг лæвæрд цæуы, фарст фыццаг чи систа, уыцы командæйæн.

Блиц-фарст куы уа, уæд та дзуапп дæтты командæйæ æрмæстдæр иу скъоладзау. Хъуыды кæнынæн рæстæг лæвæрд нæ цæуы.

Рамбулдзæнис, фылдæр баллтæ кæмæ ис, уыцы командæ.

**Темæтæ æмæ хæслæвæрдтæ**

***1. Мыртæ æмæ дамгъæтæ***

10 ***Пырхытæ дамгъæтæ.***

Дамгъæтæ афтæ равæрын, цæмæй сæ рауайа 10 цæрæгойы номы:

*гъæс, азхъ, гъиæрб, сæгау, ккуæыр, рæгъдз, сыф, грææх, ккра, дзуык.*

20 ***Цавд раст сæвæр.***

*Абон, абана, æвзалы, къæбыла, номдар, къуту, гæлæбу, бæстæ, мæргътæ, хотæ.*

40 ***Ребустæ.***

(Бакæс ребусты дзырдтæ)

*(хицæн сыфтыл)*
















50 ***Куыд хъæздыг у дæ дзырдуат?***

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| к | | | | г |
| | у | | а | |
| | | с | | |
| | æ | | æ | |
| к | | | | г |

1. Литературон уацмыс. (жанр)
2. Сырды ном.
3. Уаты дзаумайы ном.
4. Бырынцъаг фæндаг.
5. Хæрынæн бæзгæ зайæгой.

*(кадæг, рувас, кæсæн, кæлæх, кæрог)*

***2. Лексикæ***

***10 Иннæрдæм. Дзырдтæн зæгъ сæ антонимтæ.***

кæуын –
хъæбæр –
сбырын –
бæрзонд –
рæсугъд –
сау –
маст –
бадын –
лæппу –

30 ***Хъуыдыйад иу дзырдæй зæгъ.***

1. Уидаджы разæй цы дзырды хай вæййы, уый. *(разæфтуан)*
2. Тæрсгæ чи нæ кæны, æхсарджын чи у, ахæм адæймаг. *(хъæбатыр)*
3. Хæдтæхджыты лæууæн бынат. *(аэродром)*
4. Адæмы низтæй чи дзæбæх кæны, ахæм адæймаг. *(дохтыр)*
5. Хъæддаг цæрæгойтыл чи цуан кæны, ахæм адæймаг. *(цуанон)*
6. Кæсаг чи ахсы, ахæм адæймаг. *(кæсагахсæг)*

20 ***Блиц-фæрстытæн дзуапп ратт.***

1. Нæ ныхас цæмæй арæзт у?
2. Æвзаджы æппæт дзырдтæ иумæ куыд хуыйнынц?
3. Дзырдтæ цал нысанонтæ вæййынц?
4. Цавæр дзырдтæ сты синонимтæ?
5. Цавæр дзырдтæ сты антонимтæ?

30 ***Уыци-уыцитæ.***

1. Æнæ фæрæт, æнæ дзæбугæй скæны хæдзар. *(цъиу)*
2. Доны мидæг æгас у, сурыл – мард. *(кæсаг)*
3. Иу лæгæн 12 фырты. *(æфæдз)*
4. Кæрдæг – йæ халæг, дур – йæ аразæг. *(цæвæг)*

50 ***Æмбисæндтæ нывтæм гæсгæ базон.***












***3. Фразеологи***

30 ***Фразеологион дзырдбаст нывмæ гæсгæ базон.***







40 ***Фразеологион дзырдбасты хъуыды бацамон.***

1. Хъуыддæгты йæ фындз тъыссы.
2. Цæлхдуртæ йын æвæры.
3. Тæрхъусы зæрдæ йын ис.
4. Æртæ бæласы астæу фæдзæгъæл.
5. Зæрдæцъæхтæ дзы кæны.

50 ***Сфæлдыстадон хæслæвæрд.***

Фенын кæнын архайдæй, кæнæ та мимикæйы фæрцы:

«Кæцæй мæм æрхаудта?»

«Куыд хæрзад кас у!»,…

*(райсæн ис æндæр исты архайд дæр)*

***4. Хъæлдзæг грамматикæ***

60 ***Морфологион шарадæтæ.***

1. Аппар дзырдтæн сæ фæсæфтуантæ:

- хъæддаг *(хъæд)*
- лыггаг *(лыг)*
- хицауад *(хицау)*

2. Аппар дзырдтæн сæ разæфтуантæ:

ныккæсын *(кæсын)*

сдзурын *(дзурын)*

фæцæуын *(цæуын)*

3. Аппар дзырдтæн сæ кæрæттæ:

чиныджы *(чиныг)*

бæласау *(бæлас)*

хорзæн *(хорз)*

60 ***Блиц-фæрстытæн дзуапп ратт.***

1. Дзырдтæн кæцы хауæны вæййы кæрон-*ыл*?

2. Къуырийы бонтæ фæрсдзырдтæй ранымай, сæ нæмттæ сын ма зæгъ, афтæмæй *(æндæрæбон, æндæрæбоны размæ, знон, абон, райсом, иннæбон, уый иннæбон)*

3. Цы уыдзæн «райсом», æмæ уыдис «знон»? *(абон)*

***80 Не 'взаджы ис 11 ныхасы хайы. Уыдон сты «Æнгом бинонтæ». Алы дамгъæимæ сараз, ног ныхасы хай чи у, ахæм дзырд.***

Зæгъæм:

*Ч* – чызг – *номдар*

*Ф* – фæлæ – *бæттæг*

*Р* – рæсугъд чызг – *миногон*

*У* – уый – *номивæг*

*Б* – бадын – *мивдисæг*

*Д* – дæс – *нымæцон*

*З* – знон – *фæрсдзырд*

*Ц* – мах цурæй – *фæсæвæрд*

*Æ* – æд хызын – *разæвæрд*

*Н* – нæ цæуы – *хайыг*

*Гъ* – гъæй-джиди – *æвастхъæр*

10 ***Дзырдбыд «Куыд зоныс ирон литературæ».***



Дзырдбыды зиллаччыты кæронæй астæумæ бафысс ирон фысджыты сфæлдыстадæй уацмыстæ. Дзырдбыд раст баххæстгæнгæйæ, астæуæй хицæнгонд зиллаччы бакæсдзынæ: «Къоста «Ирон фæндыр».

1. Хетæгкаты Къостайы фыст æмдзæвгæ.
2. Хъайтыхъты Георы æмдзæвгæ.
3. Хетæгкаты Къостайы этнографион очерк.
4. Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ.
5. Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ.
6. Хъайманты Георгийы фыст радзырд.
7. Цæрукъаты Алыксандры фыст æмдзæвгæ.
8. Багъæраты Созыры æмдзæвгæ.
9. Æхполæтты Дзантемыры фыст æмдзæвгæ.
10. Цæгæраты Гигойы фыст æмдзæвгæ.
11. Гаглойты Федыр Захары фырты фæсномыг (псевдоним).
12. Кочысаты Мухарбеджы фыст æмдзæвгæ.
13. Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ.
14. Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ.
15. Боциты Солтаны фыст æмдзæвгæ.
16. Цæгæраты Гигойы фыст æмдзæвгæ.

***Дзырдтæ дзуæппытæн:*** *1 «Ракæс»;2. «Егъау»; 3. «Особа»; 4. «Фесæф»; 5. «Катай»; 6. «Дзафи»; 7. «Цъити»; 8. «Сæрдæ»; 9 «Амонд»; 10. «Цинтæ»; 12. «Хъæмæ» 13. «Зонын»; 14. «Додой»; 15. «Куырд»; 16. «Зарæг».*

**5. Текст**

***80 Блиц-фæрстытæн дзуапп ратт.***

- Цы у текст?
- Куыд хуыйны дыуузæ адæймаджы ныхас?
- Цы у монолог?
- Цы у драмæ?

***80 Дзырдтæ аразæг дамгъæтæй сараз ног дзырдтæ.***

- тæрхъус;
- фæндаг.

***100 Иухуызон дамгъæтæй цы дзырдтæ райдайынц, ахæмтæй хъуыдыйæдтæ сараз.***

*Зæгъæм:*

Уасæг уæле уæлхæдзарæй уасы.
Карк кæрдæгмæ кæркдонæй кæсы.

***100 Ахæццæ кæнут радзырд.***

Æмбæлттæ сфæнд кодтой Нармæ экскурсийы ацæуын. …

*Хъазты кæрон жюрийы уæнгтæ кæнынц хатдзæгтæ.*

***Гугкаты-Томайты Зæлинæ,***
*АКЗУИ-ы методист;*
***Солтанты Джульетæ,***
*АКЗУИ-ы хистæр ахуыргæнæг*

# ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

## 8-æм къласс

1. Кæцы дзырд арæзт у уидаг, фæсæфтуан æмæ кæронæй?
а) нымæттухæг
æ) ныхъхъуыста
б) æмбалдзинад
в) уынаффæдоны

2. Дзырды хæйттæм гæсгæ раст дихгонд кæцы дзырд нæу?
а) цъити-джын
æ) æввахс-дæр-æй
б) æр-лæбыры
в) сусæг-дзинæд-тæ

3. Хицæн къордтæй рафысс, æмхуызон лексикон нысаниуæг цы дзырдтæн ис, уыдон.
Зондджын, адæм, худын, рæсугъд, дзыллæ, згъордта, кæл-кæл кæнын, æмдзæвгæ, тындзыдта, къæдзæх, æмæвæрд, сæрыстырæй, уынджын, куырыхон, хох, сæрбæрзондæй.

4. Дзырд «Сафа» нысан кæны
а) сылгоймаджы ном
æ) уæлæдарæсы хай
б) ирон артдзæсты рæхысы бардуаг
в) зынаргъ дур

5. Фразеологион дзырдбæстытæ синонимтæй баив.
а) Мæ фыдæбæттæ мын дон аласта.
æ) Коммæ кæсын кæстæрæн хорз миниуæг у.
б) Мадæн йæ хъæбулмæ йæ зæрдæ æхсайдта.
в) Рувас худæгæй бакъæцæл.

6. Кæцы дзырды ис рæдыд?
а) æнхъæвзын
æ) сæраппонд
б) æхуысгæнæг
в) къахвæндаг

7. Дзырдтæм синонимтæ ссар.

Аив –
бæрзонд –
тæвд –
хъæздыг –

8. Бæттæг «æмæ»-йы разæй къæдзыг æвæрын хъæуы хъуыдыйады

а) Бады дуры сæр Сослан æмæ алырдæм фæлгæсы.
æ) Госæма æмбырд кодта къæбæртæ, стджытæ æмæ сæ бахаста Хъусойы размæ.
б) Хуыцауæхсæв уыд æмæ дзæнгæрæг адæммæ сидт аргъуаны кæртмæ.
в) Райсомæй изæрмæ къæвда æмæ мит иумæ фæуарыдысты.

9. Фæбæрæг кæн вазыгджын дзырд.
а) лымæндзинад
æ) хъæздыгдзинад
б) къахдзоныгъ
в) амондджын

10. Æмбисæндтæ хъæугæ мивдисджытæй баххæст кæн.
а) Дон фæцæуы, дур….
æ) Æмвæнд адæмæн хох дæр нæ….
б) Уæздан ныхасмæ калм дæр….

в) Æнæ хур æмæ æнæ донæй зайæгойтæ дæр нæ….

11. Фæбæрæг кæн мивдисджыты здæхæнтæ.
а) цæудзынæн –
æ) цæуин –
б) цæуон –
в) цæугæ –

12. Дзырдтæй миногми у
а) кæсын
æ) ахуырдзау
б) донхæссæг
в) фæсивæд

13. Æнæххæст хуызы фæрссагми у
а) бахудын
æ) дзургæйæ
б) рахизгæйæ
в) фехъуыста

14. Сæвæр æрхæцæн нысæнттæ æмæ баххæст кæн цухгонд дамгъæтæ.

Æрæгвæззæг уыди хур адард æмæ хохы цыргъытыл зымæг йæ урс кæрц æрæмбæр (с,з) та иу æхсæв мæй арвыл тыбар-тыбур кодта стъалытæ кæрæдзимæ ху (тт,дт) ысты дымгæ сын фæлмæн хъырны (тт,дт) а.

15. Бацамон фæрсдзырдты арæзт.
а) фыццагау
æ) бадгæ-бадын
б) цырд кусы
в) алырдыгæй

16. Фæрсдзырдтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ дих кæнынц
а) 4 къордыл
æ) 6 къордыл
б) 5 къордыл
в) 3 къордыл

17. Нымæцонтæ дзырдтæй ныффысс.
17, 19, 50, 90, 99, 198

18. Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ сты
а) 4
æ) 6
б) 5
в) 3

19. Дзырдтæй хъуыдыйæдтæ сараз.
а) Нары, астæу, бæрзонд, Хетæгкаты, райгуырæн, Къостайы, хъæу, ис, хæхты.
æ) Сойджын, фæфæразынц, уыгæрдæнты, рæгъæуттæ, фосы, фырнæрдæй, сæ, айсын, нал, къах.
б) Нарты, сты, фæсивæд, хъазæн, фæзы, æмгуыппæй, æрæмбырд.
в) Васо, нæ, у, ирон, ирайнаг, дуджы, æвзагзонынады, æмæ, Абайты, иртасæг, зындгонддæр, тæккæ.

20. Ныффысс чысыл нывæцæн-тæрхон ахæм темæйыл:
«Цавæр хъуамæ уа æцæг æмбал?»

## ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ

### 8 – æм кълас

*1. Æнусон сыгъзæрин уадындз Ацæйæн балæвар кодта*
а) Уастырджи
æ) Æфсати
б) Фæлвæра
в) Елиа

*2. «Лæджы цæст ницы бафсаддзæн сыджыт йеддæмæ...»*
Ацы рæнхъытæ ист сты уацмысæй

а) «Хъуды абырджытæ»
æ) «Хуыцауы азар»
б) «Мачъидон Алыксан»
в) «Уастырджы æмæ æртæ æфсымæры»

*3. Йæ бындур рагон царды æцæгдзинад кæмæн æвдисы, хаттæй-хатт фантастикон элемент дæр кæм вæййы, ахæм адæмон сфæлдыстады аив уацмыс хуыйны*
а) аргъау
æ) æмбисонд
б) кадæг
в) таурæгъ

*4. «Ацы мæсыджы чи бада, æмæ дзы тæссæй чи рахиза йæ хуылфæй, уымæн-иу куыдзы бæлæгъы дон ныччындæуæд…»*
Ацы рæнхъытæ фыст уыдысты:
а) Тогойты мæсыджы фисынил
æ) Хъаныхъуаты мæсыгыл
б) Мамсыраты мæсыгыл
в) Алыккаты мæсыгыл

*5. Зарæг «Задæлески Нана» – йы æвдыст цæуынц*
а) 11-æм æнусы цаутæ
æ) 13-æм æнусы цаутæ
б) 16-æм æнусы цаутæ
в) 18-æм æнусы цаутæ

*6. Метоними амоны*
а) ахаст
æ) ном ивын
б) быцæу
в) ныхмæвæрддзинад

*7. «Æхсæв цырагъдарæй фæхаттæ Хæларæй, уарзонæй, рæстæй…»*
Ацы рæнхъытæ ист сты
а) Мамсыраты Темырболаты æмдзæвгæ «Сагъæс»-æй
æ) Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Марды уæлхъус»-æй
б) Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Азар»-æй
в) Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Тæхуды»-йæ

*8. Азау æмæ Таймуразæн адæм рахастой ахæм тæрхон:*
а) дурты бын сæ бакодтой
æ) хъоды сыл бакодтой
б) амардтой сæ
в) чындзæхсæв сын скодтой

*9. Брытъиаты Елбыздыхъо у*
а) ирон прозæйы бындурæвæрæг
æ) ирон драматурги æмæ театры бындурæвæрæг
б) фыццаг ирон рухстауæг
в) фыццаг ирон публицист

*10. Брытъиаты Елбыздыхъойы фæрцы рухс федта журнал*
а) «Æфсир»
æ) «Хуры тын»
б) «Хурзæрин»
в) «Бонвæрнон»

*11. Брытъиаты Елбыздыхъойы трагеди «Хазби»-йы æфхæрæг æфсад бабырстой*
а) Куырттаты коммæ
æ) Хъобангоммæ
б) Дыгургоммæ
в) Уæлладжыры коммæ

*12. Цавæр фæзминаг миниуджытæ уыд нарты адæммæ?*

*13. Ацæйы фырттæй сыгъзæрин уадындз кæй фæци?*

*14. Кæд рацыд мыхуыры Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр»?*

*15. Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр»-ы сæйраг темæ цавæр у?*

*16. Кæмæн ныффыста Хетæгкаты Къоста йе 'мдзæвгæ «Марды уæлхъус»?*

*17. Цавæр хъуыды æвæрд ис Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Азар!»-ы ацы рæнхъы?*
«Мах бар нал ысты нæ сæртæ!»

*18. Поэт йæ уацмысы цы предметы кæнæ цы цауы кой фæкæны, уый сбæрæг кæныны тыххæй уыцы предмет кæнæ цау сханы йæхи номæй нæ, фæлæ, исты хицæн*

*миниуджытæй йе 'мхуызон чи у, ахæм предметы кæнæ цауы номæй-дзырдæй.*

Ахæм мадзал хуыйны

а) метафорæ

æ) метоними

б) абарст

в) олицетворени

*19. «Секъа уыд æцæг адæмон æмдзæвгæтæ æмæ радзырдты автор, ирон прозæйы бындурæвæрæг, фæлæ, фыццаджыдæр, уый уыд æрдхæрæны адæймаг. Фыссын куыст у. Фæлæ хаттæй-хатт фыссын свæййы стыр сгуыхт. Ацы хъуыддаг базонын кæй фæнды, уый лæмбынæг æркæсæд Секъайы цардмæ».*

*Чи у ацы рæнхъыты автор?*

*20. Халон баргъæвст сындзыл …*
*Уад тымыгъ хæссы.*
*Сау айнæджы рындзыл*
*Нары хъæу хуыссы… (Къоста)*

Скъуыддзаджы пайдагонд цæуы аивадон мадзал

а) олицетворенийæ

æ) абарстæй

б) метафорæйæ

в) пейзажæй

*21. Бафысс фæрсырдæм Къостайы æмдзæвгæты сæргæндтæ.*




*22. Ныффысс сочинени «Æнусон арт – æнусон цыт» (иу хъæбатыры тыххæй).*

Научно-методический журнал

**ПРОСВЕТИТЕЛЬ**
2(2012)

Технический редактор А.Ю.Цопанова
Компьютерная верстка Е.Н.Маслов
Оформление обложки Е.Н.Макарова

Подписано в печать 28.11.2012. Формат 60×84 1/8.
Усл. печ. лист 12,3. Гарнитура «Times».
Бумага офсетная. Печать цифровая. Тираж 500 экз.

Издательско-Полиграфический Комплекс «Литера»
Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362000, г.Владикавказ, пер.Павловский, 3.